Serie No. 317 Hargana f 0.85

Wason
PL5454
H64
ASIA

TJARITA POESAKA

KARANGANANA

Th. J. A. HILGERS.

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
KALOEARAN
BALE POESTAKA

P. DUCRO. UIT.V.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

PR 4764
.A6

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Cornell University Library
PL 5454.H64
Tjarita poesaka.
3 1924 020 676 502

DATE DUE

GAYLORD			PRINTED IN U.S.A.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Serie No. 317

Hargana f 0.85

TJARITA POESAKA

KARANGANANA

Th. J. A. HILGERS

DISOENDAKEUN KOE

M. K. PARTADIREDJA

Goeroe basa Soenda di Sakola Menak

BANDOENG.

KALOEARAN
BALE POESTAKA
1920

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN.

R DUCROS UIT.V.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

EUSINA:

		Katja
I.	Moestari	1
II.	Soekan-soekan	7
III.	Kawinan aja kareuwas	10
IV.	Kahoeroean	15
V.	Ahli toetoeloeng djeung kabageuran	20
VI.	Tambah katjilakaan di Wangkal	25
VII	Akal bangsat	36
VIII.	Pitoeloeng noe teu pisan-pisan dinjana	43
IX.	Bagdja noe teu disangka-sangka	48
X.	Kontrakan Rawa-Tamtoe	57
XI.	Tiloe bangsat	63
XII.	Panoetoep	68

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

I.

MOESTARI.

Baheula di lĕmboer Wangkal bawahan Banjoewangi, aja hidji loerah, ngaranna Moestari, katjida dipikarĕsĕpna koe oerang dinja. Oepama aja noe boga niat, naon bae, teu koe hanteu koedoe nanja heula ka manehna sarta njoehoenkeun dinasehatan. Wantoening djĕlĕma bageur ahli toetoeloeng, toeroeg-toeroeg lampar panjabaan, lĕgok tapak gĕnteng kadek, mindĕng tjampoer djeung Walanda, djadi bisa pisan merean pitoedoeh teh. Teu kadoega nendjo noe mĕsoem-mĕsoem, tjeuk pikirna tangtoe eta djĕlĕma keur manggih kasoesahan, ngan teu kadoegaeun ngomong bae.

Lamoen aja noe boetoeh teu kadoegaeun ngomong, toeloej bae ngadjoeal parena atawa bakona ka Tjina atawa ka oerang Arab, teu njarita heula ka Moestari, eta Moestari sok ngamběk karana ngadjoealna sok moerah.

Kitoe deui oepama aja oerang Arab atawa Tjina asoep ka lĕmboer rek barangbeuli, meuli naon bae, eta Loerah poesingeun katjida, sabab loba noe sok nipoe noe leutik. Da ari koe Moestari mah, lamoen aja oerang lĕmboer rek barangdjoeal, naon bae, saleuwihna tĕdaeunana, sok dipangdjoealkeun ka noe bageur, noe teu moponteng harga; sarta di mana geus dibajar, doeitna dibikeun ka noe boga bahan. Malah loba anoe heraneun, jen bahanna sakitoe pajoena Si somahan teh atoheun sarta katjida tarimaeunana. Sawareh mah sok aja panarimana ka loerah, tapi tara ditampa, omongna: „Kami mah geus tjoekoep, ĕntong make dibere koe maraneh; soepaja maraneh salamĕt bae, geus atoh."

Moestari estoe djĕlĕma tjoekoep, bandana teh tĕgĕs beunang bĕrĕsih pisan. Waktoe oemoer 16 tahoen manehna waloerat pisan, ari kapintĕranana ngan bisa matja djeung noelis saeutik-eutikeun; nja ngamagang di toean Maarten, harita djadi Aspirant-Controleur. Tapi sanadjan djadi magang, ari digawena mah sadjongos bae, itoe tjokot ieu bawa. Sok radjeun oge noelis saeutik-eutikeun, tapi tjarang. Ari kana gawe katjida sarĕgĕpna djeung sagala oeroesan sabĕnĕrna. Toean Maarten njaaheun

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

naker, djaba ti gadjih, sok dipaparin papakean noe harade; ari angkat-angkatan ka mana-mana sok ditjatjandak.

Gadjihna koe manehna sawareh sok ditjengtjelengankeun dina kopër, tara tjara boedjang sedjen, make didjadjankeun kabeh; ieu mah apik kana rëdjëki teh; dadaharan tjoekoep koe paparin toeanna bae, ngareunah ongkoh; djeung ari aja semah sok meunang përësen, pek dibeulikeun ka noe përloe, atawa diteundeun.

Sanggeus toean Maarten kagoengan njonja oge, geus djadi Controleur, manehna teu bidjil, da njonjana oge rësëpeun miara manehna.

Meunang leuwih ti 12 tahoen di toean Maartenna, parëng toeanna teu damang, koedoe titirah ka Nagri-Walanda, atoeh Moestari, nadjan bëtah oge kapaksa koedoe ka loear, da ari miloe mah ka Nagri-Walanda, taja pëtana. Doeit keur meuli imah djeung sawah, moending, tatjan boga, toeloej bae harita ngadjadjapkeun ka Batawi, bari sëdja neangan pagawean. Gantjang meunang pagawean, tapi ingëtanana saolah-olah toetoenggon bae, di mana toeanna moelih ti Nagri-Walanda, rek aboes deui ka toean Maarten bae, karana di Nagri-Walandn, mah ngan baris doea tahoen.

Eta teh kadjadian. Barang geus 2 tahoen di Batawina, dina hidji poë meunang bedja, jen toean Maarten sapoetra-garwana geus soemping deui; geuwat nëpoengan ka losmen. Geus teu kira-kira bae baroengaheunnana barang amprok teh, komo poetra-poetrana toean Maarten mah, samalah dipoentangan diadjak oelin tjara kapoengkoer bae. Ti dinja pindah deui bae Moestari ka doenoengannana bareto, datang ka aja poeloehna deui tahoen, nëpi ka toean Maarten djadi Resident. Geus kitoe aja kërsana moelih ka Nagri-Walanda, baris njakolakeun poetra-poetrana sarta moal ka Djawa-Djawa deui. Moestari katjida ngahëroekna doemeh koedoe papisah djeung doenoengan noe geus karasa kahadeanana. Tapi ajeuna mah geus boga doeit keur meuli lëmboer djeung sawah, moal boeboedjang deui di noe sedjen. Toeloej bae balik ka Wangkal, tëmpatna bali geusan ngadjadi, beuti mëlik pamëlaran. Di dinja meuli lëmboer, njieun imah hade, meuli sawah djeung moending keur ngagarapna. Anakna si Wirio, harita kakara oemoer 12 tahoen, noe baris mantoe-mantoe bapana digawe.

Teu lila, tina kabageurannana, Moestari kapilih djadi loerah di dinja. Atoeh ditoenda tanina teh, sawahna disewakeun; ajeuna mah ngan ngoeroes desa bae djeung djëlëmana, bisi aja kaboetochna atawa kakoeranganana naon-naon.

Koe sabab djëlëma-djëlëma di dinja njaraaheun ka loerahna, hatena talëngtrëm, kana gawe saroehoed, atoeh noe tani loba noe moekti, noe dagang loba noe beunghar; djadi desa Wangkal teh pangsoegihna bae di sa-Banjoewangi mah. Pare kaloearan ti dinja mah panghadena, bako nja kitoe keneh; djeung miarana bako, oerang dinja mah pangbisana bae; kasohor pisan bako Wangkal pangngeunahna, hargana oge leuwih ti di sedjen tëmpat.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Moestari lila-lila kolot, datang ka djadi aki-aki koendang iteuk. Oerang Wangkal kabeh geus salĕmpang bae, nilik sareat, loerahna tangtoe tereh maot, soesah pigantieunana. Poegoeh ari anakna, si Ardjo di Wirio, pĕrtjekana djeung bageurna mah geus tjara bapana bae, tapi leutik keneh, moal beunang didjieun loerah.

Kĕrsa Allah Anoe Kawasa, kasieun djeung kasalĕmpang oerang Wangkal teh kadjadian; kaboekti . . . leuwih tereh ti sangka-anana. Moestari gĕring pajah, ganti poë beuki loengse, ganti isoek beuki ripoeh; doekoen mah doekoen, geus sababaraha ganti, euweuh tapakna, kasakitna anggoer beuki madjoe, nĕpi ka nja-markeun maneh.

Djĕlĕma oerang Wangkal djoeldjol, ngaralajad; noe tjeurik loba, nendjo Moestari sakitoe pajahna. Koemaha atoeh da djĕlĕma teh kabeh geus asa ka bapa bae, ka loerah teh.

Panganggeusan, njampeurkeun si Wirio, ti dinja saoer Moestari kieu:

„Oedjang, ti babaheula bapa teh sabĕnĕrna-satĕmĕnna, tara ngalampahkeun kagorengan, salawasna saestoena, noe matak geus kolot teh ngarasa bagdja. Koe maneh koedoe toeroetan, tangtoe maneh salamĕt. Ari di imah noe mangkoe karahajoean, nja itoe, kĕris, poesaka ti aki maneh; toeh noe ngagantoeng dina tilik. Maparinkeunana waktoe rek poepoes pisan, lahirna: „Bapa teu aja deui titinggal ka maneh, ngan ieu kĕris koedoe ingĕtkeun, ieu teh poesaka. Satoengtoeng ieu kĕris aja di imah maneh mah, tangtoe rahajoe. Ampihan hade-hade; patjoean rek didjoeal, karana moen ka loear ti imah tangtoe sagala hikmatna miloe."

Eta piwoeroek aki maneh koe bapa ditoeroet, sarta kabeh karasa. Sanadjan bapa hĕnteu beunghar, tapi ari malarat mah tatjan ngalakon. Ajeuna eta poesaka teh ragrag ka maneh; ampihan sing hade, sing apik, djieun toelang-tonggong. Oelah ngan ngingĕtkeun tanda mata ti bapa bae, koedoe ingĕtkeun karahajoean djeung kabagdjaan sarerea, salĕmboer ieu di tangtajoe-ngan koe ieu kĕris. Satoengtoeng aja ieu mah, kĕris, di dieu, mokaha, djaoeh balai, parĕk rĕdjĕki."

Geus ngomong kitoe, tajohna bawaning ripoeh reup peureum; teu kadoegaeun deui ngomong. Wirio, bari nendjo teh ka bapana, njoeroetjoed tjipanonna. Beungeut bapana pias moenggah sĕpa. Kawas noe hajangeun keneh ngomong, biwirna oembat-ĕmboet, tapi geus taja tangan pangawasa, teu bisaeun pok. Ditjabak koe si Wirio leungeunna geus tiis pisan. Ambĕkanana beuki kĕndor beuki kĕndor, kĕrĕlĕk bae, Moestari ladjĕng.

Moestari, Loerah Wangkal, tilar doenja . . . . . .

Gĕr awewe tjareurik, baroedak reang ditinggalkeun maot koe sĕpoeh panjaloeoehan salĕlĕmboer, pananggeuhan saimah. Sarerea pada sĕdih, prihatin. Harita keneh bedja geus nĕrĕkab, saantero lĕmboer Wangkal geus pada tĕrang. Djoeldjol noe ngaralajad

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

awewe lalaki, kawantoe bapa sarerea tea. toer sakitoe bageurna, atoeh meh toengkĕb, daratang kabeh.

Pasosore djoeng digotong ka pasarean, dipajoengan agreng, moengah pinoeh, djĕdjĕl djalan gĕde koe djĕlĕma, sarerea pada hajang djadjap ka pasarean. Noe mawa baki pinoeh koe kĕkĕmbangan, djeung koekoes mĕlĕdoeg (1). Sanggeus dikoeboer, djĕlĕma maroelang.

Teu koengsi lila di Wangkal geus ngadjĕnĕngkeun deui loerah, gantina Moestari, noe pangbeungharna djeung pangdipikolotna.

Ari radjakajana Moestari kabeh ragrag ka Wirio, sabab indoengna mah geus maot, heulaeun bapana, djeung manehna teu bogaeun doeloer.

Dĕmi si Wirio djĕlĕma djagdjag pisan; oemoerna harita kira-kira 30 tahoen, kalakoeanana geus sabapana bae, ma'loem pangadjaran bapa djeung prak ditjontoanana, sagala oeroesan, komo kana kabageuran mah djeung lampah saestoena, kabeh noeroen. Tjitjingna di oeroet imah bapana bae, djeung pamadjikan loeloes roentoet, tara aja pantjabagahna; boga anak tiloe, lalaki doea, awewe hidji

Doeit titinggal bapana dibeulikeun kana moending sarakit, harade, barĕdas; roda weuteuh hidji djeung parabot njawah, sapĕrti patjoel, woeloekoe djeung djaba ti eta, niatna rek noeloejkeun njawah djeung ngĕbon bako. Geus kitoe njieun leuit djeung goedang keur ngome bako, dibarantoean koe batoer-batoerna salĕmboer.

Wirio estoe djadi toekang tani ĕnja, ana digawe tĕgĕs plĕngplĕngan, ti isoek nĕpi ka boerit, djeung apik deui ngoeroesna sawah, ngomena djeung ngojosna kĕbon bako teh; moepoena oge lamoen teu atjan meudjeuhna, tatjan prak. Di sadjĕro lĕmboer Wangkal mah teu aja noe noeroeban kadaekna djeung apikna, noe matak parena djeung bakona euweuh noe nanding; saban taoen loba pare djeung bako koe manehna didjoealan.

Loba batoer-batoerna salĕmboer, dina oesoem ngeureut, menta toeloeng pangdjoealkeun bakona ka Wirio. Koe manehna ditoeloeng, da pamakena teh tjara bapana bae, ahli toetoeloeng; atoeh djĕlĕma-djĕlĕma teh tararimaeun. Ma'loem oerang kampoeng teu pati tjampoer tjara Wirio; ari Wirio mah lŏba kawawoeh, bareto sok mimiloe djeung bapana, djeung bisa ngomong deui. Komo ajeuna mah sanggeus matjakal dagang sorangan, koedoe bisa tjampoer djeung oerang Eropa, oerang Arab, oerang Tjina, atoeh kanjahona djeung pĕrtjekana teh beuki tambah bae.

Sanadjan Moestari geus maot oge ari oerang Wangkal mah tĕtĕp sarĕnang, da si Wirio mapan beunang dipake pananjaan, sabapana bae. Di Wiriona, ngarasa bagdja deui djeung sĕnang,

(1) Ĕnja-ĕnjana pikeun agama Islam mah kitoe teh teu hade.
M. K. Partadirĕdja.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

sagala pakarĕpan gampang; dina pikirna, koe watĕk kĕris poesaka tea, titinggal ti bapana. Lain Wirio bae noe boga angkeuhan kitoe teh, sakabeh djĕlĕma bae di desa Wangkal, nĕtĕpkeun, jen eta kĕris gĕde kasiatna. Geura kieu tjaritana tjeuk noe bogana pribadi:

Baheula, kira-kira geus doea ratoes tahoen leuwih, eta kĕris kagoenganana hidji pangeran. Karoehoenna Wirio, ngaranna Rahman, ngagandek di eta Pangeran. Dina hidji mangsa eta Pangeran angkat toeboedjĕng, njandak pirang-pirang pangiring, kĕrsana ngalasan banteng, oentjal djeung mĕntjĕk sarta sadjaba ti eta; di leuweung ngadĕgkeun pasanggrahan keur paragi rĕrĕbna. Barang keur di pangboedjĕngan, Pangeran teh diiring koe Rahman, kasaroeng di tĕngah leuweung. Aproek-aproekan nejangan pasanggrahan tea teu kapanggih; njeungeut bĕdil mah, njeungeut bĕdil, djeung tjotjorowakan, ngarah kadenge koe babatoeran, geus wĕleh.

Ti dinja reup boerit, Pangeran teh palajeun katjida djeung hojongeun toeang deui, ladjĕng ebog handapeun kai. Rahman mah tina rada toeman, aja keneh tanaga. Manehna nendjo djoeraganana sakitoe loengsena, watireun, toeloej madjoe saeutik, neangan soegan aja boeboeahan, tapi loepoet, teu manggih. Kadenge ti kadjaoehan, ngerelekna mah sada-sada tjai ngotjor; tjeuk pikirna: „Tah soegan bae di dinja aja dahar-dahareun". Geus kitoe toeloej disampeurkeun, hese pisan djalanna, make naratas saliara rĕmpĕt pisan. Ari beh teh aja lĕbak leutik, di handapna aja tjai ngelerek. Sisi-sisina loba tjaoe baroeahan. Gantjangna Rahman ngala noe arasak, geuwat boeroe-boeroe balik ka djoeraganana; tjeuk hatena, manaha teuing katarimana koe Pangeran.

Keur kitoe, bĕlĕdag aja bĕdil disada. Dina hate Rahman: „Naha Pangeran, kitoe? Aja naon?" Atawa batoer-batoer njaloekan koe bĕdil? Teu poegoeh pikirannana Rahman. Geuwat moeroe ka tĕmpat ebogna Pangeran tea, bari tjeuk pikirna: „Aja naon di dinja teh? Aja maoeng kitoe? Djoeragan kitoe dirontok maoeng?"

Rahman sadjĕroning madjoe ka hareup, taki-taki, gilig, estoe euweuh kasieun; aja naon bae noe baris njilakakeun ka djoeraganana, moal diambeuan. Tjoetjoek-tjoetjoek noe sakitoe rogokna teh djeung rĕmpĕt deui, teu dirasa, tĕroes bae moro Pangeran tea. Barang datang, Pangeran teh euweuh, ngan kari kĕrisna bae ngagoler; geuwat ditjokot, toeloej gĕgĕroan.

Kadenge tinoe bala aja noe njaharoeroeng, ditema koe noe ngagĕrĕm matak gila katjida, tetela maoeng. Moenggah tjara angin Rahman moeroena ka dinja. Ari beh teh maoeng lodaja, keur njakĕtĕm Pangeran tea, rek dihakan. Tapi maoeng teh geus raheut saeutik beuteungna.

Rahman tĕtĕg hatena, dek dibĕdil, tapi doemadak bĕdil teh teu daekeun beukas. Maoeng barang nendjo noe rek ngabĕdil, sot

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Pangeran, toeloej naradjang. Rahman ngageuwat ngadeukeutan tangkal kai bari njaboet kĕris kagoengan Pangeran tea. Barang geus deukeut, maoeng teh gĕdjos ditĕwĕk boeka kelekna, golepak roeboeh, teu ĕngap deui. Ti dinja Rahman moeroe djoeraganana noe ngagoler pinoeh koe gĕtih.

Kaběněran pangiring-pangiringna noe loba daratang, da riab nareangan, kakara kapanggih harita, keur digoegoeloeng koe Rahman. Gantjang dangdan gotongan, Pangeran dibawa ka dajeuh. Raheut-raheutna teh kaběněran euweuh noe parna, dina doea minggoe geus damang deui.

Rahman meunang pamoelang tarima gĕde katjida, sabab sakitoe belana; moen euweuh manehna mah sareatna Pangeran teh meureun dihakan maoeng.

Ari panarimana, kĕrisna tea bae dipaparinkeun. Atoeh Rahman soeka boengah katjida, geus taja hinggana meunang hormatan gĕde.

Da moenggoehing oerang Djawa aja kapĕrtjajaan kana kĕris, lamoen geus dipake maehan maoeng, eta dianggĕp loehoeng. Noe matak pantĕs Rahman katjida atoheunana.

Barang Rahman maot, kĕris teh ragrag ka anakna, tĕroes toeroen-toemoeroen nĕpi ka Wirio. Eta teh djadi poesaka gĕde, sabab kapĕrtjajaan djĕlĕma, pakarang noe hade mah, komo noe aheng, beunang dipake panjinglar, atawa panoelak sagala bahla, watĕkna matak rahajoe salĕlĕmboer, matak bagdja sadjadjagat. Eta Wirio sagala kasalamĕtan kabagdjaan teh angkeuhna pĕrwatĕk eta bae, kĕris tea. Geura ieu ka hareup aja tjaritaannana, noe matak beuki parageuh bae kapĕrtjajaannana kana pakarang teh (1).

(1) Dina agama Islam mah teu hade soemende lian ti ka Toehan teh. M. K. Partadiredja.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

II.

SOEKAN-SOEKAN.

Di lémboer Wangkal kabénéran keur oesoem diboeat, oenggal isoek ngabroel awewe-lalaki, kolot-boedak, ka sarawah rek diboeat. Garétol pisan diboeatna, sakitoe poë bangétna teh, kana beungeut moenggah asa direrah, teu dihiding, abong-abong geus taroeman.

Moen oerang, moal koeat lila, ari ieu mah kawas anggoér rarésépeun, malah tarimaeun kana panas kitoe teh, sabab njarahoëun, jen panas teh matak hade kana pépélakan, kana piboeateun. Dina oesoem dadaharan, broel kabeh ka saoeng oeroet ngagébahan manoek. Gek sarila ngalingkoeng, ngareunaheun pisan daladaharanana.

Estoe katjida pikeun oerang Priboemi mah ana diboeat teh, saroeka atina, pada ngarasa asa pangbeungharna, asa pangbagdjana bae ti antero machloek. Komo oerang Wangkal mah, noe tjaroekoepna, ngagalédekeunana soekan-soekan, palohara.

Ari sore, bada asar, baralik bari marawa eundan. Ti kadjaoehan keneh geus kadenge sora gamélan di lémboer, beuki deukeut beuki tetela, matak résép. Ari djol datang, rép tatabeuhan teh sakeudeung, sihoreng rek ganti lagoe, kébodjiro, ngabageakeun.

Noe maréntas diboeat teh toeloej nareundeun eundanna geus kitoe pek marandi di waloengan, ari méntas mandi, toeloej dangdan, papakean bérésih, téroes kana soekan-soekan. Di dinja roepa-roepa aja noe njarita, aja noe seuseurian, saroeka ati. Teu lila, djol baroedak awewe tarégép, ngabagikeun roko djeung kadaharan.

Kitoe bae oerang lémboer teh, pepestaan sababaraha peuting.

Sanggeus pare ngampih kabeh djeung bako dina leuit djeung di goedang sababaraha toempang, aja noe dihear-hear keneh dina kadjang, sawareh, eta oerang lémboer mah geus, bae: asa pangbagdjana bae, di alam doenja teh. Teu salémpang inggis kakoerangan, sabab diboeat sakitoe paréngna, malah loba leuwihna tina baris dahareun, sarta didjaroeal. Wirio oge nja kitoe. Meh salawasna diboeatna oentoeng Pamadjikanana djeung anak-anakna tjalageur, haroerip, komo Wiriona mah, djagdjag, daek. Tjeuk

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Pangeran, toeloej naradjang. Rahman ngageuwat ngadeukeutan tangkal kai bari njaboet kĕris kagoengan Pangeran tea. Barang geus deukeut, maoeng teh gĕdjos ditéwĕk boeka kelekna, golepak roeboeh, teu ĕngap deui. Ti dinja Rahman moeroe djoeraganana noe ngagoler pinoeh koe gĕtih.

Kaběněran pangiring-pangiringna noe loba daratang, da riab nareangan, kakara kapanggih harita, keur digoegoeloeng koe Rahman. Gantjang dangdan gotongan, Pangeran dibawa ka dajeuh. Raheut-raheutna teh kaběněran euweuh noe parna, dina doea minggoe geus damang deui.

Rahman meunang pamoelang tarima gĕde katjida, sabab sakitoe belana; moen euweuh manehna mah sareatna Pangeran teh meureun dihakan maoeng.

Ari panarimana, kĕrisna tea bae dipaparinkeun. Atoeh Rahman soeka boengah katjida, geus taja hinggana meunang hormatan gĕde.

Da moenggoehing oerang Djawa aja kapĕrtjajaan kana kĕris, lamoen geus dipake maehan maoeng, eta dianggĕp loehoeng. Noe matak pantĕs Rahman katjida atoheunana.

Barang Rahman maot, kĕris teh ragrag ka anakna, tĕroes toeroen-toemoeroen nĕpi ka Wirio. Eta teh djadi poesaka gĕde, sabab kapĕrtjajaan djĕlĕma, pakarang noe hade mah, komo noe aheng, beunang dipake panjinglar, atawa panoelak sagala bahla, watĕkna matak rahajoe salélĕmboer. matak bagdja sadjadjagat. Eta Wirio sagala kasalamĕtan kabagdjaan teh angkeuhna pĕrwatĕk eta bae, kĕris tea. Geura ieu ka hareup aja tjaritaannana, noe matak beuki parageuh bae kapĕrtjajaannana kana pakarang teh (1).

(1) Dina agama Islam mah teu hade soemende lian ti ka Toehan teh. M. K. Partadirĕdja.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

II.

SOEKAN-SOEKAN.

Di lĕmboer Wangkal kabĕnéran keur oesoem diboeat, oenggal isoek ngabroel awewe-lalaki, kolot-boedak, ka sarawah rek diboeat. Garĕtol pisan diboeatna, sakitoe poĕ bangĕtna teh, kana beungeut moenggah asa direrab, teu dihiding, abong-abong geus taroeman.

Moen oerang, moal koeat lila, ari ieu mah kawas anggoèr rarĕsĕpeun, malah tarimaeun kana panas kitoe teh, sabab njarahoëun, jen panas teh matak hade kana pĕpĕlakan, kana piboeateun. Dina oesoem dadaharan, broel kabeh ka saoeng oeroet ngagĕbahan manoek. Gek sarila ngalingkoeng, ngareunaheun pisan daladaharanana.

Estoe katjida pikeun oerang Priboemi mah ana diboeat teh, saroeka atina, pada ngarasa asa pangbeungharna, asa pangbagdjana bae ti antero machloek. Komo oerang Wangkal mah, noe tjaroekoepna, ngagalĕdekeunana soekan-soekan, palohara.

Ari sore, bada asar, baralik bari marawa eundan. Ti kadjaoehan keneh geus kadenge sora gamĕlan di lĕmboer, beuki deukeut beuki tetela, matak rĕsĕp. Ari djol datang, rĕp tatabeuhan teh sakeudeung, sihoreng rek ganti lagoe, kĕbodjiro, ngabageakeun.

Noe marĕntas diboeat teh toeloej nareundeun eundanna geus kitoe pek marandi di waloengan, ari mĕntas mandi, toeloej dangdan, papakean bĕrĕsih, tĕroes kana soekan-soekan. Di dinja roepa-roepa aja noe njarita, aja noe seuseurian, saroeka ati. Teu lila, djol baroedak awewe tarĕgĕp, ngabagikeun roko djeung kadaharan.

Kitoe bae oerang lĕmboer teh, pepestaan sababaraha peuting.

Sanggeus pare ngampih kabeh djeung bako dina leuit djeung di goedang sababaraha toempang, aja noe dihear-hear keneh dina kadjang, sawareh, eta oerang lĕmboer mah geus, bae: asa pangbagdjana bae, di alam doenja teh. Teu salĕmpang inggis kakoerangan, sabab diboeat sakitoe parĕngna, malah loba leuwihna tina baris dahareun, sarta didjaroeal. Wirio oge nja kitoe. Meh salawasna diboeatna oentoeng Pamadjikanana djeung anak-anakna tjalageur, haroerip, komo Wiriona mah, djagdjag, daek. Tjeuk

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

itoenganana: oenggal tahoen koedoe bisa nambahan sawahna: aing makaja teh koedoe tambah madjoe; nĕpi ka koemaha antekna aing nja madjoe, aing teu njaho, tapi noe karasa pangadjak hate aing: Koedoe tambah kaja . . . Koedoe woewoeh tjoekoep. Tjeuk bapa geuning, bangsa deungeun mah baleunghar katjida, da garĕtol makaja djeung rarikrik kana rĕdjĕki deui. Manehna ngarasa djadi djĕlĕma bagdja, sabab moen tĕroes kitoe bae, tangtoe anak-anakna ĕngke kaasoep djĕlĕma tjaroekoep djeung tarohaga. Eta pang bagdja kitoe teh noedingna kana watĕk kĕris poesaka tea bae. Malah batoer-batoerna salĕmboer Wangkal mah njangkana, pang oentoengna diboeat teh, koe kasiat eta kĕris.

Dina hidji sore, kira-kira geus doea minggoe ti mĕntas pepestaan diboeat tea, Wirio djeung bodjona keur dalahar, djol aja semah: dahoeanana, ti Galagah. Katjida baroengaheunana ewe-salaki, didatangan doeloerna teh; toeloej bae dibawa dahar, saaja-ajana bae. Tatamoe teh, eukeur tjape oeroet leumpang djaoeh, tambah lapar, deui, ana bĕk teh dahar, teu woedoe ponjo.

Keur dahar ditanja koe Wirio: „Kang Isla, koemaha di Galagah, atjeuk djeung baroedak daramang?"

Djawab Isla: „Pangestoe, teu aja sawios-wios.

Akang teh aja pibedjaeun, ka dieu teh. Si Mingkĕm geus aja noe nanjaan rek dikawinkeun ka anak Toea-kampoeng, ngaranna Soedjono; waktoena sapoeloeh poĕ deui ti ajeuna. Atoeh saaja-aja; koe niat mah hajang make rame-rame nanaon. Mimiti di akang, isoekna di besan. Ngan mĕndingna teh moal koedoe neangan doeit, da diboeat teh aja pinarĕng. Kakara leuit parinoeh kitoe."

Tjeuk Wirio: „Soekoer nakĕr pirang-pirang noehoen. Di dieu oge bĕrĕkah, bisa bae mahanan meureun ka Mingkĕm, saroeng boetoet-boetoet bae mah."

Djeung deui akang pang ka dieu teh, babakoena ngondang. sarerea oelah teu datang."

Tjeuk Wirio: „Taksiran moal aja halangan, da moending ajeuna mah ngalanggoer, beunang dipake narik ka Galagah; sabab ari leumpang mah taja pĕtana, ti dieu, djeung baroedak lalĕmboet kitoe. Mangga atoeh koering bade njarĕngan."

Anak Wirio teh anoe lalaki doea geus galĕde, ngadarenge kolotna njarita kitoe, aratoheun pisan; da harajangeun ka Galagah, djeung ieu mah kana pesta deui. Isla oge boengaheun, Wirio baris datang, sabab tadina sieuneun teu beunang diondang, da gĕtol digawe tea. Beunang disĕboet tara bae ingkah ti imah teh, ari lain kana gawe mah.

Sanggeus dalahar, baroedak harees; Wirio djeung Isla aroedoed, pamadjikanana peperen.

Tjeuk Isla: „Akang aja pamenta saeutik. Isoek akang rek ka dajeuh, balandja keur sidĕkah. Soegan bisa babarĕngan djeung adi da adi mah wawoeh djeung toko-toko."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Mangga", tjeuk Wirio. „Koering oge kabĕnĕran, bade ka dajeuh, rek oedoe-ada pĕrkara bako."

Tjeuk Isla: „Kabĕnĕran atoeh!"

Njaritana nĕpi ka peuting, geus kitoe toeloej sarare.

Biasana Wirio saanak bodjona, soeboeh-soeboeh geus haroedang, Isla oge miloe hoedang. Sanggeus marandi, gek darioek, toeloej barangdahar, isoek-isoek. Bari njanghareupan sangoe ngĕboel teh, Wirio ngomong: „Tahoen ieu teu aja reureuhna ngan siděkah bae. Mimiti di oerang njalamĕtkeun diboeat, mani sababaraha peuting, noron. Ajeuna rek ngawinkeun Mingkĕm; geus kitoe kamari ngadenge, toea-kampoeng rek njalamĕtkeun deui, doemeh boga intjoe."

Tjeuk Isla: „Ĕntong soesah. Naha lĕbar, waktoe dipake siděkah? Akang mah sieun pisan adi teu daratang kana kawinan Mingkĕm teh."

Tjeuk Wirio: „Ĕntong salĕmpang eta mah, moega oelah aja halangan bae. Ngomong kitoe teh, eta, oerang, tahoen ieu loba pisan djalan, koedoe soedjoed soekoer ka Pangeran.

Hajoe ah, oerang bral ka dajeuh, soepaja bisa balik memeh tĕngah poë."

Tjeuk Isla: „Hajoe."

Djoeng arindit ka dajeuh.

Ari nĕpi ka pasar, Isla balandja meuli badjoe roepa-roepa, samping, totopong, djeung rea-rea deui, sabab dina kawinan teh, anak-anakna koedoe harade papakeanana.

Ari Wirio ngabadamikeun bako; oentoeng pisan, bakona, djeung bako batoer-batoerna, pajoe mahal. Toeloej meuli totopong djeung samping noe hade, keur mere ka noe kawinan. Sanggeus salse barangbeuli, toeloej maroelang, reureudjeungan djeung noe pada mĕntas balandja.

Isla teu tĕroes balik harita, diandĕg koe Wirio, mondok deui, sapeuting. Isoekna sanggeus ngadjangdjian ĕnja, jen Wirio koedoe datang, dina ngawinkeun, kakara Isla moelang ka Galagah.

Ti sadjoengna Isla, Wirio leuwih gĕtol digawena, karana ka Galagah teh sakoerang-koerangna koedoe opat poë mah. Manehna ngoeroes bako bawaeun ka dajeuh, batoer-batoerna oge tangtoe keur njadiakeun. Geus kitoe djoeng ka kĕbon, boeroedjoel pĕlakaneun, keur mĕlak bako.

Geus salse naon-naon, bakona bawaeun ka dajeuh tea, geus dika-goedangkeun, kebonna kari tjĕb pĕlakaneun, Wirio niatna isoek-isoek djeung anak-bodjona arindit ka Galagah; pikirna sĕnang euweuh karingrang.

Koe Wirio geus katjipta, geus kawangwang pisĕnangeunana dina pesta, komo ari tjara anak-anakna mah moenggah tingaladjret bakating koe atoh, ngingĕtkeun kana pirĕsĕpeun di Galagah.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

III.

KAWINAN AJA KAREUWAS.

Isoekna isoek-isoek, di hareupeun imah Wirio sadia roda, dimoendingan koe moending barĕdas, sarakit; kadjangna anjar, mokaha koe panas, atawa koe hoedjan oge. Di djéro roda diamparan kasoer, soepaja hipoe darioek.

Wirio ngakoetan boentĕlan papakean djeung bĕbĕkĕlan, anakna noe gĕde ngadangdanan roda, dipapaesan koe daoen tjaringin, djeung kĕmbang-kĕmbang.

Moendingna dina tandoekna, diboelat-beulit koe mangle, dina beuteungna digĕntaan, teu repeh, disada bae.

Gantjangna sadia, pamadjikanana Wirio ngais, oenggah ti heula, bari mawa anakna noe leutik, doea. Geus kitoe anak-anakna noe galĕde mararĕnahkeun maneh di djéro roda, ari Wirio ngoesiran di hareup. Djoeng indit.

Doemeh mimitina njorang djalan lèmboer, anoe rada goreng tea, atoeh teu aja ngeunahna dina roda teh, sabab kikipingna meusmeus tigidjlĕg kana lombang djéro, atoeh ngan djlag-djlig-djlĕg bae, sakapeung mah make aja noə ngagĕro, pamadjikanana reuwaseun, tapi Wirio mah tjitjing bae dioek, da geus biasa. Harita Wirio ngaginding katjida, dipokek, sampingna batik aloes, badjoe lakĕn, rangkĕpan bodas, beunang ngistrika, totopongna aloes, dibĕndo rapat, njoren kĕris, si poesaka, disaboekan epek, aloes. Saoemoerna Wirio kakara njoren eta kĕris. Tadina mah kana kawinan si Mingkĕm teh moal ngaginding kitoe, soemawonna kĕrisna, moal dipake, karana ngagantoeng dina loehoereun gĕlĕdĕg wadah doeit manehna djeung doeit sarerea, batoer-batoerna salĕmboer noe marihape ka manehna. Oerang dinja pikiranana euweuh deui noe pang teu salèmpangna neundeun doeit, lian ti di imah Wirio, sabab didjaga koe si poesaka. Doemeh pikiranana lamoen si poesaka tea dibawa, geus matak salĕmpang bae, tadina mah eta doeit dina gĕlĕdĕg rek dibawa. Tapi harita eta kĕris, ditjokot toeloej disoren bae, teu kawawa napsoena hajang nembongkeun ka sobat-sobatna di Galagah; ari doeit mah teu dibawa.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Pamadjikanana, djeung anak-anakna oge maridang. Geus meunang satĕngah djam, djol datang ka djalan gĕde, toeroet sisina ngadjadjar tangkal asĕm keur nĕdĕng haredjo daoenna. Tjeuk pamadjikan Wirio, barang beh teh nendjo djalan gĕde: „Toeh geuning djalan gĕde. Lah aja atoh, da moenggah mabok, eta mah koe djlag-djlig-djlĕg djalan lĕmboer bieu."

Moending oge kawas aratoheun datang ka djalan gĕde teh. Ngalengkahna sĕmoe ngeunaheun; rodana mani djiga ngagorolong koe maneh, manggih djalan datar.

Satĕngah salapan ngaliwat lĕbah dajeuh, geus kitoe njimpang ka katoehoe, asoep ka djalan gĕde keneh, ngan lain djalan pos; ieu mah djalan noe djol ka Galagah tea.

Roda teh ajeuna rada kĕndor, da nandjak, kawantoe Galagah teh, loehoerna leuwih ti 600 kaki.

Di waroeng eureun sakeudeung, ngaso; moending diparaban djoekoet, djeung dibere nginoem dina tahang. Ari Wirio saanak-pamadjikanana nginoem roedjak asĕm, tamba hanaang. Sanggeus meunang sapangoedoedan, indit deui.

Kira-kira satĕngah sawĕlas, datang ka Galagah. Ti kadjaoehan keneh geus dipapag koe sora gamĕlan. Isoek keneh pisan, eta gamĕlan geus ditabeuh, ngahoedang kana kaboengahan oerang lĕmboer.

Wirio ngomong: „Tah, kadenge sora gamĕlan, sakitoe ngeunahna? Eta teh ngabedjaan, jen karia djeung ngabageakeun semah. Tjoba tendjo itoe katja-katjana dipoetjoek make dikĕmbang-kĕmbang koe kĕrtas parada. Tangtoe oenggal noe ngaliwat oge harajangeun asoep, miloe kana karia.

Tjeuk anakna si Drahman, bari ngarameus leungeun, bawaning boengah: „Pangpangna, eta meureun hajangeun miloe dadaharan, da di noe kariaan mah loba kadaharan ngareunah."

Bapana seuri, teu lila kana katja-katja, padati rĕg eureun, di hareupeun imah Isla pisan

Di djĕro imah mah komo papaesna leuwih ti dina katja-katja: Bandera laleutik mani reutjeum, dina tihang-tihang balandongan. Kĕrtas beureum kĕrtas hedjo, koneng, didjarieunan kĕkĕmbangan warna-warna, ditĕrapkeun dina bilik. Loba lampoe keur njaangan balandongan. Dina djoeroena aja gamĕlan sarta barang Wirio boes asoep, gĕr tatabeuhan teh ditabeuh panghormat ka Wirio.

Isla, djeung pamadjikanana marapagkeun sarta aratoheun katjida, toeloej pamadjikanana mah djeung anakna, dipĕrnahkeun darioek dina samak roebak. Ari Wirio djeung Isla, njoetjoelan padati djeung ngoeroes moendingna. Geus eta, toeloej darioek, saroeka boengah pisan. Wirio njarita lalampahan di djalan, Isla nema tjarita rek karia.

Teu lila sor soesoegoeh dahar, laoekna loba. Ari geus dahar, djol tjikopi, lalawoehna goela kawoeng djeung koeeh-koeeh.

Sora gamĕlan di ngeunah-ngeunah, kadenge ka lĕmboer-lĕmboer noe djaraoeh, saolah-olah ngoearan, jen di Isla keur soekan-soekan

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

kawinan, sarta ka kaoemna sore eta. Moenggah moeroedoel ondangan-ondangan djeung noe rek laladjo, wani teu salabar, hajang geura nendjo bidjilna panganten beunang ngahiasan.

Noe dagang kadaharan pirang-pirang, naragog sisi pagér; djělěma-djělěma, kolot-boedak mani heurin oesik, pada rěsěp laladjo teh, kawantoe měntas diboeat oentoeng, pada baroga doeit.

Poekoel tiloe, djol kareta, aloes katjida kagoengan djoeragan mantri, saosan panganten, koedana sapasang, garinding tarěgěp, diobeng koe doea djělěma, darěděg, bangoen hareseeun pisan nahanna koeda teh, sina eureun hareupeun Isla. Saban-saban gamělan ditabeuh, teu tjitjing, bangoen rek kalaboer.

Poekoel opat, djol panganten kaloear. Boeroeboel ondangan-ondangan djeung djělěma-djělěma noe laladjo, pada hajang těgěs. Doeanana didangdanan papakean panganten, araloes katjida, saloearna djiga dikěpoet koe ěmas bae; samping songket, saboek patah-těboe ěmas.

Mingkěm make sigěr, badjoe tarate, kangkaloeng, geulang, kilatbahoe, kabeh ěmas, ditaretes koe intěn. Ari awakna diatal koneng, beungeutna diwědakan bodas, halisna dikěningan, biwirna beureum. Lalakina make makoeta, geulang, kilat bahoe, tjara Mingkěm bae. Soep arasoep kana kareta, gěr tatabeuhan djeung pěpětasan, moenggah kaindit. Djoeng kareta teh lalaoenan, baris ka kaoem. Boeroedoel djělěma ratoes-ratoes noetoerkeun. Anak-anak Wirio oge mariloe. Kakara saoemoerna manggih karěsěp kitoe, něpi ka teu njaho, naon bakoena noe koedoe ditendjo teh, aja ka noe didangdanan araloes tea, aja ka djělěma loba, ka noe tingběrěbět, baroedak, nepi ka pinoeh djalan gěde.

Barang geus dilapalan, di masigit, kareta teh balik deui, toeloej panganten ditoeroenkeun tina kareta, diaping koe para istri, noe beunang maridang, kawantoe kaondangan. Berebet pajoengna tiloe araloes, gěn narangtoeng dina lawang ka balandongan tea, woer disawer. Toekang njawerna geus ngaleungaleu bae, sorana ngeunah, pokpokanana paham, piwoeroek ka panganten djeung ka sakoer noe nongton; nasehat araloes pisan, bari teu eureun ngawoer-ngawoer beas, make doeit. Amboe baroedak, sawareh mah lain boedak-boedak teuing, kolot oge miloe, paboro-boro kana doeit. Tampolana mah něpi ka aja noe tigoeling, bawaning pasěděk-sěděk.

Sanggeus disawer, toeloej asoep kana balandongan, pek direndengkeun, darioek dina korsi, estoe tjaritjing, djiga teu oesik-oesik atjan, tjara artja, djeung teu ngomong deui; dilaladjoan koe tatamoe-tatamoe ondangan djeung koe sakoer noe laladjo. Beak karěp soekana Isla djeung pamadjikanana, nendjo panganten, mani ragragan tjimata. Geus kitoe, gěr siděkah: ondangan-ondangan dalahar leueut, noe oedoel, noe njarita, roepa-roepa. Ari geus boerit ngawajang, biasa wajang koelit, tjarita rame, geus lain di kieuna bae djělěma rarésěpeunana kana wajang,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

mani poho kana sagala, baning parogot. Sakeudeung-sakeudeung gĕr sareuri, aja noe ngabarakatak bae, katadji. Sakapeung mah repeh, mani euweuh noe ngomong sakĕmek, panonna nareuteup kana wajang, pikiranana arambléng dina lalakonna noe ditjaritakeun koe dalang.

Keur kitoe noe laladjo teh boeriak, njingraj; aja noe toempak koeda, lĕbah hareupeun imah Isla, moenggah toetoeroeboen tina koedana, menta djalan rek asoep ka balandongan panganten koedana dipihapekeun ka oerang anoe laladjo, mani katendjo; gĕbosna tina iroengna, ngĕboel, oeroet diloempatkeun satariktarikna. Barang djol, deuleuna ka noe aja di balandongan, mani moetĕr, saroepa aja noe diteangan, bari asoep. Ari geus katendjoĕun Wirio, toeloej bae njampeurkeun; harita Wirio keur dioek di tĕngah-tĕngah balandongan; sĕnang, keur ngarĕgĕpkeun kana wajang. Barang ret teh ka noe njampeurkeun ka manehna, omongna: „Eeh Saleh! Aja naon?"

Saleh ngadjawabna rada ngaharewos: „Aja katjilakaan; mangga bae loengsoer sakĕdap, bade ditjarioskeun."

Wirio kaget, toeloej noetoerkeun Saleh ka loear; heseeun ngaliwatna teh, bawaning heurin koe noe laladjo; hatena ratoeg kĕkĕtĕgan, mani kadenge tĕgtĕganana. Tapi ari kana katjilakaan noe matak hebat, noe geus toemiba ka manehna djeung ajeuna ka oerang Wangkal mah, teu pisan njangka.

Tjeuk Wirio: „Aja naon, Saleh?"

Djawabna, sorana rada dareuda: „Di Wangkal kahoeroean, meh kabeh seep."

Wirio teu kira-kira kagetna, omongna: „Kahoeroean! Amboeamboe!" Ngomongna kitoe bari tanggah nendjo langit, bĕrĕsih paoel, pinoeh koe bentang, rosa tanpawilangan. Ti dinja pok nanja deui ka Saleh: „Koemaha imah akang kadoeroek deui?"

„Kantĕnan, seep pisan."

„Koemaha leuit, djeung goedang bako?"

„Seep eta oge. Malah eusi boemi noe sarae teh, teu aja noe kapoeloek."

Tjeuk Wirio: „Sieun eta bae, doeit titipan batoer, kadoeroek!"

Tjeuk Saleh: „Naha artos titipan teh teu ditjandak?".

„Hĕnteu, kabeh ge dina pĕti djati, di pangkeng, deukeut ĕnggon."

„Atoeh tjilaka teh tambah gĕde. Ari pangintĕn teh, artos mah ditjandak. Waktoe boemi kadoeroek, abdi aja emoetan bade lĕbĕt, rek ngabantoen kĕris poesaka, bari bade ngabantoen eta artos. Namoeng tjeuk Loerah, kĕris temah ditjandak; sarĕng nĕtĕpkeun pisan, jen artos titipan oge tangtos ditjandak sarĕng kĕris. Sanes, ari kĕris teh disimpĕn dina loehoereun eta pĕti, ngadjaga artos? Sarĕng oerang Wangkal, pang njimpĕn artos di andjeun teh, doemeh bangĕt pĕrtjajaeunana, jen eta poesaka njinglar sagala bahla?"

Tjeuk Wirio: „Nja kitoe. Ieu mah kabeh salah akang. Bĕnĕrna mah eta kĕris oelah dibawa, sakalian ngarah ngaginding bae

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

mah, kana ieu kariaan. Atawa, moen akang njanjabaan mawa eta kĕris, doeit oge noe didjaga koe eta kĕris, koedoe dibawa, sabab noe ngadjagana dibawa.

„Lah, pohara ieu mah! Koemaha ngagantianana eta doeit, ka sobat-sobat."

Sanggeus ngomong kitoe, Wirio asoep deui ka balandongan, leumpangna teu pati tĕtĕg. Ari sora gamĕlan mah masih bae, teu eureun-eureun.

Djĕlĕma-djĕlĕma narendjo beungeut Wirio, djoldjol njangka bae, tangtoe aja katjilakaan gĕde. Wirio toeloej njampeurkeun ka pamadjikanana, ngabedjaan aja katjilakaan. Gantjang nakĕr toeltĕlna tjarita. Tatabeuhan eureun, dalang repeh. Sarerea pada nendjo ka Wirio djeung ka pamadjikanana. Kasoekaan kariaan teh pĕgat pisan. Kabeh pada njĕboet karoenja ka oerang Wangkal, aja tjotjoba sakitoe bangĕtna.

Tjeuk Wirio ka pamadjikanana: „Akang mah rek balik ajeuna pisan ka Wangkal. Ari maneh di dieu djeung baroedak. Lilana tatjan poegoeh. Tangtoe loba oeroeseun. Di mana geus salse, dipapagkeun."

Isla djeung pamadjikanana, saroekaeun pisan ngarawatan pamadjikan Wirio. Koe sabab kitoe, Wirio sĕnangeun hatena.

Wirio dibere ngindjeum koeda koe loerah di dinja, toeloej aramit harita djeung Saleh ka Wangkal, neang lĕmboerna, noe katjilakaan gĕde.

Semah-semah noe loba karoempoel deui, noeloejkeun nongton wajang, tapi teu pati saroeka ati tjara tadi, dalangna oge teu pati bĕger; teu lila toeloej bae boebar.

Geus kitoe damar-damar diparareuman, djĕlĕma-djĕlĕma toeloej ngarĕdĕng. Tina oeroet sakitoe tjapena, gantjang nakĕr kana harees teh, ngan pamadjikan Wirio, eta mah teu bisaeun hees. Isoekna hoedang, moenggah barintit oeroet tjeurik.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

IV.

KAHOEROEAN.

Wirio djeung Saleh, dilaloempatkeun bae koedana; barang geus meunang satĕngah djam, rĕg noe Wirio dieureunkeun.

Saleh atoheun sarta rĕg deui noe manehna ditjandĕt, sabab lamoen tĕroes bae kitoe, tangtoe koedana mopo, moal koeateun.

Ajeuna meh disina leumpang bae.

Tjeuk Wirio: „Saleh, tjing tjaritakeun, koemaha mimitina eta kahoeroean teh?"

Djawab Saleh: „Ngawitanana ti boemina djoeragan Loerah; dikintĕn aja boedak njoo seuneu; ari indoengna keur mandi. Kintĕn taboeh toedjoeh, imah Loerah kahoeroeanana teh. Rehna angin ageung, enggal pisan ngalentab kana soehoenan sanes.

Djĕlĕma-djĕlĕma, lolobana teu atjan darongkap tina padamĕlanana, atoeh teu pada seueur noe noeloengan. Angin woewoeh agĕng, silalatoe aragĕng tingbĕlĕwĕr, ana ragrag kana imah sanes, gĕr deui kadoeroek. Da mani geus djadi seuneu bae imah teh. Djĕlĕma-djĕlĕma teh geus teu aja ingĕtan kana mareuman, euweuh pĕtana; pikirna tangtos seep bae sadaja, saena bae angin teh lĕlĕr, djol hoedjan, moeng teu agĕng. Ari imah noe kadoeroek mah parantos teu aja toeloengeunana deui, ngan sabeunang-beunang didjaga, eta bae seuneu oelah ngagĕdean deui. Ladjĕng imah-imah noe dareukeut kana seuneu dibandjoeran koe tjai, sapalih mah diraroeboeh-roeboehkeun bae, bisa katahan seuneu teh.

Poekoel 8, seuneu pareum, aja 10 imah djeung toeang boemi djaba leuit-leuit, goedang bako, sadajana seep kadoeroek."

Wirio gogodĕg bae omongna: „Pohara! pohara! pare djeung bako woengkoel adjen rereboeeun. Geus kitoe doeit titipan, deui; ĕnja, bĕnĕr dina pĕti beusi tea mah, tapi oeang kĕrtas mah tangtoe toetoeng.

„Pikeun aing sorangan teu naon-naon, tapi eta doeit batoer, koemaha moelangkeunana.

Doeh tjilaka ĕnja aing ieu."

Tjeuk Saleh: „Keun noe ĕnggeus kadjadian mah, ĕntong dianggo soesah. Sarerea oge, sobat-sobat akang, tangtoe noeloengan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Ongkoh mĕntas dibaroeat, aroentoeng; loba keneh pisan noe teu kahoeroean. Hal katjilakaan mah, opat-lima boelan oge poho, tahoen hareup meureunan diboeat deui, tangtoe kabeh kagantian, oerang bisa deui tjara bareto-bareto.

Tjeuk koering oge kapoengkoer, eta kĕris poesaka ti rama, oelah ditjatjandak, ingkeun sina toenggoe di lĕmboer, margi sarerea pada pĕrtjaja, jen eta kĕris nangtajoengan oerang sarerea: watĕkna teh djaoeh balai, parĕk rĕdjĕki."

Eta omongan Saleh ka Wirio, nambahan handeueul, teu poegoeh-poegoeh, leungeunna teh kĕk ditjabakkeun kana kĕrisna teh, da njoelagrang bae, dina tjangkengna. Tjeuk bapana oge, waktoe rek maot, nja kitoe, jen karahajoean djeung kabagdjaan, sakabeh di lĕmboer Wangkal, moal aja kakoeranganana, lamoen eta kĕris aja di imahna mah.

Ah, geus katjida bae bodona, basa rek indit ka Galagah make aja pikiran hajang ginding, ngarah katendjo koe oerang Galagah.

Pohara hoekoeman teh. Sakabeh radja-kajana djeung noe batoer-batoerna bĕrĕsih dibasmi koe seuneu, djeung doeit simpĕnan batoer deui lapoer. Eta kabeh, salahna neumbleuh ka Wirio bae, lantaran kĕris poesaka tea, naha make dibawa ti imah.

Koemaha ĕngke nja piomongeun ka sobat-sobatna, noe geus bebeakan pĕrtjaja ka manehna. Wirio noe nandang salah, tangtoe koedoe ngagantian bae.

Ti dinja Wirio ngomong ka Saleh: „Saleh maneh oge lain mi hape parabot perak, noe pamadjikan maneh di akang? Tapi ĕntong dipake leutik hate, keun koe akang digantian; kabeh anoe mihape rek digantian. Da lamoen seug ieu mah kĕris ditinggalkeun, moal datang ka lapoer; di kahoeroeanana oge oepamana, moal pohara kitoe. Akang bangĕt pisan pĕrtjaja, jen ieu kĕris gĕde kasiatna, ngadjaga ka oerang, tina sagala bahaja."

Tjeuk Saleh: „Sadajana oge oerang Wangkal mah pada pĕrtjaja, noe mawi geus moal aja bae djĕlĕma noe njoehoenkeun ganti teh ka akang, tina sarerea pada tĕrang, akang njandak eta kĕris teh, lain ngahadja, ngarah di lĕmboer sina tjilaka.

Sarĕng koe sarerea oge katingal pisan, jen akang teh sakitoe soenggoeh-soenggoeh ngoeroes batoer, njaahan ka djĕlĕma-djĕlĕma, noemawi pirakoe aja noe koerang tarima, datang ka wani menta ganti ka akang, anoe sakitoe kararasaeun, kasaean akang. Barina oge, koemaha pijasaeun akang ngagantian, sakitoe lobana. Toeroeg-toeroeg, kapan boemi saeusina djeung pare, bako, kabeh seep. Kagoengan teh, ngan kantoen moending bae sarakit, sarĕng roda. Ti mana doeitna keur ngagantian teh? Ĕntong! Ĕntong aja manah kitoe. Oerang lĕmboer teh moal aja noe moesingkeun ka akang, margi dipokkeun deui bae, akang teh teu ngahadja ngagĕbroeskeun eta doeit kana seuneu."

Tjeuk Wirio: „Ĕnja, tapi rek dipoelangkeun deui bae, sabisa-bisa sarta rek boeroe-boeroe deui.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Pikarĕpeun akang kieu: „Pabrik goela Soeka Wĕdi, boetoeheun koe lahan, keur kĕbon tiwoe. Sawah akang kabeh rek disewakeun ka dinja tiloe bahoeeun; sewaanana rek dipenta ajeuna sama sakali f 600; tjoekoep keur moelang-moelangkeun eta doeit simpĕnan batoer."

„Soemoehoen, tapi koemaha akang nja dahar pake, ari sawah ditjĕkĕl koe pabrik mah?"

„Ongkoh boga moending sarakit djeung anggahota lĕngkĕp pisan; bisa meunang 80 cent mah, dina sapoë."

Rek digawe bae di pabrik.

Baroedak noe galĕde geus barisaeun ngarit ti beurang keur moending. Dalapan kĕtip teh sapoë mahi keur hiroep leutik mah."

„Kabeh-kabeh," Tjeuk Saleh „akang leuwih mangarti batan noe loba-loba, noe mawi sok ditaros oge koe sarerea. Koering mah geus pĕrtjantĕn bae, tangtos jasa."

Tjeuk Wirio: „Koedoe, akang kitoe teh, nĕtepan kaestoean akang; pĕrtjaja, koedoe djadi. Geus kataksir baris loba kabalangsakan, kapaksa koedoe loba kasoesah. Tapi akang pĕrtjaja, ieu kĕris ĕngke mawa kana kabagdjaan."

Bari tĕroes ngomong kitoe, lalakon eta doea djĕlĕma, beuki deukeut, beuki deukeut, ka Wangkal. Katendjo ti kadjaoehan, kawas djarĕmpling pisan, djĕlĕma keur harees tibra, djiga euweuh robahna, tjara basa ditinggalkeun koe Wirio tadi, isoek-isoek.

Barang arasoep kana katja-katja, kadenge aja ngagoeroehgoeroeh tjektjok.

Baroedak mah geus harees deui tibra, awewe-awewe keur nalaheur tjai, ari lalaki-lalaki mah keur marerenan noe oeroet kahoeroean tea, kabeh pada digawe.

Aja noe maranggoelan awi beunang noear ti kĕbonna noe deukeut. Sawareh aja noe meulahan awi dina balandongan Awewelalaki riab marawa damar tingkaroreh dina lĕboe, nareangan poepoeton djeung barang-barangna noe leungit, soeganna aja dina lĕbak.

Wirio ragragan tjimata, nendjo imahna noe sakitoe aloesna, ajeuna djadi roehak. Kabeh djadjaran eta mah beak koe seuneu. Omongna: „Tĕgĕs tjilaka ieu mah. Karoenja koe djĕlĕma-djĕlĕma bae, awewe-awewe djeung anak-anakna, tangtoe kapaksa njiroeroek di imah sobat-sobatna. Ngan eta bae, oerang Wangkal mah balageur, ajeuna oge sakieu peutingna digarawe, merenan oeroet kahoeroean. Moal lila oge njarieun deui imah anjar."

Waktoe Wirio keur nangtoeng deukeut lĕboe imahna bari ngomong kitoe dina hatena, Saleh njarita ka batoer-batoerna noe deukeut ka manehna, jen doeit titipan oge di Wirio, miloe kahoeroean. Tjarita eta, gantjang nakĕr narĕkabna, datang ka kabeh djĕlĕma salĕmboer Wangkal njarahoëun. Mimitina mah

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

katjida teu ngareunaheunana. Teu kaharti koe Wirio, naha mana dibawa eta kĕris poesaka teh Kabeh djĕlĕma, pang marihapekeun doeitna ka Wirio teh, taja lian, ngan tina bangĕt pĕrtjaja kana kĕris poesaka tea bae. Sapandjang ditangtajoengan koe si poesaka mah geus moal bae leungit. Nadjan Wirio oge pageuh kitoe.

Tapi barang geus pada lĕlĕr, kabeh karoenjaeun pisan ka Wirio, katarendjoĕun keur ngeloek bae, bari nangtoeng. Tangtoe moal ĕnja ngahadja-hadja, doeit maranehanana diaboeskeun koe Wirio kana seuneu.

Djeung kaboga manehna mah kemo, bĕrĕsih pisan kadoeroek djeung imah-imahna. Noe sedjen onaman, aja oge saeutik-eutikeun, noe katoeloengan, dĕmi Wirio mah estoe lĕdis pisan. Tjarek sasamping djangkoeng teh, lain babasaan.

Keur kitoe, djol aja hidji djĕlĕma mawa torombol, wadah doeit tea. Sarerea aja pangarĕp-ngarĕp, eusina soegan teu kabeuleum, kabeh laloempatan maroeroe. Tapi barang beh oge, torombolna geus paretjat patrina, ari braj teh diboeka, oeang kĕretasna, teu aja leboe-lĕboena atjan. Doeit perak ngan saeutik, geus ngagĕbleg djadi poepoeton.

Papaes ĕmas-perak, eta oge saparo mah ngagĕbleg djadi poepoeton. Wirio barang nendjo eta, ngalimba, pokna: „Salah akang, keun koe akang rek digantian."

Tjeuk noe pangkolotna: „Moal ĕnja menta ditĕmpoehan, sarerea oge. Barina oge, djiga naon djĕlemana noe menta ganti. Ieu ngan koe hĕnteu ati-ati bae, eta koe kĕris si poesaka, make dibawa ti imah. Panoehoen mah oelah deui-deui bae eta kĕris dibabawa ti boemi. Moal ĕnja koe Wirio mah dihadja digĕbroeskeun kana seuneu. Mas Wirio, noe sakitoe hadena djeung ngoeroesna ka oerang, pirakoe. Noe matak moal aja noe menta ganti, sarerea oge."

Tjeuk Wirio: „Kieu ajeuna mah. Geus ĕntong ditjaritakeun pandjang, da poegoeh geus tjilaka, kaoela teh sĕdih katjida. Ajeuna mah hajoh oerang pada digawe. Kaoela atoh katjida sarerea geus digarawe, noeloengan sakitoe rosana, eta noehoen pisan. Oerang oelah mitjeun waktoe sabab loba keneh pigaweeun oeroesaneun. Di dieu koedoe njieun imah sapoeloeh mah, imah laleutik bae, geus kitoe njieun deui wawangoenan-wawangoenan, noe pĕrĕloe. Hajoh, oerang pada ragĕm ĕnja-ĕnjaan, noeloengan noe katjilakaan."

Ieu omongan Wirio, katjida teurakna ka djĕlĕma-djĕlĕma. Kabeh pada mĕta. Waktoe panonpoĕ bidjil, oeroet kahoeroean teh geus digoendoek-goendoekkeun di sisi-sisi, lahanna geus beunang diadĕgan deui Ti dinja areureun sakeudeung, djol awewe-awewe marawa tjikopi djeung lalawoehna, gĕr ngararioeng, ngaropi. Ari Wirio mah tatjan hajangeun baranghakan, soesah mikiran katjilakaan. Keur kitoe djol Loeran, geus kolot, eta

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

oge imahna kadoeroek, gek dioek deukeut Wirio, ngomong anoe baris kaharti Eta toeloengan gĕde, djĕlĕma-djĕlĕma teh geus djamak teu pohara teuing ngagoegoeloeng kana kasoesahna, barang arĕnggeus ngaropina, toeloej bae digarawe deui, djeung Wirio oge, teu lila miloe digawe tjara kapoengkoer bae.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

V.

AHLI TOETOELOENG DJEUNG KABAGEURAN.

Aja riboet noe digarawe, saminggoe eta mah mani djiga beurang peuting digarawe bae; katjida oerang Wangkal mah ahli toetoeloengna. Njieunna imah laleutik tea, sapoeloeh dina oeroet kahoeroean, geus anggeus. Djělĕma-djělĕma, noe bandana meh kabeh teu kapoeloek, ajeuna geus pada boga geusan tjitjing. Ngan pamadjikan Wirio djeung anak-anakna di Galagah keneh, waktoe dilongok koe Wirio, djangdjina baris saminggoe deui.

Nja kitoe deui, pakarangan-pakarangan geus bareres; leuit-leuit, djeung goedang-goedang bako, geus aja, beunang oerang Wangkal bae kabeh, sobat-sobatna Wirio noe kahoeroean tea.

Anoe pangpangna, eta leuit-leuit tea parinoeh, pamere-pamere; mokaha saminggoe doea minggoe mah, moal kakoerangan dahareun. Komo leuit Wirio, sabab baraja-barajana di Galagah, pada marere. Di imahna keur sadoegeun mah, sabrakeun, aja. Ngan papaes imah, boengbang-bangbing pisan, titinggal bapana noe araloes pisan teh, bĕrĕsih pisan.

Ajeuna Wirio mikir rek ngala pamadjikanana djeung anak-anakna. Oepama eta geus di imah mah, bisa tonggoj neangan rĕdjĕki, keur maraban anak-rabi, sabab Wirio geus ngarasa teu ngeunah dimemenan koe deungeun-deungeun, nadjan noe ngamemenan tea saroekaeun oge. Geus meunang opatbĕlas poë ti mĕntas kahoeroean, Wirio nitahan ka Galagah, jen manehna poë isoek Sĕnen, rek ngala pamadjikanana. Poë Ahadna, Wirio koedoe ka kantor pabrik goela di Soeka Wĕdi. Poekoel sawĕlas, geus datang ka dinja, leuwih ti 50 djělĕma keur tjaringogo, rek ngadeuheus, kabeh, rek njewakeun sawah ka toean pabrik, atoeh Wirio koedoe lila ngadagoan.

Barang manehna geus kagiliran, toeloej disaoer. Hormat pisan njampeurkeunana. Di djĕro, aja doea toean tjaralik dina korsi, majoenan doeit loba dina medja djeung ngaboegbroeg soerat-soerat. Barang geus deukeut, tjong njĕmbah.

Saoer toean teh: „Maneh Ardjo di Wirio, ti lĕmboer Wangkal?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Walonna: „Soemoehoen timbalan."

„Koe kami sawah maneh geus dioekoer bĕnĕr, lĕgana gĕnĕp bahoe dalapan bata, ĕnja sakitoe?"

„Moal lĕpat, aja sakitoe mah."

„Sawah maneh djaoeh ti pabrik, koe sabab kitoe, ŏerang teu bisa majar mahal. Dibikeun f 180.— kabeh?"

„Teu kasanggakeun, ka noe sanes pabrik disewakeunana f 40 sabahoe, 6 bahoe teh f 240, sataoen. Rehna sawah abdi mah tĕbih, mangga kasanggakeun 220 roepia sataoen, namoeng nganggo pĕrdjangdjian."

Saoer djoeragan gĕde pabrik: „Naon pĕrdjangdjianana teh?"

„Kĕdah disewa tiloe tahoeneun, sarĕng majarna sama sakali ajeuna."

Doeanana toean-toean teh ngabarakatak, goemoedjĕng, saoer djoeragan gĕde: „Tara aja noe menta kitoe. Naha maneh teu njaho, jen langka pisan mĕlak tiwoe noron tiloe kali dina hidji tĕmpat? Noe sok radjeun teh, anoe taneuhna lĕndo katjida."

„Ieu oge, sawah abdi teh, sae pisan, toer tjaina langkoeng ti tjĕkap."

„Pĕrtjaja katjida, tapi koemaha sababna noe matak hajang katampa kabeh ajeuna? Eta hĕnteu biasa."

Toeloej koe Wirio dioendjoekkeun, jen mĕntas katjilakaan, sarta eta doeit rek dipake nĕmpoehan doeit, simpĕnan batoer-batoerna.

Saoer djoeragan gĕde pabrik: „Bageur katjida maneh teh. Hajang mah kabeh djĕlĕma toehoe tjara maneh. Aing hajang noeloeng, tapi ari 220 perak mah teu bisa, komo koedoe tiloe tahoeneun samasakali. Ajeuna mah rek dibajar bae 200 perak satahoen, baris tiloe tahoeneun 600 roepia, tapi maneh koedoe djangdji, jen baris soenggoeh-soenggoeh digawe pikeun pabrik. Maneh teh djĕlĕma gĕde tanaga, digawe make moending, bisa sapoĕ meunang 80 sen, nĕpi ka saperak."

Koe Wirio kaharti, jen moal bisa meunang leuwih ti sakitoe, toeloej bae ditampa.

Pek toean noe saoerang deui njieun soerat pĕrdjangdjian; ari geus anggeus ditanda koe Wirio. Geus kitoe heg dibajar 600 roepia. Wirio sanggeus nampa doeit, toeloej indit ti pabrik. Eta doeit moal baris lila di manehna, djeung sawahna lapoer tiloe tahoeneun, moal bisa njamboet. Aloem katjida. Wirio paromanna. Estoening, kahoeroean teh matak ngagĕdjlog ĕnja. Djĕlĕma noe sakitoe dipandangna koe djĕlĕma-djĕlĕma di sadesa Wangkal, koe sarerea pada ngahormat djeung beunang disĕboet toekang noeloengan babatoeran, ari ajeuna djadi koeli-koeli, ka bangsa sedjen, sarta piboeroeheunana geus taja pĕtana pimahieun pikeun moeroehan sobat-sobatna noe noeloengan basa kahoeroean. Lain dipangnjieunkeun imah teh koe sobat-sobatna, toer teu aja ongkosan naon-naon? Djeung leuitna deui pinoeh pamere baraja djeung deungeun keneh bae!

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Naon kabogana?

Euweuh deui, ngan doea moending djeung kĕris tea, poesaka ti bapana. Ari moending baris dipake boeboeroeh keur maraban anak-pamadjikanana. Ari kĕris teh, naha ĕngkena pibisaeun manggihkeun bagdja deui, sakoemaha panjĕboet bapana? Wirio teh meureun koedoe nahoen-nahoen balangsakna.

Manehna pĕrtjajaeun katjida, jen eta kĕris gĕde chasiatna, leuwih banget pĕrtjajaeunana, sanggeus kahoeroean tea, jen matak ngadjaoehkeun balai.

Eta kapertjajaan kana kĕris, matak nambahan gĕde kana hatena, woewoeh kadaekna.

Ingetanana Wirio, rek diheulakeun nĕmpoehan doeit titipan tea ka djĕlĕma-djĕlĕma, geus kitoe ngala pamadjikanana, ti dinja, njanghareupan gawe: gawe noe beurat tea, tiloe taoen amplengamplengan.

Sisi djalan gĕde teh, deukeut pabrik aja waroeng kadaharan. Toeloej Wirio ñjimpang, dioek di dinja sakeudeung, dadaharan, karana geus liwat poekoel doea, ari pota. ti isoek tatjan kararaban naon-naon. Ti mentas kahoeroean kakara harita, manehna ngeunah dadaharan, djeung ajeuna mah, hĕnteu pati soesah, kabeubeurat baris katjotjokan djeung dahareun anak-rabi aja tjadangna: pikirna ngeunah. Tapi, berag tjara katoekang-toekang mah, henteu. Koe anoe njaho baretona mah djol-djol katembong bae, oeroetna njorang kasoesah teh.

Sanggeus dadaharan, toeloej moelang ka Wangkal sorangan bae, datangna poekoel opat sore

Sadatang-datang toeloej batoer-batoerna dikoempoelkeun, pek doeit-doeit titipan tea dipoelang-poelangkeun: ari sipat barang-barang, saperti ali, geulang, eta digantianana sahargana eta barang.

Katjida djĕlĕma-djĕlĕma teh karageteunana barang nendjo Wirio datang mawa doeit loba, komo barang nendjo Wirio majaran djĕlĕma noe nareundeun doeit di manehna mah, mani sasen euweuh noe teu kabajar. Eta djĕlĕma-djĕlĕma, teu aja pikirna saeutik-eutik atjan, jen baris katampa deui doeitna, djeung deui dina teu dipoelangkeunana oge moal kitoe kieu, da sakitoe ati-atina, apikna djeung ijatnana Wirio neun-leun doeit batoerna, djeung poegoeh beakna koe seuneu, saha anoe pibisaeun ngaraksa? Hanas si poesaka tea dibawa ka Galagah, eta mah tina rasa mokaha bae, djeung djĕlĕma-djĕlĕma kabeh pada njaho, jen pang eta kĕris dibawa ka Galagah teh lain pisan ngarah soepaja manehna djeung batoer-batoerna tjilaka kabeh.

Loba anoe arĕmboengeun, narima kana eta doeit, tapi Wirio maksa nitah nampa, omongna: jen moal ngeunah bae hatena, lamoen teu atjan dipoelangkeun kabeh teh Nja, lila-lila mah daraekeun nampa eta doeit titipanana teh, tapi djarangdji, jen rek noeloengan ka Wirio, di mana perloe.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Djĕlĕma-djĕlĕma teh naranja, ti mana nja Wirio meunangna doeit sakitoe lobana, tapi koe Wirio teu ditjatoerkeun, jen njewakeun sawahna 3 tahoeneun, sabab sieuneun teu ditampa moelangkeunana doeit

Ngan ka si Saleh hĕnteu dirasiahkeun, tapi ipat-ipatan pisan, teu meunang dibedja-bedjakeun, samemeh dipoelangkeun kabeh mah. Barang geus dibajar kabeh, isoekna kakara koe Saleh ditjaritakeun ti mana Wirio meunangna eta doeit, atoeh djĕlĕma-djĕlĕma teh beuki karoenjaeun bae ka Wirio, sarta pada baradami baris raragĕman ngabantoe Wirio salalawasna.

Sakabeh oerang dinja, karoenjaeun pisan neuleu Wirio koedoe digawe tjara noe koeli di pabrik goela. Harajangeun pisan moelangkeun deui doeitna ka Wirio, tapi geus katimbang, jen moal ditampa sarta Wirio geus ngomong, jen pikeun manehna, leuwih hade rek ngoeroes sorangan bae, sabab manehna noe djadi lantaran katjilakaan sakitoe gĕdena, djeung geus loba teuing narima kahadean ti sobat-sobatna

Omongna Wirio: „Saha noe njaho ka hareup, bisi kadatangan patjĕklik, nanaon; koemaha lamoen pare goreng djadina, anggoersi oerang ampihan bae doeit teh keur ngadjaga pikahareupeun, soepaja oelah kadoehoeng dimonjah-monjah."

Isoekna Wirio soeboeh-soeboeh indit ka Galagah, neang pamadjikanana djeung anakna. Padatina djeung moendingna di Galagah keneh, djadi lampahna badarat bae; noe matak ngahadja indit soeboeh-soeboeh teh, hajangeun datang isoek keneh ka Galagah.

Di djalan, manehna mikir pitjaritaeun ka pamadjikanana, sabab, hal sawah digadekeun 3 tahoen tea tatjan njahoĕun. Kira-kira poekoel 9, datang ka Galagah Pamadjikanana djeung anak-anakna saralamĕt, malah kana tjilaka teh siga noe geus poho-pohoĕun atjan, sabab katendjona siga bear. Sanadjan minnitina pamadjikan Wirio teh ngan tjeurik bae, kalah koe dihantĕm koe Isla djeung koe pamadjikanana dilĕlĕdjar djeung digĕdean hate, nja lila-lila bear.

Tjeuk Isla: „Ĕntong dipikir pĕrkara tjilaka, ĕngke oge moal lila, meureun aja gantina. Imah keur sadoegeun geus aja, pare moal datang ka teu dadaharan, ĕngke dibere koe akang, djeung sobat-sobat Wirio oge moal taregaeun. Wirio meureun sawahna disamboet, lamoen salamĕt mah, kagantian, koe sakali dibocat oge parinoeh, saleuwihna dahareun didjoeal: wah, mokaha."

Wirio sina mĕlak bako bae sing loba, sok oentoeng manehna mah tina bako teh, da paham pisan djeung bisa ngomena."

Koe pamadjikan Wirio kapikir, jen bĕnĕr saomong Isla teh, ngĕtanana, ajeuna hajang geura-geura balik bae, rek ngabantoe ka salakina. Atoeh, barang djol salakina datang teh teu kira-kira bae manehna boengaheunana, teu disangka harita pidjoleunana.

Tapi, barang Wirio njarita jen sawahna disewakeun, tiloe tahoeneun, sarta doeitna dipake nĕmpoehan titipan-titipan djĕlĕma tea, pamadjikan Wirio ngahĕroek ĕnjaan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Tjeuk Wirio: „Kami ajeuna sĕnang katjida hate ngarasa hegar pisan, koe geus moelangkeun titipan-titipan djĕlĕma."

Pamadjikan Wirio teh, teu ingĕteun kana titipan-titipan djĕlĕma. Naha atoch wĕt matak nambahan katjilakaanana teh. Tapi, barang dipikir-pikir, teu lila ge manehna toeloej panoedjoeeun ka salakina, doemeh sakitoe hadena ka djĕlĕma-djĕlĕma. Komo, barang ditĕrangkeun, jen moal leungit doeit teh, lamoen si poesaka ditinggalkeun mah di imah.

Isla djeung pamadjikanana, teu panoedjoeeun, Wirio boeroe-boeroe moelangkeun doeit teh ka djĕlĕma-djĕlĕma. Moal aja noe baris maksa, koedoe moelang-moelangkeun eta doeit titipan, sabab estoe teu dihadja leungitna teh. Oepama ĕmboeng ngaroegikeun djĕlĕma-djĕlĕma mah, atoch ĕngke bae ari aja rĕdjĕki ka hareup digantianana, djeung sĕnangna mah malah, ditoengtoet majarna oge, lain ngagĕbloeg kitoe.

Djawab Wirio: „Bisa nakĕr moen dikitoekeun teh; tapi kaoela meureun koedoe nahoen-nahoen ngandoeng kabeubeurat, tangtoe moal sĕnang bae, nja hate. Ari ajeuna pikiran sĕnang ngahĕnang-ngahĕning, kaoela bisa soehoed digawe keur maraban anak pamadjikan. Sakitoe bae hiroep mah, ngarah naon deui."

Pamadjikan Wirio boengaheun katjida, ngadenge salakina ngomong kitoe teh, toeloej njoesoetan tjimatana bari omongna: „Ari akang ngeunah hate mah, koering oge ngeunah. Ajeuna mah oerang arindit bae, oerang pĕpĕta tea."

Sabot Isla djeung Wirio ngadangdanan roda, pamadjikan Isla njadiakeun dahareun. Geus sadia pek dalahar. Kira-kira tĕngah poë, Wirio sanggeus nganoehoenkeun kana pitoeloengna djeung pangakoena Isla, bral maroelang ka Wangkal.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

VI.

TAMBAH KATJILAKAAN DI WANGKAL.

Wirio djeung anak pamadjikanana, datangna ka Wangkal geus boerit. Pamadjikanana hajangeun geura nendjo imahna noe anjar. Teu woedoe oge beres, tapi djaoeh pisan djeung imahna noe kadoeroek tea, itoe mah pangkengna raroebak djeung dikapoer bodas, bĕrĕsih, papaesna loba, dipalisir.

Ari ieu, dina bilik teh euweuh naon-naon; ngan aja randjang awi doea djeung medja hidji, kalasar boeatanana oge.

Parabot imah noe sakitoe araloesna, agreng, pĕti-pĕti djati galĕde, wadah papakean djeung parabot-parabot araloes, piring, tjatjangkir, noe di aer ĕmas, diparada, sarta koe manehna sok dikoembah oenggal isoek di waloengan, eta kabeh, beak koe seuneu. Ngan gek bae dioek dina bangkoe awi teh, bari tjipanon njoeroeloek, nendjo imah sakitoe boengbang-bangbingna.

Damar tjĕmpor kakalintjĕsan beunang salakina njeungeut, sedjen pisan djeung kapoengkoer mah, mapan loehoereun medja boeleud, ditoeroeban koe pĕrlak aloes teh, lampoe gantoeng aloes, mabra njaangan imah teh.

Kitoe deui, baroedakna ngarasa sedjen ti sasari. Hĕnteu aja pangira, jen kabeh dibasmi lĕdis koe seuneu, sarta bapana koedoe nandangan ripoeh djeung sangsara tahoen-tahoen. Pangheesanana tĕmpat-tidoer kai sarta aloes, ajeuna euweuh, datang ka koedoe ngarĕdĕng dina randjang awi sakitoe gorengna, ngan make samak saheulaj djeung anggĕl sasiki, toerta, eta teh di imah kolotna.

Baroedak teh naranja ka indoengna, mana teu tjara kamarina.

Djawab indoengna bari doemareuda: „Kahoeroean, oedjang! Oerang ajeuna djadi malarat masakat." Tapi baroedak teh teu ngartieun, koemaha ari malarat teh, da salĕmboer eta mah, mapan teu aja noe malarat. Ngan sakitoe naranjana, teu toetoeloejan.

Bawaning tjarapeeun baroedak teh, teu lila tocloej bae harees dina randjang awi teh, dipependе koe indoengna; sakitoe tareuasna teh, heesna talibra.

Wirio harita ngoeroes moendingna, dika-kandangnakeun bari diparaban, diberean djoekoet loba; sanggeus salse, asoep deui ka

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

imah. Pamadjikanana ngageuwat njoesoetan tjipanonna, hajang oelah kanjahoan koe salakina mĕntas tjeurik, tapi teu boeroeng katjiri, parangi prihatin, sarta kadjoedi koe salakina noe dipake nalangsa teh. Koe sabab kitoe, repeh bae teu ditjarita tjarita pĕrkara kahoerocan mah. Barang manehna nendjo Wirio asoep, toeloej hoedang, top njokot aseupan, rek njangoe. Barang kareret koe Wirio, omongna: „Ĕntong njangoe, Njai, bieu aja pangadjak Saleh, oerang koedoe dahar di ditoe. Oerang ka daritoe bae, ngandjang ka djĕlĕma hade, djeung bear boedi."

Pamadjikan Wirio toeloej nempo heula baroedak, tibra-tibrana heesna: geus tetela talibra, toeloej djeung salakina ka imah Saleh. Teu kira-kira bae ngarakoena. Doemoh sarerea pada barerag, balear djadi bae lipoer; ari djol teh sangoe, deungeunna teu loba roepana, tapi pĕrjoga djeung ngareunah, dalaharna teu woedoe, bareubeunangan. Sanggeus salse dalaharna, pek diperenan koe awewe, ari lalaki aroedoed, bakona ngeunah djeung seungit.

Saleh ngomong: „Djelĕma-djelĕma kabeh, ajeuna geus njarahoĕun ti mana nja meunang doeit noe dipake nĕmpoehan sisimpĕnanana teh; koe sabab kitoe, kabeh pada ngarasa sedih, na akang maksakeun manoh kitoe, toer ajeuna koedoe digawe énjaénja 3 tahoen lilana, njotjokan kawadjiban, lantaran noeloengan batoer Koe koering ditjaritakeun ka oenggal djelĕma, tapi bakoena mah, euweuh hidji noe hajang ditempoehan. Na aja bageur dibeakkeun teuing koe sorangan!

Tjeuk Wirio: „Ĕntong dipandjangkeun tjarita, eta mah tjeuk hate, koedoe kitoe. Akang ajeuna ngeunah hate, ngarasa hegar, kari mikir pikahareupeun. Tapi tjeuk rarasaan meal sajah, loba deui dododja djeung pikasoesaheun ka hareup, dalah dikoemaha ngan koedoe sabar bae. Si poesaka, engke mere kaoentoengan ka akang, teu sjak deui, koe sabab eta, akang isoek mimitina, rek digawe énjaan."

„Loba pangharepan, eta, matak singer djeung rantjingas. Ajeuna mah oerang sasarean bae. Noehoen dahar teh koe ngeunah!"

Tjeuk Saleh djeung pamadjikanana: „Noehoen bae. Oepami aja perloe atawa aja kakirangan naon-naon, moendoet bae, da tahoen ieu mapan berkah, pare moeloes."

„Mangga; eta oge pitoeloeng ti babatoeran, geus pirang-pirang naker, noehoen, reboe laksa noehoen!"

Teu lila Wirio djeung pamadjikanana geus daratang deui ka imahna, toeloej sarare.

Isoekna memeh mĕletek panonpoé, maranehna geus marĕta; Wirio ka kandang, maraban moendingna djeung jadiakeun baris digawe. Pamadjikanana miroen seuneu, rek njangoe. Poekoel 6 dahareun geus sadia, ngan teu make deungeunna. Wirio teu pati hajangeun dahar, tapi pek bae dahar, maksakeun manoh sarta

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

rada loba, sabab poë eta rek digawe di tĕgal, nĕpi ka tĕngah poë, tangtoe moal manggih naon-naon. Pamadjikanana merean anakna.

Sanggeus ampĕr-ampĕr, toeloej indit djeung moendingna. Geus aja noe noedoehan baris boeroedjoeleun manehna, sarta koedoe djĕro ĕnja.

Kira-kira poekoel 10, toean Opziener kĕbon toekang ngaloris noe digawe, datang ka Wirio, ngilikan pagaweanana. Panoedjoeeun pisan kana pagawean Wirio, sarta moedji, Wirio beuki kahoedang kadaekna.

Wantji mantjĕran, datang pamadjikanana nganteuran, diiringkeun koe anakna noe tjikal kira-kira oemoer 10 tahoen, soepaja ĕngkena, eta anakna bisa nganteuran bapana. Ajeuna mah koe indoengna soteh, noedoehan djalan bae.

Pek dipoerak panganteuran teh, dina handapeun kai anoe ioeh. Ari Drahman ngagiring moendingna ka waloengan, disina deroem: geus kitoe toeloej diangon, sina njatoean di sisi djalan.

Keur dadaharan teh Wirio njarita, tadi keur waktoe digawe tea, dilongok koe toean opziener, sakitoe boengaheumana nendjo manehna, sarta pisaoerna, pagaweanana bisa anggeus poekoel 4; djadi meureun bisa balik beurang-beurang. Bisa njabak gawe sorangan, da kapan loba pisan pigaweeun di imah teh.

Sanggeus salse dadaharanana, pamadjikan Wirio djeung anakna boeroe-boeroe baralik, melangeun ka anakna noe lalentik; nadjan geus dipihapekeun oge, teu kadoegaeun lila-lila ninggalkeun.

Poekoel satĕngah opat, pagawean Wirio geus anggeus, atoeh datangna ka imahna teh beurang keneh pisan.

Sadatang-datang, toeloej ngampihkeun moendingna, bari diparaban sina seubeuheun, kawantoe mentas digawekeun rosa, da loba ari djoekoet mah, beunang ngala anakna, ditambah deui dibere djagong sabeungkeut gede.

Sanggeus ngoero's moendingna, Wirio digawe, sagawe-gawe; ngomean parabot njawah, da kabeh roeksak, lantaran kahoeroean tea. Aritna paragi anakna ngarit, geus mintoel, koedoe diasah.

Ari geus boerit, kakara eureun digawena. Estoe sapoë djĕpoet digawe woengkoel. Atoeh tjapeeun pohara. Ari mentas dadaharan teh, toeloej bae sasarean.

Isoek-isoek, tjara kitoe bae. Euweuh deui kalakoean, ngan digawe. Tapi Wirio digawena teh djeung résĕp, komo, barang geus ngarasa boeroehanana digawe teh tjoekoep keur hiroep mendjeuhna mah.

Toeroeg-toeroeg, toean-toean di pabrik, meus-meus njaoerkeun, jen pagaweanana kamanah, koe eta oge deui, matak beuki soehoed kana digawena teh.

Biasana memeh poekoel 4, geus datang ka imahna, di dinja pek deui digawe sagawe-gawe. Tatangkalan, boeboeahan, anoe gararing koe kahoeroean tea, toeloej koe manehna ditoengtoet ditoearan, pek didjieunan soeloeh: atoeh teu woedoe, teu kakoe-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

rangan parab hawoe. Sanggeusna ditocaran, teu diantĕp; pek koe manehna dipĕlakan deui boeboeahan noe araloes. Estoe radjin pisan, teu poho kana pikahareupeun.

Hĕnteu sabaraha lilana, geus ngemploh di palataranana, loba tatangkalan noe mareudjeuhna aloes djadina Di djoeroe pakarangan, njieun kĕbon sajoeran, digĕmoek dihade-hade. Djaba ti ngadahar teh, make bisa ngadjoeal, deui, ka tocan di pabrik.

Sanggeus beres pakaranganana, ajeuna dĕk memeres imah, dikapoer nanaon. Ti dinja pek njieunan parabotna, njieun randjang, bangkoe koe kai, atawa awi. Atoeh beuki matak bĕtah bae.

Tanahna pabrik, lĕlĕgana geus anggeus diboeroedjoĕl djeung tĕroes diberesan, geus nĕpi ka tempona tjĕb dipĕlakan. Tiwoena djaradi araloes, datang ka katendjona geus ngemploh hedjo bae, djiga tĕgal diampar alkĕtip hedjo kabeh. Tocan apziener njaoerkeun, jen di dinja kĕbon pangaloesna bae, ti antara kontrak eta, koe pagaweanana Wirio.

Wirio ajeuna koedoe oenggal poĕ ngaliwat ka dinja, sabab meunang parentah koedoe ngoendjalan tiwoe ka pabrik, anoe djaoehna sawareh mah, aja anoe lalakon sadjam. Moendingna, ajeuna digawekeun ĕnja. Kawantoe moending barĕdas, loba nakĕr beubeunanganana teh, sangkilang djeung kira-kira ngamomotanana, beda pisan beubeunanganana djeung noe sedjen, noe moendingna karoeroe koerang ngoeroesna.

Barang mimitina mah narik tiwoe ka pabrik, manehna ngadenge, jen koedoe ditimbang djeung roda-rodana, djeung moendingna sagala, katjida kagetna sarta teu kaharti koemaha pipĕtaeunana.

Tjeuk batoerna toekang roda deui: „Padjoekeun bae ka ditoe, toeh kana itoe", bari ditoendjoekkeun kana hidji tĕmpat, tapi teu katembong aja naon-naon di dinja; sihoreng lĕbah dinja teh, aja timbangan, „Pek sina tjitjing roda maneh di dinja."

Heg koe Wirio ditoeroet. Manehna gantjang bae ngarti, jen eta teh timbangan. Sakeudeung nakĕr, tiwoe, roda, katoet moendingna, kabeh geus ditimbang.

Pikirna Wirio, bari ngabongkar momotanana tiwoe: „Koemaha kanjahoanana, beuratna tiwoena. Padahal kapan beuratna tiwoe woengkoel, noe dibajar teh. Ari roda, kitoe deui moending, teu saroea kabeh beuratna.

Tjeuk hatena, bari balik ngaliwat deui eta timbangan: „Euh kaharti ajeuna mah. Eta roda kosong aja dina timbangan, djoldjol kanjahoan bae beuratna tiwoe woengkoel."

Si roda teh djeung moendingna ditimbang deui, pek ditjangkolongkeun kana beubeunangan ti heula, beh bae timbangan tiwoena woengkoel.

„Tapi aneh," tjeuk Wirio, „Dina roda teh aja 20 pikoel, tjĕnah tjeuk tocan pabrik, tjotjog pisan djeung pikiran aing; djadi teu aja bohongna."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Wirio beurang peuting euweuh deui ngan ngoendjalan tiwoe bae pagaweanana. Moendingna semoena hareseeun pisan Sawareh mah kébonna djaoeh ti djalan gĕde, lamoen momotna beurat-beurat mah, geus moal bisa djalan bae, sabab djalanna loba noe matak tipĕtĕk kikiping.

Ngan kabĕnĕran bae moendingna bisa reureuh lila, sabab di hareupeun pabrik, tampolana aja 50 mah roda anoe naroenggoe. Dina keur toenggoe kitoe, sok moendingna koe Wirio dibere djagong sina njatoean, djeung oepama loba laleur atawa reungit, koe Wirio, sok diképroekan koe dahan kai noe loba daoenan.

Teu aja anoe ngoengkoelan ka Wirio, ngoeroesna moending, karoenjaeun, da ka manehna sakitoe toeloengna; bisa rada gĕde hasilna teh, koe lantaran tanagana eta moending. Kabarti nakĕr pang Wirio tarima ka moendingna, nja eta koe gĕde gawena, noe matak manehna hade ngoeroesna. Anggapanana tjara ka sobat noe satoehoe; geus tara bae meupeuh neunggeul teh, atawa soentarsĕntor. Ari moendingna sabalikna, teuing koe itjeus. Oepama ngadenge sora djoeraganana teh, geus rantjoeng bae tjeulina; ari didangdanan, tjaritjing, malah sok njodorkeun beuheungna.

Dina hidji poë, Wirio keur mawa moeatan tiwoe, ngadagoan di pabrik, ngomong-ngomong djeung batoerna; kawawoehanana njarita, jen di lĕmboer, anggang ti dinja aja kasakit sasalad sato.

Tjeuk Wirio: „Di dieu aja moending noe ti dinja?"

Djawab batoerna: „Loba, malah ieu deukeut, rodana, ti lĕmboer eta."

„Bo", tjeuk Wirio: „Kade geura! Moending oerang oelah sina njatoe oeroetna. Eta kasakit koe gantjang tepana. Kabĕnĕran oerang boga tambana; tapi kitoe, ari moending kakara sapoë atawa doea poë katĕrapna, aja toeloenganana. Oepama moending maneh katĕrap, boeroe-boeroe bae ka oerang, geura, matih nakĕr. Ti bapa, meunang eta oebar teh."

Sanggeus ngomong kitoe, manehna kagiliran ditimbang, ti dinja teu lila djoeng indit, rek momot tiwoe deui. Balikna tjara sasari bae poekoel opat. Moendingna diampihkeun, toeloej manehna sagawe-gawe di lĕmboer, teu euweuh pigaweeun. Keur kitoe djol sobatna, Saleh, djeung hidji Tjina, ginding nakĕr, ngaranna babah Li A Sie, ti dajeuh, toekang dagang, beunghar; bareto sok meulian bako djeung pare ti Wirio

Omong Saleh: „Kang Wirio, ieu babah teh meulian pare ti oerang lĕmboer, tapi euweuh noe sanggoepeun ngoendjal ka imahna, tina keur repot digarawe di sawah. Ĕngkang teh bisa kira-kirana noeloeng ka ieu babah?"

Tjeuk babah teh: „Bajaranana leuwih ti batan di pabrik."

Pikir Wirio: „Lakadalah, kawas-kawas bagdja, ieu. Siga pikaoentoengeun. Mokaha njĕlang sapoeloeh poë mah; di pabrik ajeuna loba roda, soegan moal koemaha, djeung moending deui, moal paamprok djeung moending-moending noe boga kasakit."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Djawab Wirio: „Hade Bah, koe kaoela ditoeloeng: isoekan isoek-isoek, rek ngamimitian. Rĕmpoeg mimiti ti poë isoek, Bah?"

Tjina teh atoheun pisan, pek noedoehkeun tĕmpatna ka Wirio, geus kitoe tjlak kana kahar, toeloej balik ka dajeuh.

Teu lila Wirio eureun digawena, toeloej njampeurkeun tatanggana, gek dioek dina amben, njaritakeun tjarita batoerna tadi, jen aja kasakit sasalad sato, bari omongna: „Oepama katangen aja eta kasakit di oerang, geuwat bae bebedja ka kaoela, karana moen tatjan lila mah, gampang ngoebaranana."

Geus ngomong kitoe, amit ka babatoeranana, ka imahna; di imah njampak pamadjikanana keur dioek ngadagoan manehna, ari baroedakna geus harees. Toeloej Wirio dadaharan djeung pamadjikanana. Sanggeus dalahar, Wirio njarita, jen geus pasini djeung babah, rek ngoendjal parena. Tjeuk Wirio: „Kami mah atoh, meunang pagawean ti Tjina teh, sabab ĕedjana di lĕmboer-lemboer, ajeuna loba kasakit moending, djadi bisa njingkiran, teu tjampoer djeung moending-moending ti lĕmboer eta; ongkoh deui di Babah mah, majarna leuwih ti di pabrik."

Geus kitoe Wirio toeloej hees, sabab tjapeeun katjida, poë eta digawena pohara. Pamadjikanana sanggeus merenan oeroet dahar, noetoerkeun ka ĕnggon.

Tapi peuting eta, barang kakara doea djam sarena, Wirio ngoredjat, ngadenge noe disada tarik nakĕr. Tjeuk pikirna: „Naha eta teh moending, kitoe, katĕrap panjakit, atawa naon?" Toeloej manehna ngagisik panon, tina toendooh keneh, pek dioek, ngadengekeun soegan disada deui.

Ari pek teh, tetela tina kandang moendingna. Geuwat manehna toeroen, neang moendingna, pek diomongan; ari moending teh narendjo ka Wirio, heg disada deui. Wirio beuki kĕkĕtĕgan pikirna, toeoerna njorotjod, bawaning reuwas. Angin ngahiliwir kana beungeutna, nambahan ngagĕtĕr kana hatena barina ngadegdeg.

Tjeuk pikir Wirio: „Bo, geura ieu, kasakit sasalad tea. Moal salah ieu moending teh njatoe djoekoet oeroet moending anoe boga kasakit, tadi di pabrik; weu dododja anjar ieu! Tjoba itoe djoekoetna wareuteuh bae. Bo, tjilaka moending aing katepaan panjakit sasalad, moal sak deui meureun matak njaliara sasalad teh di lĕmboer oerang.

Pikiranana, eta kabeh lantaran bareto keneh bae, lalawora kĕrisna dibawa ti lémboerna ka Galagah! Lah, koe teu geura beak mamala teh; iraha atoeh diganti koe anoe moedjoer deui, tjara bareto. Ngan ieu moending noe dipake tanggeuhan teh, ari ajeuna garĕring. Moega-moega bae, oerang teh tereh manggihan deui moedjoer!

Wirio ragragan tjimata bari balik ka imahna, rek njaloekan pamadjikanana. Pamadjikanana toeroen, noetoerkeun bari mawa tjĕmpor.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Pek didamaran, koe Wirio diilikan, letahna. „Ēnja katĕrap sasalad", omong Wirio ka pamadjikanana: „Ajeuna mah geura ngarieus oebar bae. Raratjikna aja di imah beunang noehoerkeun. Bapa mah geuning geus sababaraha kali ngoebaranana koe eta bae, matih nakĕr. Pek, boeroe-boeroe."

Gantjang pamadjikanana miroen seuneu, naheur tjai dina teko. Wirio koe maneh njokotan raratjikan, pek dikana-tekokeun, toeloej digodgog.

Teu lila godogan teh ngagolak, pĕngarna oebar njamboeang saimah-imah. Kira meunang sadjam, godogan teh dibotolan, toeloej ditiiskeun dina djahas meunang njaian. Geus kitoe tiis, toeloej diinoemkeun.

Peuting harita, tiloe kali diinoemanana. Teu ngoeroes sasarean, ongkoh Wirio mah teu ingĕt-ingĕt atjan kana hees teh, soesah, ngan noenggoean moendingna bae, bari diomongan tjara ka djelĕma. Meus-meus ngahoelĕng manehna teh, ngingĕtkeun lamoen eta moendingna paraeh, koemaha nja pilampaheun, njanghareupan pagawean sakitoe beuratna. Ari pĕta, ngan tanaga moending noe dipake andĕlan teh. Wah geus tjilaka gĕde bae. Ngan meureun, ari paraeh teh dina koeboeranana teh, rek diawoeran kĕmbang, djeung rek ngoekoes.

Tapi, ah, moal ĕnja paraeh. Ongkoh oebar eta mah ti bapa, matih nakĕr, asal kaboeroe bae, mokaha; ari ieu barang katĕrap, barang dioebaran, pirakoe soegan. Djeung deui ongkoh boga kĕris si Poesaka, kapan eta teh ngaraksa pisan kana sagala bahla. Moestahil rek bakal ditilar koe si Poesaka!

Wirio ari ras ka dinja, gĕde hatena, pek deui moendingna diinoeman.

Kitoe bae nĕpi ka isoek. Langit pinoeh koe mega, panonpoë tjahajana teu bengras, kawas noe miloe soesah ka Wirio.

Tatangga-tatangga pada kageteun nendjo Wirio sedjen ti sasari. Biasana mah isoek-isoek teh geus marĕta di boeroeanana; ari ieu katendjo tjitjing bae di istal, bari nangkeup toeoer bangoen soesah. Omongna: „Naha gĕring kitoe? Ah meureun tjapeeun bae, toeloej kaheesan di istal." Ti dinja digĕroan: „Wirio, Wirio!"

Wirio ngoredjat, toeloej njampeurkenn ka tatanggana.

Tjeuk tatanggana: „Panjana teh gĕring."

Walonna: „Koering mah hĕnteu, ngan itoe moending."

„Naon? Moending gĕring?"

„Ēnja. Geuning koering kamari njarita, jen oesoem aja panjakit moending! Ajeuna moending koering pisan katĕrap. Ti peuting mimitina. Hadena kaboeroe dioebaran; aja bae ajeuna mah meueusan."

Tatangga-tatanggana ngaromong, karoenjaeun ka Wirio, bari marawa parabot, toeloej arindit ka sawahna. Sawareh mah aja noe rek naroeloengan ka Wirio. Tapi tjeuk Wirio: „Ieu mah teu aja toeloenganeunana, nĕda didoakeun bae, sing tereh tjageur deui."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Kana digawe, poë eta mah boloampar, ngan njĕlang sakeudeung, ka kĕbon tiwoe, digawe, tapi teu djongdjon, ingĕt bae ka moendingna, teu kadoegaeun lila, toeloej bae balik deui.

Tĕngah poë, dŏngkap Babah Li A Sie tea, toeloej asoep ka imah Wirio, nanjakeun naha tjidra.

Barang nendjo eta Tjina, datang Wirio toeloej nitah pamadjikanana noenggoean moendingna.

Manehna heg asoep ka imahna, njampak babah Lie A Sie keur njĕnjĕkĕl kĕris si Poesaka, ditjokot koe maneh tina gantoenganana, bari ditendjoan. Omongna: „Naha Wirio, teu datang rek ngoendjal pare teh?"

Djawabna bari panonna teu lepot kana kĕris: „Teu bisa Bah, moending koering peuting tadi gĕring. Sabar-sabar bae heula, kira-kira doea tiloe poë mah."

Tjeuk babah teh: „Bo, edas! Naha atoeh teu miara doea rakit, moending?"

„Teu boga doeitna, Bah!"

„His doeit mah gampang, djoeal bae ieu kĕris. Malaoer euweuh gawena. Pipantĕseunana ngagantoeng dina wadah pakarang koela, di imah. Sabaraha rek didjoealna?"

„Moal didjoeal sanadjan sabaraha oge, Bah, kĕris mah, kawantoe toelang-tonggong. poesaka ti bapa."

„Ah, toelang-tonggong teu aja mawatna, geuning anggoer heug bae kahoeroean; ajeuna pek deui moending gĕring. Mĕnding djoeal bae, koe kami dibeuli f 100.— estoe aloes ieu mah."

„Wah, Bah, moal, f 1000 oge, moal didjoeal."

„Oelah kitoe Wirio. palangsiang, boa teuing moending teh paraeh, ĕngke tangtoe boetoeh koe doeit, keur meuli deui moending. Kami mah rek njieun kahadean bae ka wirio, rek dibajar ajeuna ieu kĕris teh f 150.— tapi moal leuwih. Moal aja noe wani, noe sedjen mah kana sakitoe, kami mah ieu bae, bogoh."

„Taja pangintĕn Bah, nadjan koering teu boga kedjoëun oge wiwilanganana."

Ngomongna kitoe Wirio rada ngambĕk.

„Nja eta mah mangsa bodo, ngan oelah handjakal bae ĕngkena, kami nawar geus leuwih ti hargana eta kĕris. Barina oge kami ka dieu teh lain rek meuli kĕris. Iraha kira-kira bisa ngoendjal pare teh?"

„Di mana moending tjageur bae."

„Iraha pitjageureunana?"

„Doeka teuing, panĕda temah oelah lila-lila. Tjoba oerang etang. Ajeuna Senen; kintĕn opatwĕlas poë ti ajeuna, koering ngamimitian mawa pare ka Babah."

„Opatwĕlas poë kakara rek ngamimitian? Bo, gagal. Minggoe hareup pidatangeunana kapal, ari eta pare teh baris diiangkeun kana kapal eta."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Koemaha atoeh! sakitoe deui soegan bae bisa tjageur beh dieu, beh dieu. Sabab moal kadoega ngagawekeun lamoen tatjan tjageur pisan mah. Ari gawe sakitoe beuratna."

Eta Tjina, meunang soesah pisan neangan roda teh. Koe sabab kitoe kapaksa koedoe noeroetkeun pamenta Wirio.

Rada djamědoed inditna Tjina teh ti imahna Wirio. Pikiranana bari toempak kahar: „Na aja djělěma pěrtjaja-pěrtjaja teuing kana pakarang, eta mah Djawa. Panjana teh eta kěrisna beunang digarewol, wět gagal. Sagala teh disěboet poesaka. Keun sia, da mo boeroeng beunang. Rek nitahan si Kromo bae, sina dipaling, moal aja noe njahoëun."

Wirio toeloej ka istal deui, pek nginoeman deui moendingna, koe oebar.

Ngomong djeung Tjina teh, matak nambahan teu ngeunah. Koe naon eta Tjina teh make njabit-njabit katjilakaan kahoeroean.

Barang katangen, moendingna beuki tjenghar, djeung mimiti daraekeun deui njatoean, Wirio rada sěnang oge hatena.

Geus kitoe manehna hajangeuu dadaharan, toeloej ka imahna, moemoeloek. Sanggeus dadaharan pek oedoed. Kakara manehna ti isoek, oedoed.

Geus boerit moending teh beuki měnding. Tetela oebar teh matihna. Peuting eta, Wirio sasarean ngeunah; tapi keukeuh hoedang těngah peuting, djeung djanari, nginoemkeun oebar ka moendingna.

Isoekna, manehna isoek-isoek keneh pisan hoedang. Pamadjikanana koedoe noenggoean moendingna, ari Wirio indit ka těgal, rek dadahoet deui pioebareun, da noe di imahna geus meh beak. Ingětanana njadiakeun djeung baris noeloeng moending sedjen, bisi aja noe katěrap deui.

Wantji pětjat sawěd, geus datang deui. Mani mawa sakaroeng leutik pioebareun; datang-datang, toeloej bae dipoë.

Moendingna, beuki madjoe kana tjageur. Tatangga-tatanggana daratang ti sawah, njalampeurkeun ka Wirio, kabeh pada miloe boengah, sarerea pada njěboet oebar matih.

Geus meunang doea poë, Wirio madjoe deui kana pagaweanana, tapi teu mawa moending, maksoedna moendingna mah rek sina reureuh heula 2 poë mah, lalěsoeeun keneh, oeroet gěring. Tangtoe beubeunanganana moal sabaraha, tapi teu naon-naon, da beunang tanagana sorangan oge, tjoekoep keur dahareun saanakbodjo, darapon narima bae koe saeutik.

Kaboengahanana, oeroet moendingna tjalageur deui tea teu lila, sabab isoek-isoek manehna barang rek indit pisan ka těgal deui, rek digawe, digěroan koe sobatna, pokna: „Wirio, ka dieu geura, sapi kaoela tendjoan, bět kitoe, teu tjara sasari"

Wirio kaget. Djoldjol ras bae kana paragan sato tea; pangpangna manehna njalahkeun sorangan, doemeh manehna noe djadi lantaran, pang sapi batoerna garěring teh, moendingna

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

asalna meunang panjakit ti pabrik, geus kitoe dibawa ka lĕmboerna, panjakit teh tepa ka sato batoer.

Tjeuk Wirio, bari ngilikan eta sapi: „Geus sabaraha lilana, ieu sapi teh kieuna?"

Djawab sobatna: „Geus aja doea poë mah, njatoena saeutik pisan. Ari panjana teh mokaha bae."

„Ngan oelah ĕlat teuing bae", tjeuk Wirio. „Katjida ieu gĕringna. Keun rek njokot oebar ka imah."

Wirio poë eta teu bisaeun ka tĕgal, sabab barang neang kandang-kandang sedjen, wĕt boehbeh bae moending, sapi garĕring. Pamadjikanana ngagodog oebar mani sakantjah. Ari Wirio ngan dagdag-digdig bae ka kandang-kandang sapi djeung moending, ngoebaran. Sateka-teka narekahan moending gĕring teh, sabab roemasa, asal moendingna noe mawa panjakit.

Isoekna, meh sakabehna moending djeung sapi di lĕmboer Wangkal, garĕring. Katjida djĕlĕma-djĕlĕma teh saroesaheunana. Eta koe noedjoe pigaweeunana pisan, rek dipake njambcet sawah. Katjida eta mah saroesaheunana teh. Wirio ajeuna leuwih riboet ti katoekang. Digawe di pabrik mah geus pot bae. Malah rek ngoendjal pare ka Tjina oge djeung ngoendjal bako, teu bisa dina waktoena.

Tapi Wirio ngarasa bagdja, doemeh bisa noeloengan batoer-batoerna, komo manehna pĕrtjaja, jen eta panjakit-panjakit moending, manehna noe djadi lantaran. Sapoë djĕpoet ngoeroes moending gĕring bae, loba noe kaboeroe koe oebarna, nja tjalageur deui Tapi aja bae noe teu katoeloengan. Doeaan batoerna Wirio noe ngalana ka manehna ĕlat teuing, sapina toeloej paraeh. Ari noe rea mah, di djĕro opat poë tjalageur deui. Sarta eta kabeh, tarimana koe dioebaran Wirio bae, dĕmi di lĕmboer sedjen mah noe paeh teh poeloeh-poeloeh.

Kitoe, noe matak kabeh oerang lĕmboer Wangkal mah pada tarima kana pitoeloengna Wirio.

Barang moending-moending tjalageur, Wirio kakara bisa narik pare tea. Tjina teh atoheun nakĕr, barang nampa pare mimiti teh. Gantjangna pagawean ka Tjina anggeus. Manehna atoheun, da rek njanghareupan deui pabrik, bareto geus djangdji djeung toean kawasa.

Tapi ka babah Li A Sie, nja anggĕr sok mindĕng mawaan pare beunang meulian, kawantoe langganan ti bareto, djeung majarna teu woedoe.

Geus meunang sawatara boelan, nĕpi deui kana oesoem diboeat. Tjatjakan aja doea poë bae halodo sarta panas, pare teh meureun pibakaleun gantjang asak. Tapi sakitoe oerang priboemi ngarĕp-ngarĕp djeung nararida hajang halodo, sapoë-poë teh ngĕtjrĕk bae hoedjan Mani beurang-peuting mĕndoeng-mĕndoeng bae pihoedjaneun, pancapoë, tembongna sakeudeung-sakeudeung pisan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Hoedjan ngětjrěk sok ngaroegikeun ka noe tani, sabab matak goreng kana pare di sawah djeung kana bako oge goreng, noe matak toekang-toekang tani, dina oesoem diboeat mah ngarěp-ngarěpna teh kana halodo bae. Digějěr koe hoedjan mah, beuki roeksak bae, pare djadi nanajeumeun, lila-lila mah boeroek. Soe-soekan-soesoekan tjaraah, toengtoengna, gěr bae bandjir, atoeh leb bae kana pare, tambah roeksak, deui

Beu, beda katjida djeung oesoem panen katoekang-toekang! Harita mah, awewe lalaki djeung baroedak, isoek-isoek teh geus arindit ka sawah, bari karakawihan, rek dibaroeat; beubeunanganana pek dibareungkeutan. Ari ajeuna djělěma-djělěma teh ngan narendjo ka langit bae, něda-něda ěntong hoedjan, tapi teu dimakboel. Sawah-sawah kabeh bangoen aloem, djeung tjalěbrek, pělak bako lolobana roeksak, balas kahoedjanan teuing, poetjoekna ngarěloek.

Pangharěpan kana oentoeng teh, geus euweuh taksiran.

Waktoe panonpoë bengras deui, mega-mega njaringkah, pare noe hade, kari aja saparo deui mah. Bako, meh euweuh poeloekeunana.

Komo di lěmboer Wangkal mah, saeutik pisan beubeunanganana diboeat teh. Oerang lěmboer noe karolotna ngarasa kakara, katjilakaan tjara harita. Estoe ngan saoekoer hakaneun satahoen, kitoe oge biheung mahi, biheung moal. Bako teu barisaeun ngadjoeal.

Kaběněran, aja oge saoerang-oerangeun anoe boga pěpěrěnian, sesa diboeat tahoen toekang, ari lolobana mah geus bareak. Oerang Priboemi, teu barisaeun neundeun; tjara boedak bae: dina keur oentoeng, sok awoer-awoeran, tara mikir pikahareupeun. Ari dina oesoem patjěklik teh, djol bae handjakal handeueul.

Oerang Wangkal oge, nja karitoe.

Tjeuk Wirio ka pamadjikanana: „Na, aja kaběněran, taoen toekang doeit-doeit batoer dipoelangkeun! Běněr harita teh arěmboengeun, pikiranana da baleunghar. Ari ajeuna barobah. Kamalaratan nampeu, lamoen seug bareto teu dipoelangkeun teh doeitna, tjěnah meureun Wirio teu bageur. Sabab, nadjan sakoemaha ditembong-tembongkeunana kaběrěsihan oerang, tangtoe bae loba noe nětěpkeun, jen salah oerang. Djeung ari koe kitoe tea mah, ěnja maranehanana běněr. Kěris si Poesaka bareto koe kami tara dibawa ka mana-mana, ka loear ti ieu lěmboer, sabab djěnatna bapa, basa rek poepoes ngalahir kieu: „Sapandjang ieu kěris aja mah, ngagantoeng di imah maneh, tangtoe baragdja djeung aroentoeng bae oerang Wangkal teh."

Kari doea tahoen deui, oerang nja noenggoe, katěboes deui sawah oerang; koe mětakeun kadaek mokaha, ngan oelah kadatangan bahla bae.

Něpi ka waktoe ieu oerang teh koedoe atoh, rědjěki sakadarna tjoekoep. Moegi-moegi bae noe tiloe tahoen koerat-karet teh, digantian koe kasoegihan kabagdjaan. Maneh leuwih njaho: gěde pangharěpan teh, matak hoerip."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

VII.

AKAL BANGSAT.

Si Wirio teh matak karoenja! Ti isoek nĕpi ka boerit koedoe digawe pohara pikeun hakaneun manehna djeung anak-pamadjikanana; tapi manehna gĕde hate bae. Oenggal poĕ wĕkĕl pisan njanghareupan pagawean noe sakitoe beuratna teh, ana balik pasosore, pasĕmon teh kawas noe boengah noe sceka bae.

Dina djĕro satahoen beubeunanganana tjoekoep pikeun kahiroepanana, malah leuwihan. Pamadjikanana mah make bisa meuli parabot imah saeutik-eutikeun, tamba bloengblong teuing. Hareesna make kasoer, djeung geus boga medja, lampoe gantoeng, leutik-leutik bae mah.

Doemadak tahoen eta oerang Wangkal parena moeloes, tjoekoel beubeunanganana. Harga pare moerah, sobat-sobat Wirio teu parohoĕun, pada marere, datang ka leuitna dieusi kawas noe njaramboet bae; atoeh teu woedoe dina doea tiloe boelan mah, beubeunanganana koeli teh teu dipake meuli beas. Nja manehna bisa meuli papakean djeung sakoer noe pĕrloe.

Teu lila datang patjĕklik. Beas goreng teh dina sapikoel nĕpi ka gĕnĕp toedjoeh roepia. Sobat-sobatna Wirio di Wangkal atawa baraja-barajana di Galagah, geus bolampar mere, keur maranehna oge biheung mahi, biheung moal, nĕpi ka oesoem diboeat deui. Wirio teu woedoe ripoeh, beubeunanganana koeli teh keur hakan woengkoel ĕndap-ĕndapan, geus bolampar ingĕt kana papakean atawa parabot imah mah.

Tapi eta Wirio sakitoe ripoehna teh tara pisan njarita, soemawonna hoemandeuar. Ingĕtanana gĕde pangharĕpan pikeun ka hareup sarta mindĕng ngomongan pamadjikanana, jen ĕngke ka hareup moal teu aja kasĕnangan. Estoe gĕde pangharĕpan keur ka hareup teh, sarta pageuh hatena, moal salah deui pisĕnangeunana, ngan samemeh nĕpi kana waktoena teh, koedoe nandangan prihatin bangĕt.

Karoenja pisan Wirio! Naha eta katjilakaanana teh koerang keneh? Naha hĕnteu tjoekoep, djĕlĕma sakitoe pangbeungharna djeung pangdiadjenanana koe djĕlĕma oerang Wangkal, ajeuna

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

koedoe tiloe tahoen tetébéngan, doengkoer-dongkar digawe beurat, keur ngarah sahoeapeun-sakopeun? Eta teh kakara tiloe boelan měntas diboeat, anoe biasana mah, komo oerang Wangkal, saeusi-eusi imah saroeka ati, ari ieu djadi sakitoe saroesaheunana.

Si Wirio digawena geus sababaraha poë dina kěbon deukeut post Katapang, deukeut sisi laoet, anggangna ti imahna lalakon sadjam, datang ka dadaharanana koedoe měkěl.

Dina poë kahidji, mimiti ngaboeroedjoel, njampak aja batoer doeapoeloeh mah, samoending-moendingna anoe pada ngaboeroedjoel, sawah lahanna leuwih ti opat poeloeh baoe lěgana. Oenggal poë ngoerangan, ari ditanjakeun koe Wirio, djělěmana maroeriang.

Harita kakara manehna ingět, jen di Katapang teh kasohor těmpat goreng hawana, koe sabab kitoe manehna teu ngeunah hatena. Naha teu ingět ti bareto, meureun neangan pagawean di sedjen těmpat. Tjeuk pikirna: „Paingan geus doea poë ari ti peuting sok rieut bae."

Harita datangna ka imahna koerang bérag. Sabisa-bisa mindingan soepaja oelah kanjahoan koe pamadjikanana jen aja kasoesahna, tapi keukeuh bae katangen. Katendjo Wirio panonna tjarělong djeung teu pati ngomoṇg, tara ti sasari. Toeloej nanja bari sorana sěmoe kaget: „Koe naon kang, na gěring?"

Wirio kaget, ditanja kitoe teh. Tjeuk pikirna: „Naha aing teh geus katěrap moeriang kitoe? Djeung rarasaan lalěsoe, samar kahajang." Toeloej manehna ngadjawab pokna: „Poegoeh ieu rada rieut. Sapoë djěpoet digawe di noe panas. Lamoen ěngke peuting bisa hees tibra mah, isoek ge leungit."

Manehna ěmboengeun mandi, koe tjai tiis teh ngadegdeg, djeung dadaharan teu ngeunah. Sore keneh pisan Wirio geus ka ěnggon, toeloej hees. Tapi heesna teu tibra; meusmeus lilir, djeung loba impian, deui, noe teu paroegoeh. Isoekna ari hoedang teh beuki aloem.

Tapi isoek-isoek keneh pisan manehna indit ka Katapang, rek dilawan bae moeriang teh. Ingětanana, soegan ěngke keur digawe bidjil kesang, meureun djadi hade.

Barang datang kana pagaweanana, aja noe njarita jen peuting tadi aja doea oerang Priboemi, anoe minggoe toekang digarawe di Katapang, paeh koe moeriang.

Ěnja bae saomong djělěma teh, jen Katapang goreng hawana, djělěma anoe djaragdjag oge, lila-lila mah euweuh anoe koeat.

Ari Wirio mah ajeuna koedoe digawe di dinja. Omongna dina hatena: „Ngan sapoë ieu deui bae, aing ka dieu teh. Lamoen aing gěring, saha noe pingoeroeseun anak djeung pamadjikan?"

Kira-kira poekoel 10, datang opsendĕr ngaronda pagawean.

Gantjang Wirio menta idin oendjoekan. Tjeuk opsendĕr teh: „Aja naon Wirio?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Tjeuk Wirio: „Moegi djoeragan oelah bĕndoe, endjing koering moal bisa digawe deui di dieu, margi ajeuna ge moeriang, oepami parantos katjida, kantĕnan koering loepoet pisan moal bisa digawe deui. Saha noe pingoeroeseun pamadjikan sarĕng anak?"

Tjeuk toean opsendĕr teh dina hatena: „Toeh geus brĕk deui."

Djawabna: „Handjakal pisan Wirio. Tadina pikir aing, pantar maneh mah djagdjagna, tangtoe koeat di dieu.

Nja katjida gorengna hawa Katapang teh. Tina doea poeloeh djĕlĕma toekang ngaboeroedjoel dina djĕro doea minggoe, ngan tinggal gĕnĕp noe tjalageur. Nja geus oelah dipĕlakan tiwoe di dieu mah." Geus kitoe, Wirio dibere pagawean sedjen keur isoekan sarta toean opsendĕr tea toeloej tĕroes ngaronda deui.

Wirio meak-meakeun kadaek digawe harita, hajang ngadjĕdjĕgkeun sapoĕ teh. Rieut geus euweuh rasakeuneunana, hoeloe mani asa dipaloean bae, awak wĕleh teu kesangan mangkilang digawe, meak-meakkeun tanaga, ngarah kesang teh. Manehna atoheun nakĕr bisa toetoeg digawe nĕpi ka poekoel opat. Toeloej balik ka imahna pikirna bari leumpang: „Oentoeng aing hĕnteu nombro di pagawean. Soepaja bisa hees bae ĕngke peuting, moal naon-naon, isoek aing bisa digawe deui, rek di goenoeng bae ngawoeloekoe teh, ngarah sehat."

Tapi Wirio kasakitna leuwih bangĕt ti panjangkana. Peuting eta teu pati hees, kalah ka impian bae loba djeung goendam nanaon, walahwah-weuleuhweuh, datang ka pamadjikanana njaring. Omongna lalaoenan: „Koe naon kang?"

Wirio ngoredjat hoedang, ngimpi matak pigilaeun pisan. Moenggah kadeuleu keneh, nendjo boehaja tjalawak, rek ngalĕglĕg manehna. Teu kitoe, ngimpi nendjo maoeng ngarontok moendingna, digoesoer ka leuweung. Omongna: „Poegoeh ngimpi! Leuh aja reuwas, atoh nakĕr digeuingkeun teh, djeung ieu, na aja rieut, mani asa ĕngab-ĕngaban, di djĕro. Menta tjai ka dieu, hajang nginoem, letah mani asa toehoer."

Pamadjikanana njokot kĕndi, toeloej ditotor. Barang geus seubeuheun, sirahna ditjabak koe pamadjikanana. Pamadjikanana mani pias, bawaning kaget, omongna: „Kang! geuning akang teh moeriang, ieu mani sakieu njĕbretna."

Tjeuk Wirio: „Poegoeh! sakieu teu ngareunahnà. Geus bae Katapang mah, ieu teh moeriang ti dinja."

Geus kitoe toeloej hees deui. Teu lila dĕrĕkdĕk deui bae sasar, malah djeung ngatjo teu poegoeh-poegoeh. Aja teu goendam, sakeudeung-keudeungeun, lah, ngambĕkanana siga noe eungapeun pisan.

Pamadjikanana geus teu poegoeh tjabak, nĕpi ka teu bisa hees deui. Pek dirimboenan koe simboet djeung samping naon-naon, soegan bidjil kesang. Tapi awakna tonggoj bae panas sarta teu aja kesangan, djeung simboet teh meusmeus dikepeskeun koe Wirio.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Barang braj beurang, Wirio rek hoedang, ingětanana rek digawe tjara sasari, mawa moendingna ka sawah. Tapi katjida lieurna djeung soekoe laleuleus teu bisa nangtoeng, loengse taja tanaga, ngan brĕk bae ngagoler deui.

Sababaraha poĕ kitoena teh, leuwih saminggoe; pamadjikanana mah soesaheun katjida, aja pikiran palangsiang Wirio geus deukeut kana adjalna Dina doea tiloe poĕ mah boga keneh doeit keur balandja, tapi liwat tina saminggoe doeitna beak, padahal kasakit mah anggĕr bae. Sobat-sobatna di lĕmboer Wangkal katjida karoenjaeunana ka Wirio djeung ka pamadjikanana Kabeh pada harajangeun noeloeng, tapi lolobana keur sadirieunana oge seuseut seuat. Wirio oge teu hajangeun ditoeloengan koe noe waloerat deui mah. Nadjan njahoĕun, jen sobat-sobatna teh balageur pisan. Ngomong ka pamadjikanana: „Sapandjang oerang boga keneh papakean mah, oelah daek nampa ti noe sedjen, sabab batoer-batoer oorang oge keur saroesaheun."

Tapi Wirio ngahĕlas pikirna, barang nendjo pamadjikanana ngagadekeun papakean. Ari doeitna teh babari pisan beak. Isoekna geus djoeng deui ngagadekeun badjoe lakĕn noe baroedak; geus kitoe totopong Wirio noe pangaloesna. Ti dinja samping pamadjikanana. Ari gĕringna masih keneh bae.

Lila-lila kasakitna rada mĕnding, tapi awakna lalĕsoe euweuh tanaga, dina doea minggoe bae mah, moal bisa digawe. Leumpang oge di imah koendang iteuk. Wirio ngĕnĕseun pisan papakeanana beak kabeh di pakgade, toer ngan sakitoe-kitoena, minangka tanda mata waktoe manehna boga.

Ari ajeuna, tanwande toeloej lapoer. sabab sanadjan Wirio tjageur, moal oedjoeg-oedjoeg meunang rĕdjĕki pimahieun keur nĕboesan. Papakeanana kabeh noe araloes, geus beak digadekeun, ari doeitna, ngan kari sakĕtip-kĕtipeun bae. Wirio geus sisip akalna, pamadjikanana aja pikiran rek ngagadekeun deui toesoekkondena, aloes pisan, tapi eta teh titinggal indoengna, koe sabab kitoe, manehna teu kadoegaeun ngaloearkeun, tapi harita geus rek lah-lahan bae. Hadena aja pitoeloeng.

Dina hidji mangsa pasosore, Wirio keur ngagoler dina saloe-saloe mĕntas moeriang, pamadjikanana dioek gigireunana bari keur kakapoet, djol aja Tjina, babah Li A Sie tea asoep ka djĕro imahna. Doemeh manehna njĕkĕl pakgade, eta babah njahoĕun jen Wirio ngagadekeun roepa-roepa barang, gantjang pikirna si hiri dĕngki teh: „Ieu djĕlĕma tangtoe boetoeheun koe doeit. Ajeuna mah beunang kĕrisna koe aing, keun rek mĕtakeun akal"

Gantjang nitah masang kaharna, rek ka Wangkal, ka imah Wirio. Barang manehna nendjo Wirio gĕring, panonna tjarĕlong, djeung koeroe katjida, pikir Tjina teh: „Paingan, ari kieu mah, papakeanana dibawaan ka pakgade bae." Omong Li A Sie: „Koe naon Wirio, maneh teh gĕring? Handjakal nakĕr, heug aja pagawean. Kami meuli pare ti Litjin, tadina rek nitah ditjokot"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Djawab Wirio: „Taja pĕtana ajeuna mah Kahareup onaman doeka teuing. Leuwih saboelan koering gĕring. „Teu bisa kitoe kieu." Tjeuk Tjina, bangoen karoenjaeun: „Astagah! Atoeh teu bisa balangsiar naon-naon meureun Koemaha ari dadaharan sakieu lobana parabaneun?"

Tjeuk Wirio: „Euweuh deui ngan ngagadekeun bae, aja basa, banda tatalang raga. Eta ge doeka teuing, boa bisa nĕboes boa hĕnteu."

„His, eta mah ĕntong salĕmpang, ongkoh kami anoe njĕkĕl pakgadena oge, koe kami dibere tempo doea tahoen; malah djaba ti eta, kami rek noeloeng ka maneh, bisi maneh boetoeh koe doeit, koe kami dibere ngindjeum, sabaraha bae, panaoerna mah ĕngke bae."

Djawab Wirio: „Noehoen pisan Bah, eukeur mah koering aja noe rek ditawarkeun. Ajeuna mah paparin pĕrsekot bae, sapoeloeh perak."

„Hade, heh ieu," bari toeloej milang opat ringgit dina medja." „Ajeuna mah njieun tandatangan bae ka dinja. Lain bisa noelis? Di dinja geus disĕboetkeun boga hoetang sapoeloeh perak. Heh ieu potlotna."

Wirio pek njieun tandatangan, sarta atoheun; pamadjikanana nja kitoe keneh, doemeh toesoekkondena teu koengsi digadekeun; manehna teu pisan-pisan njangka, jen eta Tjina bageur soteh sabab boga pangarah, nja eta rek ngadjaring (ngaringkoes).

Tjeuk Wirio: „Noehoen sareboe, Bah. Koering kahoetangan kahadean gĕde katjida koe Babah, moega-moega bae koering bisa gantjang malĕs. Di mana koering geus bisa, tangtoe dikoendjal pare Babah, ti Litjin.

Roda koering ajeuna keur njadangan gawe babah."

Tjeuk Tjina teh: „Ĕntong njieun soesah kitoe, koe doeit sapoeloeh roepia. Ongkoh djeung batoer pada-pada mahloek mah koedoe silitoeloengan, mistina ge. Ĕntong sok misit teuing kana doeit teh, ari geus beak mah ngindjeum deui bae ka kami. Ieu a·a opat bon, sapoeloeh-sapoeloeh roepia. Lamoen koe maneh ditanda sahidji, toeloej dianteurkeun ka imah kami, meureun dibere sapoeloeh roepia. Ajeuna mah sing tereh tjageur bae. Dadaharan sing ngeunah, ambeh tereh djagdjag. Ngan koe pamenta kami, poma-poma pisan, oelah roesoeh digawe, bisi karoegrag."

Geus kitoe Babah teh balik. Wirio katjida nganoehoenkeunana.

Wirio masih keneh bae gĕringna. Meusmeus moeriang, meusmeus moeriang. Sabab tara dioebaran koe kina. Aja doea boelan mah kitoe bae, teu bisa pisan digawe. Barang geus tjageur pisan, kakara digawe deui. Orokaja hoetangna ka Tjina, nĕpi ka geus opat poeloeh roepia. Ajeuna eta hoetang rek ditoengtoet dibajaran saminggoe saroepia. Li A Sie, Tjina bageur, tangtoe ditampa majar saminggoe saperak teh. Kitoe pikirna Wirio. Tapi teu lila katangen ngarahna Tjina tea. Wirio dititah digawe saminggoe djĕpoet, barang dina oesoem bajaran, omong Babah Li A Sie ka Wirio,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

djeung manis: „Wirio bajaran maneh ti kami gĕnĕp roepia, tapi hoetang maneh opat poeloeh roepia. Djadi kari tiloe poeloeh opat roepia deui."

Wirio katjida kagetna, koe eta pangatoeran. Manehna rek ngomong, orokaja kaboeroe dipĕgat koe Tjina teh: „Ĕntong loba tjarita, oentoeng maneh, teu koedoe ngentresan oge! Lamoen maneh ĕmboeng kitoe, bajar ajeuna sama sakali, tangtoe kami moal moesingkeun ka maneh."

Djawab Wirio: „Koemaha koering pibisaeun naoer hoetang koering kabeh samasakali, keur dadaharan oge baris saminggoeeun, teu aja."

„His, djoeal bae moending maneh."

Tjeuk Wirio; „Baroek ngadjoeal moending, anoe sakitoe noeloengna, taja pĕtana."

„Kĕris atoeh! koe kami dibeuli saratoes lima poeloeh, ajeuna."

„Ongkoh tjeuk koering oge, eta mah moal ka loear."

„Nja, koemaha atoeh, doeit kami koedoe dipoelangkeun deui, asa bĕnĕr nakĕr. Djadi maneh koedoe digawe di kami gĕnĕp minggoe deui. Isoekan koedoe mawa roda ka dieu."

Tjeuk Wirio: „Koemaha koering dadaharan?"

Tjeuk Tjina: „Pĕrkara eta mah, koemaha maneh bae. Kami mah mapatahan ĕnggeus, soepaja meunang doeit. Tapi maneh ĕmboeng, teu borong di dinja." Bari toeloej Tjina teh aboes ka imahna. Wirio mah diantĕp bae di loear.

Wirio ngomong dina hatena, bari masang deui moendingna rek balik: „Nja pangarahna ĕnja, Tjina teh. Asalna manehna maksa mere ngindjeum doeit, ari ajeuna kitoe, ngaringkoes bae ieu mah, badis ĕnja. Koe teu njana rek nipoe. Bĕnĕr tjeuk bapa, Tjina djeung Arab mah lain pisobateun, teu beunang dipĕrtjaja."

Aloem pisan Wirio datangna ka imah. Pamadjikanana njangka, salakina aja deui noe karasa. Tapi lain. Barang Wirio njarita kasoesahan, pamadjikanana katjida ngahĕroekna, toegĕnah koe babah Li A Sie.

Omong Wirio: „Eta Tjina teh ngagĕbrag ka aing, ngarah aing daek digawe gĕnĕp minggoe, hĕnteu make boeroehan. Tapi keun, da moal ĕnja digoegoe, isoek mah rek digawe ka pabrik bae. Rek dibajar doea roepia saminggoe, sabab leuwih ti sakitoe mah, moal bisa. Ari maksoedna noe ĕnja tea mah hajangeun kana kĕris. Tapi moal beunang."

Isoekna Wirio digawe di pabrik; panggĕbrag Tjina teu ditolih. Barang ka tiloe poĕna, Tjina teh datang ka imah Wirio mawa batoer doeaan barajana. Omongna kasar: „Kami teh rek njokot doeit ka Wirio, bareto ngindjeum ka kami."

Pamadjikanana reuwaseun, toeloej ngadjawab: „Moal bisa majar sama sakali, Bah! Ngan saban toetoep minggoe, Wirio rek datang koe maneh ka Babah, majar hoetang doea roepia saminggoena, nĕpi ka loenas."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Tjeuk Li A Sie: „Ah ĕmboeng, hajang ajeuna pisan, dibajar kabeh."

„Taja pĕtana, Bah, koering mah teu boga doeit sapeser-peser atjan."

Tjina teh kodjengkang, njokot kĕris si poesaka tina bilik, boes diaboeskeun kana kantong, bari omonga: „Rek dibajar koe kami bae."

Pamadjikanana Wirio ngadjĕrit, bari ngarontok ka Li A Sie, rek ngarĕboet eta kĕris, tapi Tjina noe doea deui tea noeloengan; pamadjikan Wirio ditjĕkĕl leungeunna doeanana. Li A Sie gĕlĕdĕg loempat kana kahar. Ari geus dioek dina kahar, batoerna noe doeaan noetoerkeun, toeloej baralik.

Pamadjikan Wirio gĕgĕroan, menta toeloeng. Aja oerang lĕmboer, hidji, doea, noe beridjil, tapi baringoengeun, teu barisaeun noeloengan, ongkoh teu waranieun ka Tjina noe beunghar teh.

Barang Wirio datang ka imahna, pasosore, njampak pamadjikanana tjeurik, keur soesaheun katjida, bangoen anoe kanjĕnjĕrian pisan. Ngomongna ka Wirio pĕgat-pĕgat, njaritakeun noe geus kadjadian tadi. Wirio ngagidir ambĕk, tjatjakan lamoen babah Li A Sie aja, tangtoe tiwas. Lila-lila ambĕkna ngagilir, kana soesah noe lĕlĕb tea.

Koemaha tarekahna, soepaja eta kĕris beunang deui? Doeit keur majar hoetangna teu boga. Ngindjeum ka sobat-sobatna, nja, meureun meunang, tapi pikirna leuwih hade ĕntong. Djeung tatjan poegoeh dibikeun koe si Li A Sie teh, nadjan hoetang dibajar oge.

Meureun tjeuk si bangsat teh: „Kĕris beunang meuli, tjenah. Dikoemahakeun, geura! Pek ditĕrangkeun koe Tjina batoerna noe doeaan, jen maranehanana njaksian waktoe djoeal-meulina."

Wirio geus beak karĕp pisan, teu timoe piakaleun; sobat-sobatna oerang Wangkal kabeh baringoengeun. Toeroeg-toeroeg tjek kapĕrtjajaan kana pakarang, lamoen eta kĕris geus ka loear ti lĕmboer Wangkal, ingĕtanana tangtoe loba katjilakaan, da geus euweuh noe nangtajoengan. Ngan noe bisaeun noeloeng moelangkeun deui eta kĕris, koedoe bangsa Walanda noe gĕde pangaroehna: tapi saha, djeung Walanda teu aja noe wawoeh.

Peuting harita, Wirio djeung saanak-pamadjikanana, geus lain dikieuna bae saroesaheunana, nĕpi ka euweuh noe sasarean. Pikiranana kana kĕris poesaka bae, anoe ditjokot koe Tjina. Estoe matak njĕri ĕnja eta mah, saoemoerna Wirio kakara ngarasa njĕri hate kitoe.

Manehna teh tadina masih gĕde bae pangharĕpan, pikeun kasĕnangan ka hareup. Ari ajeuna, geus teu katoong bae piajaeun bagdja teh, samasakali.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

VIII.

PITOELOENG NOE TEU PISAN-PISAN DINJANA.

Wirio, teu wĕleh-wĕleh neangan pidjalaneun, soepaja eta kĕris kapimilik deui. Sapeuting djĕpoet njileuk bae; tapi di mana beh piakaleun, tjop kana pidakoeeunana si Li A Sie, ekol bohong, ngarah oelah eleh. Koemaha nja pĕta, moen manehna menta toeloeng ka toean Opziener, atawa ka toean Assistent-Resident, didjawab koe si Lie A Sie: „Da koering mah beunang meuli, tjenah! Si Anoe si Anoe saksina", nja eta batoerna noe doeaan tea.

Pikirna Wirio, barang hoedang isoek-isoek: „Ah, soegan rek diandjangan bae si Lie A Sie teh." Toeloej manehna dangdan, rek ka dajeuh. Tapi sampingna noe aloes, badjoe, totopong, noe dipake ngaginding basa ka noe kariaan tea di Galagah, kabeh geus digadekeun.

Anoe aja teh badjoe samping kitoe bae, paragi sapopoĕ tea. Ngan boeboehan Wirio ahli bĕrseka, bararĕsih mah koedoe.

Poekoel toedjoeh isoek-isoek, manehna tarapti. Barang rek djoeng pisan indit, djol si Saleh djeung pirang-pirang batoerna oerang Wangkal, arasoep ka imahna. Saleh ngomong: „Ieu batoer sarerea pada karoenja ka akang. Katambah sararieuneun bilih aja katjilakaan, lantaran kĕris poesaka geus ka loear ti lĕmboer ieu. Koe sabab kitoe, ieu sarerea baris naroeloeng ka akang, pikeun nĕboes eta poesaka. Koedoe dimanah, kabeh oerang Wangkal pada hararĕpeun, eta kĕris boeroe-boeroe balik deui ka akang. Tah, ieu doeit meunang ngoempoelkeun ti sarerea, poma oelah teu ditampi. Mangga bajarkeun ka Tjina teh; tangtoe akang aja hak ngarawat deui eta kĕris. Ẽntong lila-lila dimanah. Akang teh moal ĕnja ngarah tjilaka batoer sarerea."

Djawab Wirio: „Ẽngkang oge kabĕnĕran pisan, rek indit ka si Lie A Sie. Lamoen bari mawa doeit, meureun leuwih ngeunah koe sabab eta, rek ditarima bae eta pitoeloeng doeloer sarerea teh. Ẽnja akang teh hĕnteu pĕgat-pĕgat harĕp kana katjilakaan doeloer-doeloer kabeh, koe djalan ĕngkang. Ajeuna rek pĕrloe pisan pikeun kasalamĕtan bĕrkah sarerea, eta kĕris aja deui di akang, djadi koedoe eta doeit, ditarima koe akang, tapi

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

make pérdjangdjian, di mana akang geus boga, eta doeit dipoelangkeun."

Djawab Saleh parangi atoh, doemeh Wirio daek nampa, pokna: „soemangga."

Tjeuk Wirio deui: „Noehoen sareboe, pitoeloeng doeloer-doeloer sarerea. Moega-moega bae hasil maksoed. Tapi tjeuk rarasaan, lamoem teu aja pitoeloeng bangsa Europa mah noe gĕde pangaroehna, hese."

Sanggeus ngomong kitoe, Wirio indit ka dajeuh.

Barang kakara meunang saparapat djam leumpangna, dina pengkolan djalan, manehna nendjo toean nangtoeng. Nendjo petjina make pasmen bodas, tangtoe toean Aspiran-Kontrolir. Gek Wirio dioek. Toean Aspiran teh njampeurkeun, mariksa bari parangi manis, lahirna: „Ari ka lĕmboer Wangkal, ti dieu djaoeh keneh?"

Pioendjoek Wirio: „Soemoehoen eta, parĕk pisan. Oepami parantos langkoeng pengkolan ieu, djol beh bae katingal."

„Kawas katjida maneh njahona di Wangkal teh, nja?"

„Abdi, oerang dinja pisan."

„Maneh meureun njaho, oerang Djawa noe ngaran Wirio?"

„Soemoehoen, nja abdi pisan."

„Alah-alah, kabĕnĕran, euj! Wirio, ĕnja maneh boga oebar moending gĕring?"

„Soemoehoen gadoeh oge. Nalika di Wangkal, moending aloedoer, seueur noe dioebaran koe abdi."

„Aeh-aeh, ĕnja sabedja teh. Tjing atoeh, Wirio, pangnjieunkeun saratoes botol. Di lĕmboer-lĕmboer ieu beh kidoel, timboel deui eta panjakit teh. Djĕlĕma-djĕlĕma, geus beak karĕp teu barisaeun ngoebaran. Ĕngke koe kami dibajar, sabotolna saperak."

„Oendjoek soemangga; sĕdja pisan abdi noeloengan, namoeng, ĕntong nganggo dibajar. Masih langkoeng oge tina saratoes botol, soemangga, soepados dipaparin botolna bae, doepi landongna mah, ĕntong ngagaleuh."

„Ari ajeuna, maneh rek ka mana?"

„Soemoehoen bade ka dajeuh, aja lĕrĕskeuneun."

„Moal beunang di ĕngkekeun, nĕpi ka isoek? Koe hajang mawa ajeuna, eta oebar teh, doea tiloe botol mah. Oelah salĕmpang, baris dibajar."

„Soemoehoen timbalan, pĕrloe pisan, abdi ajeuna ka dajeuh, teh. Nanging oepami gamparan kĕrsa noeloeng ka abdi, teu sawios, diendjingkeun oge."

„Naha naon? Tjoba tjaritakeun. Moen kami bisa, heug, ditoeloeng."

Toeloej koe Wirio ditjaritakeun, ka eta toean Aspiran teh, jen kĕrisna dirampas, koe babah Lie A Sie, sarta oerang lĕmboer Wangkal saroesaheun katjida, teu aja eta kĕris teh.

Saoer toean Aspiran: „Nja djahat ĕnja eta Tjina teh."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Sing pĕrtjaja, tiloe poë koe kami beunang deui, eta kĕris. Kami njaho, ka eta Tjina teh kabeh. Tapi, ĕnja eta kéris teh, aloes? Koemaha roepana?"

Koe Wirio ditjaritakeun roepana, sarangkana, landeanana, potonganana, pamorna, sagala roepa.

„Asa keur boedak keneh baheula, nendjo kĕris kitoe teh?"

„Pangintĕn, margi abdi kenging eta kĕris teh, ti poen bapa. Doepi poen bapa, nalika djadi djongos, sa-India kadjadjah kabeh. Koe djoeraganana, eta kĕris sĕring ditembongkeun ka tatamoena, margi tina saena."

„Saha ari ngaran bapa maneh?"

„Soemoehoen Moestari."

„Moestari? Ari bapa maneh teh, naha bareto djongosna toean Residen Maarten?"

„Soemoehoen timbalan."

„Djadi maneh, Wirio, anak Moestari, tea. Aneh ĕnja ieu mah. Maneh teu ingĕt, eta toean Residen kagoengan poetra, noe pangleutikna, sinjoh Nico?".

„Kantĕnan. Sĕring pisan abdi oelin sarĕng sinjoh Nico mah. Sok mangnaekkeun boeboeahan, sarĕng mangbĕrĕsihankeun kandang djapati nanaon. Kalintang rĕsĕpeunana kana manoek sarĕng bangor teu kintĕn, sakitoe leutik keneh teh."

Toean Aspiran imoet, saoerna: „Saĕnja-ĕnjana, Wirio, kami, sinjoh Nico teh, noe baheula sok oelin djeung maneh. Kami anak toean Residen Maarten pangleutikna, anoe didjongosan koe Moestari, baheula. Ari Moestari teh, teuing koe bageur!".

Barang ngadenge kitoe, Wirio toengkoel, eraeun, tjong njĕmbah, pihatoerna: „Moegi gamparan ngahampoentĕn ka abdi, reh teu tĕrang, bieu njanggĕmkeun gamparan. Hĕnteu ngintĕn saboeoek-boeoek atjan, jen gamparan poetra toean Residen Maarten."

„Teu naon-naon. Kami mah waas, oeroet baheula sok oelin djeung maneh. Maneh harita kira-kira leuwih 5 atawa 6 tahoen ti kami, sok dipiwarang koe rama kami ngiring-ngiring kami oelin. Isoek-isoek geuning, sok mangmawakeun sabak djeung boekoe, ka sakola. Poekoel sawĕlas djol maneh mapagkeun koe kareta. Pasosore sabot rama koelĕm, sok aroelin di pakarangan, geuning lĕga nakĕr nja?"

„Soemoehoen."

„Harita mah maneh teu woedoe oge bisa ngomong basa Walanda; koemaha ajeuna timoe keneh?"

„Aja bae, saeutik-eutikeun mah."

„Tapi Wirio, tjoba tjaritakeun, waktoe bapa maneh ka loear ti bapa, teu woedoe boga teuteundeunan; bapa mindĕng sasaoeran ka kami. Tapi ari maneh mah kawas teu pati boga. Naha ĕnja kitoe?"

„Soemoehoen timbalan. Nalika maot, seueur oge titilarna. Namoeng seep kahoeroean. Gadoeh sawah disewakeun, dianggo nga-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

gĕntosan ka oerang lĕmboer Wangkal, sakoer noe nareundeun gagadoehanana di abdi."

„Geus Wirio; maneh teh tjara bapa maneh bae, bageur ka batoer. Soekoer pisan. Ieu koe make kabĕnĕran, make papanggih. Pĕrwatĕk kĕris poesaka deui bae. Aneh, kami meh-meh pĕrtjaja kana hikmatna eta kĕris Kieu geura: Wirio! Tendjo itoe kareta kami, doemeh djalan sakitoe gorengna, ari kami pĕrloe noeloeng oerang lĕmboer noe garĕring sapina; kami leumpang bae. Hajoe ajeuna djeung kami balik deui ka Wangkal, heg njieun oebar sabaraha botol bae heula; djadi lalampahan kami hĕnteu gaplah.

Keun kĕris mah koe kami dioeroes, sing beunang deui koe maneh. Malah maneh oge baris didjeudjeuhkeun. Kami moal sĕnang ati, moen anak Moestari hiroepna balangsak. Keun sagala oeroesan koe kami dioeroes. Sing pĕrtjaja, sinjoh Nico rek ngoeroes ĕnja-ĕnja ka batoer oelinna keur boedak."

Pioendjoek Wirio: „Bo, gamparan, oepami abdi ditoeloengan koe gamparan, dongkap ka kĕris poesaka kenging deui, geus pisakoemahaeun bae tarimana, margi dihilian koe naon bae oge, nadjan koe artos sakoemaha oge, moal dikaloearkeun; ari margina agĕng pisan hikmatna, matak ngoentoengkeun sarĕng matak bagdja, katambah bieu pisan didawoehan koe gamparan, koe watĕk eta kĕris, nĕpi ka ajeuna abdi tiasa patĕpang sarĕng poetra toean Rĕsiden Maarten, toer geus djadi pangagoeng, deui."

Saoer toean Maarten: „Hajoe ajeuna oerang ka Wangkal, sabab koedoe boeroe-boeroe noeloengan abdi-abdi noe tjilaka."

Geus kitoe, djoeng doeanana laleumpang, ngarendeng bae bari teu eureun toean Maarten sasaoeran, njarioskeun lalakon andjeunna keurna moerangkalih keneh.

Pamadjikan Wirio barang nendjo salakina reureudjeungan djeung toean, kageteun pisan, komo eta mah, nendjo Wirio ngomong sĕnang, soeka ati djeung eta toean, kawas djeung sobat. Katjida teu kahartieunana, tapi barang dibedjaan koe Wirio, jen eta toean teh batoer oelinna baheula, manehna miloe boengaheun, malah toeloej ngabantoean naheur oebar tea.

Toean Maarten teh bari ngadagoan noe keur naheur oebar, rarat-reret ningalian eusi imah. Katjida roentang-rantingna, tapi bareres, bararĕsih. Nilik parangi djeung tjaritaanana, katangen koe toean Aspiran Controlir, Wirio teh djĕlĕma bageur pisan. Koe sabab kitoe manahna, hojongeun pisan noeloeng.

Kahidji heula, oebar tea rek dibajar sing pĕrjoga, di mana boekti jen matih, rek nitah njieun loba, kana doea tiloe ratoes roepiaeun mah. Euweuh kaheseanana, sabab geus kawidian koe pamarentah, pikeun narekahan ngaleungitkeun eta panjakit.

Wirio njieunna oebar hĕnteu lila. Toean Maarten oge heraneun bĕt sakitoe terehna. Harita meunang doea bĕlas botol, ngan keur njoba bae heula. Oepama toean Aspiran hojongeun deui mah, soepaja ngirim botol kosong bae, tangtoe dipangnjieunkeun.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Toeloej eta oebar teh dipiwarang di-kana-kaharkeun. Toean Aspiran ngalahirkeun tarima kasih, bari sok maparin lima ringgit, saoerna: „Kop, tah Wirio boeroehan tjape, meureun loba gawena keur maneh."

Djawab Wirio: Kantĕnan ari padamĕlanana mah seueur, namoeng ieu mah oebar teh mawi artos. Padamĕlan sakieu alitna mah, tara njoehoenkeun dibajar."

„Teu oemoem bae Wirio! Tampa ieu doeit teh. Maneh teh djĕlĕma hade djeung bageur, tapi oelah teungteuingeun teuing. Lamoen oerang lĕmboer onaman noe malarat tea, noe koedoe mareulina ieu oebar, sedjen pĕrkara, ieu mah da Kangdjĕng Goepĕrmen. Kangdjĕng Goepermen geus ngawidian ka kami, make doeit loba, pikeun meulian oebar djeung narekahan ngaleungitkeun panjakit hewan. Koedoe kieu nja pikiran teh: Maneh ajeuna saolah-olah pagawe koempĕni, eta doeit minangka gadjih maneh. Oepama ieu oebar aja toeloenganana, ĕngke kami meuli loba, sarta harga noe pantĕs."

Wirio teu ngomong deui, doeit teh ditampa, sarta toeloej diteundeun; pikirna: „Koempĕni, ari koempĕni teh beunghar, lamoen eta oebar dibajar, asa gelo, moen teu ditampa teh."

Tapi Wirio hĕnteu tinggal, ari kana ngahatoerkeun noehoen mah ka toean noe bageur teh, bari njoehoenkeun deui pitoeloengna hal kĕris tea.

Saoer toean Maarten: „Kĕris mah keun koemaha kami, moal boeroeng beunang. Isoek ge koe kami dibawa ka maneh, karana kami hajang bĕrdami pikeun noeloeng maneh ka hareup. Kami teu sĕnang katjida nendjo anak Moestari, malarat kieu. Pantar maneh noe katembong nondjol ti batoer. malah bisa matja, bisa noelis nanaon, tangtoe bisa njiar rĕdjĕki tina djalan sedjen, oelah djadi koeli digawe ti isoek nĕpi ka boerit kitoe."

Geus kitoe toean Aspiran Controlir teh tjlak nitih kahar, gagantjangan moro ka lĕmboer noe aja panjakit tea.

Oerang lĕmboer katjida aratoheunana, nendjo toean Aspiran soemping njandak oebar, sabab geus loba moending djeung sapi noe paraeh katĕrap eta panjakit, euweuh deui noe diarĕp-arĕp, ngan pitoeloeng toean Aspiran. Barang soemping, toeloej maparinkeun oebar tea bari ngawoeroek mĕtakeunana eta oebar sarta ngalahir ka Loerahna: „Di mana aja toeloenganana eta oebar, koedoe geuwat lapor."

Geus kitoe toeloej moelih ka dajeuh, soempingna geus boerit.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

IX.

BAGDJA NOE TEU DISANGKA-SANGKA.

Oeroet angkat sakitoe djaoehna, toean Maarten palajeun, tapi teu aja manahna kana ngaso, eling hojongeun noeloengan Wirio. Sanggeus siram toeloej ganti anggoan, djoeng angkat ka babah Lie A Sie, tjara noe ngandjang bae. Soempingna geus poëk. Imahna teh gĕde djeung agreng, ma'loem imah noe beunghar. Pondokna lĕga, lampoena oge mani gĕnĕp, diseungeut kabeh, katjida mabrána, papaes tembok katjaangan, aja pigoera pirang-pirang, wongwongan-wongwongan sagala roepa. Dina sisi tembok djĕro make medja tapekong, paranti njoengsoem, dioekir sarta diaer-mas, mani marakbak. Loehoereunana, dina tembok, aja artja Kong Ngoetjoe, nabina oerang Tjina; dihapit koe doea gambar dewa. Dina eta medja topekong, aja pirang-pirang lilin beunang njeungeut, warna-warna pisan. Dina kamar paragi tamoe, euweuh sasaha. Laloeasa pisan lamoen toean Aspiran Controlir palaj ningalian papaes-papaes teh. Tapi toean Maarten hĕnteu pati djongdjon manahna, hojong geura gok bae tĕpang djeung babah Lie A Sie teh, rek ngoeroeskeun kĕris tea. Barang soep oge ka pandopo. toeloej ngagĕntraan: „baroedak! baroedak!"

Teu koengsi lila, aja badega datang ka loear, toeloej toean Maarten mariksakeun, babah Lie A Sie aja hĕnteuna di imah.

Djawabna: „Aja."

Pek andjeuna miwarang dibedjakeun.

Teu lila babah Lie A Sie datang. hormat pisan ka toean Aspiran teh. Sanggeus tatabean toeloej njalikeun. Geus kitoe djol badegana mawa soeroetoe, teu lila djol noe mawa kĕrekan djeung paranti tjalatjah. Ti dinja djol noe mawa patehan, tjatjangkirna aloes nakĕr.

Toean Aspiran neuteup bae ka priboemi, geus kitoe pek sasaoeran: „Tadi isoek-isoek aja oerang lĕmboer Wangkal ngadoekeun andjeun."

Tjeuk babah Lie A Sie: „Aeh-aeh, naha pĕrkara naon?"

„Omongna mah dipaling kéris."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Baroek maling kĕris? Moegi oelah didangoe bae. Kapan kaoeninga, koering teh djĕlĕma beunghar, sakahojong meureun bisa meuli. Mangga bae tingalian. parabot imah woengkoel, langkoeng ti doea reboeeun."

Saoer toean Maarten: „Pértjaja pisan. ngan soegan meuli atawa koemaha, eta kĕris ti oerang Wangkal?"

„Oepami meser lĕrĕs. Malah waktoe idjab-kaboel djoeal-meuli, disaksian koe poen doeloer djeung dahoean. Mangga bae pariksa doeanana oge. Geura oerang saoer."

„Ah, hĕnteu pĕrloe, eta mah. Itoe oerang kampoeng meureun noe teu bĕnĕr. Djadi andjeun teh kamari ka imah Ardjo di Wirio, meuli kĕris kalawan tĕrang. Sabaraha dibeulina?"

„Saratoes lima poeloeh roepia, tapi eta Wirio boga hoetang ka koering 34 roepia, djadi koering koedoe nambah 116 roepia deui."

„Kitoeh; sarta eta anoe 116 roepia, kamari geus dibajar, kakarek kĕrisna koe Wirio dipasrahkeun ka andjeun; nja kitoe?"

„Lĕrĕs kitoe", bari oemat-imoet babah teh, sabab ngarasa sĕnang hatena, doemeh oeroesan beres. Tapi sangkaanana salah, rehna toean Maarten noe tadina manis teh, oedjoeg-oedjoeg dĕrĕkdĕk bae ngamběk bari sasaoeran: „Lie A Sie maneh bohong, kami njaho tĕrang pisan, eta kĕris koe maneh dipaling."

Tjeuk Tjina teh: „Na koemaha toean wani njĕboet kitoe?"

„Ĕnja maneh bohong, samalah koe kami rek ditĕrangkeun, geura dengekeun:

„Dahoean maneh djeung doeloer misan maneh, geus nĕrangkeun ka kami waktoe maneh njokot eta kĕris, Wirio keur euweuh. Pamadjikanana noe nampa doeitna, ari tjeuk maneh doeitna ditampa koe Wirio."

„Namoeng manawi . . . . . ." pioendjoek Tjina teh.

„Naon? manawi? Ĕntong loba ekol, kadieukeun bae eta kĕris, lamoen teu dibikeun ajeuna maneh diaboeskeun ka boei. Ajeuna koe kami diadjar, noe sok nipoe djĕlĕma leutik teh."

Tjina teh moenggah pias, tina reuwas, teu ngomong sakĕmek-kĕmek atjan, ngan nendjo bae, ka toean Aspiran Kontrolir.

„Hajoh, geuwat tjokot, kami loba gawe deui!"

Djoeng Tjina teh lalaoenan, njokot kĕris tea, sok diteundeun dina medja. bari mioendjoek, pokna: „Oepami toean hojong, tah ieu kĕris teh, tapi estoe koering teu gadoeh dosa. Katjida ieu mah. Meureun manah toean. koering maling adjen-adjen 150 roepia, padahal koering teh Tjina pangbeungharna sadajeuh ieu mah, sarta diadjenan koe oenggal djĕlĕma, malah koe toean Assistent-Resident pisan diadaban. Pikeun koering soeka keneh leungit doeit sareboe, batan manggih pĕrkara kieu: wantoen soempah, koering teu gadoeh dosa. Taksiran moesoeh koering noe ngagogoreng teh, madjarkeun sok bohong atawa nipoe."

Toeloej koe toean Aspiran kĕris teh ditjandak bari saoerna: „Montong aja basa doeit sareboe-sareboe kitoe, djeung montong

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

reuwas-reuwas, ieu rasiah moal aja noe njahoëun lian ti oerang doeaan. Ngan oelah deui-deui bae kitoe kalakoean. Lamoen maneh toepa-tipoe deui kitoe, ieu rasiah koe kami diboekakeun kabeh. Ajeuna mah pikiran bae dosa maneh, malah-mandar bisa ngahadean kalakoean maneh."

Teu lila toean Maarten geus soemping ka boemina, toeloej tjalik bari ningalian kĕris, waaseun pisan eling ka baheula keur andjeunna moerangkalih keneh, mindéng ningali eta kĕris. Lila pisan, ngan tjalik bae dina medja toelisna ngamanahan Wirio djeung salirana koe andjeun. Njeh imoet, roepana boengah dina manahna, doemeh poë eta geus laksana noeloengan oerang Priboemi, komo ieu mah noe ditoeloengan teh Wirio pisan. Sakoemaha piatoheunana Wirio kĕrisna beunang deui, sakoemaha pitarimaeunana ka oeroet batoerna oelin baheula, sarta ajeuna djadi panjaloeoehan manehna.

Manah toean Maarten: „Ieu kĕris oerang boengkoes hade-hade, sarta isoekan isoek-isoek dianteurkeun koe oepas ka Wangkal. Karoenja koe Wirio, geus lila ngarĕp-ngarĕpna; memang kamistian aing boeroe-boeroe noeloengan, sina sĕnangeun hatena djeung sina ngarasa bagdja. Oepas sina talatah, jen aing rek datang pasosore, karana noenggoe heula laporan ti Loerah, pĕrkara oebar kasakit hewan tea, memeh lohor oge datang."

Pek kĕris teh diboengkoes koe soerat kabar, soep dikana-latjimedja-toeliskeun. Barang rek disorog latjina, ret kana medja, aja soerat loehoereun kĕrtas. Tjek manahna bari ningalian eta soerat: „Ĕnja aing koedoe ngawalon soerat ka sobat aing, toean Jager: Njoeratan naon ieu kamari deuih? Toeh geuning menta pimandoreun noe hade kana gawe, djĕlĕma mangarti bisa ngoeroes bako. Teu gampang. Ah keun, Wirio bae rek diasoepkeun, kana ngoeroes bako, ngarti, kabĕnĕran; ngan soepaja Wiriona bae daekeun. Tapi eta koe bĕtah di lĕmboerna. Ah rek diomongan bae, sina daekeun.

Paingan eta oerang lĕmboer pararĕtjaja kana pakarang, da tjatjakan aing bae, lamoen teu njaho mah, eta teh ngan kabĕnĕran woengkoel, meureun pĕrtjaja oge kana poesaka teh. Lamoen Wirio ngadengeeun eta, tangtoe beuki katjida bae si Poesaka dipoendi-poendina. Paingan manehna sakitoe soesaheunana barang eta kĕris ditjokot koe Tjina teh. Tapi isoek oge kapimilik deui, kasoesahna tangtoe leungit."

Kitoe bae dina manahna. Sababaraha lilana teu daekeun lali kana kagorenganana si Lie A Sie djeung kana kahadeanana Wirio.

Isoekna, isoek-isoek oepas geus toempak koeda mawa kĕris poesaka tea ka Wirio. Ari datang, kabĕnĕran Wirio kakara djol mawa saniskara akar-akaran, bongborosan djeung djoedjoekoetan beunang dadahoet ti tĕgal keur oebar tea. Sok boengkoesan teh dika-Wiriokeun, bari pok ngomong, jen toean Aspiran pasosore

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

rek soemping ka Wirio. Geus kitoe oepas teh tjlak deui kana koeda, toeloej balik ka dajeuh.

Gantjang Wirio asoep ka imahna rek moeka boengkoesan tea. Geus aja tjop, jen eta kĕrisna tea, tapi mangmang palangsiang lain, da lahir toean Aspiran teh, rek ditjandak koe andjeun.

Keur kitoe, pamadjikanana djeung anak-anakna njalampeurkeun pada hajang njaho, eusina noe diboengkoes koe soerat-soerat kabar tea. Ari beh teh, ĕnja, kĕris tea; mani disoehoen koe Wirio bawaning atoh, pek ditĕtĕlkeun kana hatena, bari njĕboet ngaran toean tangtajoengan tea, narimakeun, doemeh eta noe ngadatangkeun kaboengahan djeung bagdja ka imahna.

Nja kitoe deui pamadjikanana djeung anak-anakna katjida aratoheunana saloesoerakan, nĕpi ka tatangga-tatanggana njalampeurkeun, naranja aja naon. Tadina nendjo oepas hareupeun imah Wirio, teu lila saeusi imah sakitoe saroeka atina. Pek koe Wirio ditjaritakeun, tatangga-tatanggana mariloe atoh. Teu lila pabedja-bedja datang ka oenggal djĕlĕma noe tjonggah pada daratang miloe soeka, omongna djĕlĕma-djĕlĕma teh: „Ajeuna mah geus oelah bae eta kĕris ka loear ti dieu, karana bagdja djeung kaoentoengan oerang, meureun miloe leungit."

Pasosore barang djĕlĕma-djĕlĕma baralik tina pagaweanana, ngadarenge gamĕlan ditabeuh. Kabeh kaget, naha aja naon; djeung nendjo katja-katja dihiasan. Barang datang ka lĕmboer, dibaredjaan, jen mestakeun kĕris poesaka noe dirampog koe Tjina tea, beunang deui koe pitoeloeng tangtajoengna toean Maarten, Aspiran Kontrolir.

Geus galib pisan oerang Djawa mah, oepama aja kaoentoengan gĕde atawa kasoekaan gĕde teh, sok raramean, njalamĕtkeun.

Katjaritakeun, Loerah noe kamarina dipaparin oebar 12 botol tea, datang ngadeuheus ka toean Aspiran Kontrolir.

Toean Maarten mariksa: „Koemaha oebar teh aja toeloengna?"

„Soemoehoen aja pisan, oelah ka noe geus lami teuing bae oedoerna. Oerang lĕmboer sadajana pada nganoehoenkeun ka gamparan, sarĕng njoehoenkeun deui eta landong."

„Nja hade, malah ajeuna oge kami rek ka Wangkal, rek nitah njieun oebar deui sing loba. Geura moelang bae ajeuna maneh mah, bedjakeun ka djĕlĕma-djĕlĕma isoekan baris dikirim loba, oebar."

Toean Maarten teh estoe djĕlĕma soenggoeh-soenggoeh kana gawe, soehoed, toehoe, iklas njaahan pisan ka djĕlĕma, tara ngantĕp kana kasoesahna, poegoeh poentangeun anoe leutik. Estoe menak Walanda anoe aloes tea ieu mah.

Poekoel doea beurang, miwarang masang kareta, rek angkat ka Wangkal. Samemeh eta, geus miwarang koeli mawa botol kosong pirang-pirang, sina ti heula.

Barang geus deukeut ka lĕmboer, ngadangoe sora gamĕlan ngeunah. Dina manahna: „Eta teh pesta, kitoe? doemeh kĕris

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

poesaka geus beunang deui? Paingan atoeh eta keris diaranggap pangadjina leuwih ti batan émas perak: pararĕtjajaeun, djadi panjinglar matak euweuh panjakit djeung matak salamĕt.

Katjida entengna pikeun njoekakeun djĕlĕma noe kieu mah, djeung soepaja katarimaeun, koe pĕrkara leutik pisan, rakieu. Dewek teu kaharti, eta Tjina koe sakitoe njieunana soesah ka djĕlĕma salĕlĕmboer. Lain matak rĕsĕp, moen oerang njieun kahadean ka pada djĕlĕma? Ka oerangna oge matak bagdja, soemawonna lamoen katendjo koe panon sorangan, saroeka atina, beak eta mah."

Soempingna ka lĕmboer Wangkal, teu karaos deui koe andjeunna, doemeh keurna dina kareta teh, loba noe dimanahan, noe matak teu oeningaeun, jen di Wangkal keur pesta saroeka ati. Katjida ramena djeung baroengahna abdi-abdi, komo barang maranehna narendjo panjaloeoehan si Wirio soemping mah.

Soempingna dipapag soerak, djeung kĕbodjiro. Anoe biasa oerang lĕmboer, di mana aja pangagoeng sok repeh teh, ajeuna teu kawawa. Geus poho kana tatakarama, ngan gĕr-gĕr bae saloesoerakan, ajeuh-ajeuhan.

Toean Maarten oge geus ngama'loem, teu naon-naon, anggoer siga rĕsĕpeun ningali abdi-abdi saroeka ati sarta tjalik, ngaloeoehan sakeudeung. Djol soesoegoeh ka andjeunna. Tina kabageuranana hĕnteu ditampik, saeutik-eutik mah diraosan. Ras deui emoet ka djaman moerangkalih keneh, sok sĕring toeang kadaharan kampoeng djeung raos pisan.

Tapi ari lila-lila mah tjalik, hĕnteu, tina aja badamikeuneun ka Wirio, toeloej angkat djeung Wirio ka imahna. Sasoemping-soemping gek tjalik dina randjang awi, Wirio dioek di handap teu djaoeh, bari mando.

Lahirna toean Aspiran: „Wirio, kami atoh nakĕr, oebar ti maneh teh gĕde toeloengna, asal oelah ka noe geus pajah bae. Ajeuna koedoe njieun deui, sakoemaha bae meunangna. Botolna tadi koe kami geus diiangkeun ka dieu. Handjakal maneh keur pesta soeka-soeka, kapaksa dibĕdol, koedoe njieun oebar; tapi dikoemahakeun, pĕrkara pĕrloe leuwih ti naon-naon."

Pioendjoek Wirio: „Abdi mah gadoeh raos bagdja agĕng kabina-bina, tiasa noeloeng ka gamparan margi geus moal tiasa malĕs bae kana pitandang gamparan, ka abdi sarĕng ka oerang lĕmboer Wangkal sadaja. Sanadjan kĕdah didaměl siang-wĕngi oge, taja pangintĕn moengkir. Soemoehoen ieu mah bahanna parantos sajagi, malah poen bodjo ajeuna keur ngagodogan. Endjing rĕboen-rĕboen, koe abdi bade disanggakeun dina roda, abdi pribados ka dajeuh: atanapi diladjĕngkeuu bae koe abdi dibantoen ka lĕmboer noe aja paragan, soemangga pisan."

Saoer toean Aspiran: „Maneh mah sabapa maneh bae, Wirio. Bapa maneh nja kitoe, memeh dipentaan atawa didawoehan geus tarapti. Panoedjoe pisan eta pikiran maneh. Hade bawa ka lĕmboer

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Tjiloreng bae sama sakali, ambeh teu mitjeun waktoe. Engke heuleut opat poë. njieun deui opat poeloeh atawa lima poeloeh botol, toeloej bawa deui ka dinja, dina roda. Kami pertjaja pisan ka maneh."

„Oendjoek soemangga."

„Djeung Wirio, sakoemaha noe geus dibadamikeun tea, f 1.— sabotolnoa. Heh ieu f 50. heulaanan, sesana ĕngke pandeuri."

„Bo gamparan agĕng teuing. Abdi adjrih nampi, sakitoe agĕngna mah. Pira atoeh dadahoet djoedjoekoetan sarĕng akar-akaran, parantos kitoe, ladjĕng bae digodog."

„Ah, ĕntong diingĕtkeun kitoe. Pirang-pirang djĕlĕma noe digawena teu sakoemaha, nampana doeit leuwih loba. Ieu mah pangarti noe dibajar teh. Kapan koe kami geus ditĕrangkeun, Kandjĕng Goepĕrnĕmen geus ngawidian balandjana, keur ngich-tiaran ngaleungitkeun paragan. Tarima bae ieu doeitna teh oelah hĕnteu, keur ngongkosan ieu pesta sawareh, sawareh deui keur nĕboesan papakean tea ti pakgade."

„Noehoen reboe-reboe noehoen, koe naon dibalĕsna koe abdi kasaean gamparan teh?"

„Anoe koedoena tarima mah kami, karana koe mandjoerna oebar ti maneh, bisa ngaleungitkeun paragan sakitoe matak reuwasna, nja gawe kami djadi. Goepĕrnĕmen tangtoe maparin poedjian ka kami djeung djĕlĕma-djĕlĕma tararimaeun ka kami, lain oentoeng eta kami teh?.

Tapi oerang ajeuna badami sedjen pĕrkara, geura: Kamari kami geus ngomong ka maneh, jen kami teu ngeunah katjida nendjo anak si Moestari malarat kieu. Wirio sobat kami ti leuleutik, digawe naktak-moendak, padahal pangartina tjoekoep, kami nang-goeng, tangtoe bisa njiar kahiroepan anoe leuwih gampang. Koe sabab kitoe, kami hajang katjida noeloeng. Geura kieu: Didjĕmbĕr, maneh ge njaho, di dinja kami boga sobat, djĕnĕnganana toean de Jager, djadi toean kawasa di kontrak bako.

Kamari ieu andjeunna njoeratan, menta toeloeng pimandoreun anoe tjakĕp. Kamari barang kami rek ngampihan kĕris maneh tea, eta soerat teh katendjo, toeloej diilikan deui, ari ras teh ka maneh. Tjeuk hate, Wirio tangtoe bisa, djadi mandor toean de Jager. Koemaha pikiran maneh?".

„Bo, kasĕmbah kasoehoen pisan, namoeng sadaja-daja, oen-djoekan sawaktjana bae, abdi teh teu kadoega nilar Wangkal. Poen bapa maotna di dieu, oerang Wangkal sadajana sarae ka abdi, sarĕng gagadoehan abdi nadjan ajeuna disewakeun oge ka pabriek, aja di dieu, parĕk."

„Koe kami oge geus kataksir pidjawabeun maneh kitoe, tapi maneh koedoe ingĕt pamadjikan djeung anak, sakoerang-koerangna maneh koedoe doea tahoen deui ngalakonan sangsara kieu, djeung maneh koedoe tisoesoet-tidoengdoeng digawe. Tjoba ka Djĕmbĕr mah boga pangkat hade, djeung doenoengan bageur. Gadjih gĕde,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

tjoekoep keur kahiroepan maneh. Oepama ĕngke hajang balik ka dieu tangtoe bisa. Rek njamboet sawah, rek naon, moal aja halangan."

„Soemoehoen timbalan, ari diemoet-emoet mah, jaktos sadawoehan gamparan, abdi teh moal sae nampik pangasih. Soema wontén didaoehkeun koe gamparan, koe lantaran kĕris poesaka, sératna diaos deui. Eta kĕris watékna ngan rek ngoentoengkeun bae ka abdi, lĕrĕs pasanggĕmna poen bapa, nalika bade tilar. Eta saolah-olah pitoedoehna, koe abdi pĕrloe ditoeroet."

„Djadi maneh teh daek, Wirio?".

„Soemoehoen timbalan. Bade dilakonan bae, sanadjan abdi abot ninggalkeun Wangkal oge sarĕng papisah sarĕng oerang dieu. Iraha abdi kĕdah mios?".

„Leuwih hade boeroe-boeroe. Tapi koe kami rek disoeratan heula, njaritakeun lakoe-lampah maneh. Leuwih hade ĕngke bae ngadagoan leungitna paragan. Ajeuna mah kitoe bae Wirio. Kami rek balik, ĕngke meureun dibedjaan."

„Oendjoek soemangga. Reboe-reboe noehoen kana pitoeloeng gamparan. Njanggakeun kawiloedjĕngan, noen!".

Toean Maarten bari moelih dina manahna kieu: „Enja bae sasangka teh, oerang dieu mah katjida pĕrtjajana kana kĕris poesaka, naon-naon teh angkeuhna koe pĕrwatĕk eta bae. Kawasna omongan aing sakitoe aloesna, moal teurak, lamoen si Wirio hĕnteu pĕrtjajaeun kana kĕris mah. Kabĕnĕran beunang diomongan koe aing; toer teu sakoemaha hesena. Ajeuna mah tjoekoep, sobat aing toean de Jager, djĕlĕma hade, toer pintĕr, binangkit, tangtoe bisa mĕtakeun mandor sakitoe mangartina djeung bageurna."

Wirio, samoelihna toean Aspiran Kontrolir, toeloej njampeurkeun ka noe pesta, rek njaritakeun lahirna toean Aspiran tea. Kabeh oerang Wangkal pada ngarĕgĕpkeun ĕnja. Atoeh kasoekaan kaboengahan anoe sakitoe gĕdena teh, lĕs leungit diganti koe doeka, doemeh rek ditinggalkeun koe Wirio, djĕlĕma sakitoe hadena, ahli toetoeloeng. Teu lila djĕlĕma pada meunang bedja, kabeh daratang ka Wirio pada naranjakeun. Tetela Wirio rek pindah, sarta kĕrisna tangtoe dibawa.

Tadi oerang Wangkal sarocka ati, doemeh kĕris poesaka datang deui ka dinja, tangtoe nangtajoengan ka sarerea, ari ajeuna baris dibawa koe noe boga, alamat lapoer pisan. Koemaha pidjadieunana djelĕma-djĕlĕma oerang Wangkal? Ras ingĕteun kana kahoeroean, mani ngarandjoeg, da harita ge, lantaran eta kĕris dibawa njingkah ti Wangkal. Ari ieu, baris sapandjangna lapoer. Koe Wirio kaharti, jen oendjoekanana ka toean Aspiaan Kontrolir goegoep teuing njoemanggakeun. Koemaha geus kitoe?.

Djĕlĕma-djĕlĕma pada maroentangan, soepaja Wirio oelah toeloes; malah njanggoepan rek noeloeng sapangaboetoehna Wirio rek mangdigawekeun, rek dihormat-hormat.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Wirio hajangeun pisan nohonan pamenta sobat-sobatna, tapi geus katjangtjang koe sanggoep, katambah eta teh noeroetkeun pitoedoeh kĕris poesaka, djadi teu kadoega ngarobah deui, omongna: „Koemaha atoeh, da oepama teu daek teh, saroea bae djeung teu noeroet kana pitoeloengna poesaka, kawantoe kadar kaoela noetoerkeun eta (1)"

Geus kitoe, aja hidji hadji ngomong bĕdas: „He doeloer-doeloer noe awewe noe lalaki, oepami sarerea ngarti kana tjaritana Mas Wirio bieu, oerang teh ĕntong mapalangan. Geus bae ajeuna mah, ĕntong diparoentangan teuing, karana moal hade ngahalang-halang ka noe geus diatoer koe Goesti Allah. Kĕris poesaka ĕngke aja matakna ka oerang, lamoen Wirio di dieu. Geuning saoerna: Bagdja tjilakana, noeroetkeun eta poesaka kĕris. Lamoen Mas Wirio manggih kaoentoengan, ingĕtkeun bae lahirna ramana, oerang oge sarerea, oerang Wangkal, tangtoe manggih kaoetoengan. Anggoersih oerang sing baroengah ngaboengahkeun noe rek pindah. leu pesta oerang toeloejkeun, mestakeun kĕris, doemeh mere pitoedoeh kana kĕrsana Pangeran, sakitoe lĕmboetna."

Eta omongan hadji teurak pisan; djĕlĕma-djĕlĕma noe araloem teh balalear deui, toeloej pada njaramĕtkeun ka Wirio. Gamĕlan ditarabeuh deui, sarta djĕlĕma-djĕlĕma kabeh malintjrak, saroeka ati, nĕpi ka peuting pisan, sabab geus tereh meunang bagdja, hikmatna kĕris poesaka, noe diarĕp-arĕp ti babareto.

Wirio loeloegoena anoe mangkoe eta pesta, tapi hĕnteu poho ngalongokan anoe keur njieun oebar, sabab pikirna ngarasa dipĕrtjaja koe toean Aspiran Kontrolir, moen goreng boeboeatanana, era katjida. Soemawonna make dibajar, nadjan teu kitoe oge ngarasa kawadjiban sorangan noeloengan oerang lĕmboer Tjiloreng.

Isoekna batoer-batoerna harees keneh, Wirio mah geus ngadangdanan rodana. Memeh bidjil panonpoĕ indit ka Tjiloreng, nganteurkeun oebar. Ari balik djalan ka dajeuh, nĕboesan papakean.

Oebar Wirio mandjoer pisan, datang ka sababaraha botol ngirimna ka Tjiloreng. Dina djĕro opatbelas poĕ pirang-pirang sapi djeung moending anoe katoeloengan. Keur kitoe, aja soerat ti toean de Jager, ti Djĕmbĕr, jen Wirio baris ditarima djadi mandor sarta koedoe boeroe-boeroe datang. Geus disadiakeun imah leutik, gadjihna dina ngamimitian opat-poeloeh roepia.

Wirio gantjang beberes, parabot-parabotna didjoealan katoet moendingna. Manehna ragragan tjimata barang nendjo moendingna ditoengtoen koe noe meuli. Beurat katjida, pisah djeung moendingna teh, ngingĕtkeun sakitoe toeloengna dina keur Wirio ripoeh, maraban anak pamadjikanana. Harita mah njatoe nginoem

(1) Tĕmĕn-tĕmĕnna di Islam mah teu hade.—
Noe njoendakeun.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

njasat beunang tanaga moendingna bae. Ngan Wirio ngeunah hatena, doemeh didjoealna teh ka sobatna, anoe tjara Wirio bae gětenna kana piaraan.

Komo eta mah ninggalkeun lěmboer Wangkal, těmpat bali geusan ngadjadi, lěmboer sorangan ti boeboedak, estoe beuti mělik pamělaran. Djeung djělěma-djělěma sakitoe njobatna, sakitoe djaradi hidjina.

Isoek-isoek poëan indit, djělěma-djělěma oerang Wangkal, awewe lalaki, karoempoel di imah Wirio, narěpoengan. Barang djoeng loba noe tjareurik. Sapandjang katendjo mah pada ngadaroakeun. Sanggeus teu katarendjoëun, kakara baralik ka saimah-saimahna. Sarerea, euweuh deui noe ditjaritakeun ngan Wirio, tina kabageuranana, djeung ahli toetoeloengna, sarta kabeh pad mangnědakeun, soepaja salamět, bisa balik deui ka Waugkal.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

X.

KONTRAKAN RAWA-TAMTOE.

Ari Djëmbër teh dajeuh leutik, di tëngah-tëngahna pisan karësidenan Basoeki. Kira-kira lima poeloeh tahoen ka toekang, di dinja teh desa keneh. Sakoerilingna leuweung gëlëdëgan woengkoel, ngan aja hidji-hidjieun oerang lëmboer, anoe mangkalan ngadon. ngëbon.

Barang di Poelo Djawa lila-lila kakoerangan tanah pikeun mëlak kopi djeung bako djeung pëpëlakan lian ti eta, nja aja hidji-hidjieun toean tanah, anoe moeka tanah di afdeeling Djëmbër, dipilih anoe lalendona.

Koemaha ari lila-lila mah, leuweung anoe sakitoe rëmpëtna teh djadi kontrak bako djeung kopi, araloes pisan.

Ti dinja loba Walanda noe daratang, boemen-boemen di Djëmbër, mimitina mah toean-toean tanah, geus kitoe djoeldjol noe ngadëgkeun toko, ari geus kitoe, tambah deui bangsa toean-toean anoe tjarëpëng daměl, datang ka di djëro lima poeloeh tahoen teh, djadi nagara rësik sarta bërësih, komo ajeuna mah geus kasorang kareta api, babari ngiangkeun pangasilan tanah ka Soerabaja atawa ka Panaroekan.

Dajeuh Djëmbër teh ajana dina tanah datar. Tanah sakoeriling dajeuh, kabeh pinoeh koe këbon bako djeung pasawahan. Dina tanah-tanah miring oenggahna ka noe loehoer, kontrakan kopi araloes.

Anoe njaraba ka kontrakan-kontrakan, sok taroempak kahar di dinja, disëboetna per, sedjen potonganana djeung di sedjen tëmpat.

Djalanna ioeh, sabab toeroet-toeroet sisina dipëlakan tangkal asëm, kentja-katoehoeeun djalan pasawahan bae, aja noe diparean, dipëlakan djagong djeung ditiwoean. Teu lila beh këbon bako ngiplik-ngaplak, loba noe digarawe, koeli-koeli oerang Madoera, aja mandorna noe ngapalaan. Opsendër-opsendër Walanda loer-lar taroempak bendi, ngaronda këbon. Ana nëpi kana djalan leutik, bendina ditoenda, Opsendërna koekoeroeboetan kana këbon bako noe sadëdëg-sadëdëg djangkoengna, ngaronda noe digarawe.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Sapandjang djalan, boehbeh wawangoenan koe awi, hateupna koe kadjang, nja eta goedang bako. Daoen bako beunang ngala teh diteundeun di dinja, soepaja toehoer koe hawa angin. Deukeut eta goedang-goedang bako, loba imah laleutik, imahna koeli-koeli, djeung noe digarawe di dinja. Ti kadjaoehan katembong aja gĕdong-gĕdong deukeut lĕmboer, parabotna araloes, tetela noe ngeusian bangsa Europa, neuleu sakitoe bĕrĕsihna. Gĕdong noe panggĕdena, boemina toean de Jager tea, djoeragan kawasa kontrak Rawa-Tamtoe. Ari gĕdong-gĕdong noe laleutik, boemina opsendĕr-opsendĕr. Deukeut gĕdong toean kawasa, aja imah leutik loetjoe pisan, sihoreng imah Drahman, anak Wirio tjikalna. Eukeurna leutik miloe djeung bapana. Ari geus gĕde kira oemoer 18 tahoen, Wirio balik, nja koe toean kawasa dipake ngaganti bapana, da sababana bae daekna kana gawe teh djeung mangartina, deui.

Ajeuna lalakon bapana:

Ari Wirio inditna ti Wangkal ka Rawa-Tamtoe teh, di djalanna meunang tiloe peuting. Barang datang ka Rawa-Tamtoe, toeloej ngadeuheus ka Toean de Jager. Koe toean kawasa diakoe toeloej didjadikeun mandor, nja asoep kana imah noe beunang njadiakeun tea. Teu lila kaoeninga koe toean kawasa djeung koe Opsendĕr-opsendĕr teh, jen Wirio djĕlĕma daek djeung mangarti, njaho kana pagawean kĕbon djeung bisa ngokolakeun bako sarta digawena salawasna djeung pikiran, sagala oeroesan saestoena, datang ka toean de Jager beak pĕrtjaja ka Wirio. Katoeroeg-toeroeg Wirio teh oentjoel ti mandor-mandor sedjen, dipikarĕsĕp koe djĕlĕma. Koeli-koeli pada rĕsĕp digarawe di Wirio, sakitoe Wirio garangna kana gawe teh, sarta ngĕprikna leuwih ti noe sedjen. Ari sababna Wirio leuwih dipikarĕsĕp koe koeli-koeli, eta doemeh adil: mandor sedjen mah teu aja noe sabenĕrna tjara manehna. Kalolobaanana sok ngarah ngarinah bae ka noe koeli teh, noe matak sok teu koe hanteu, loba kadjadian noe matak roegi ka kontrak

Meureun bae, mandor-mandor sedjen teu rarĕsĕpeun ka Wirio. Loba noe sirik, sabab Wirio mah dipoedji koe toean kawasa, tina kagĕtolanana. Pangpangna, eta, koe dipikarĕsĕp koe djelĕma tapi sakitoe njarahoĕun teh sababna, ongkoh gareuleuheun bae.

Mindĕng pisan dipitenahkeun ka toean kawasa, tapi salamĕt-salamĕt bae. Malah aja noe ngarah pĭsan, rek ngabongohan ti noe soeni; kabenĕran Wirio salawasna ati-ati djeung teu lila, sadatangna ka Djĕmbĕr, geus kawĕntar kasiatna kĕris poesaka tea, sanadjan tatjan aja noe nendjo kana eta kĕris, tapi geus njarahoĕun, jen kĕrisna aja kaahenganana. Djĕlĕma-djĕlĕma kabeh pĕrtjajaeun katjida da tara katangen bohong ongkoh, sapandjang aja keneh kĕris eta, noe bogana moal asor bae. Koe sabab eta mandor-mandor noe sedjen, euweuh noe wani ka Wirio teh.

Katjaritakeun, nĕpi ka oesoem moepoel, toean kawasa teu kira-kira bae boengah manahna, doemeh bako sakitoe lobana, toer sakitoe aloesna, komo bagian Wirio mah, beubeunanganana

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

leuwih ti noe loba. Tapi tahoen eta teh kaitoeng apés, sabab loba pisan goedang kahoeroean. Ngan di tjékélan Wirio woengkoel noe salamét teh. Wawangoenanana tarétép saasal keneh bae, démi di noe sedjen mah, aja noe geus doea tiloe kali diadégan.

Biasana saban-saban kahoeroean teh, pirang-pirang bako anoe miloe kadoerock. Djadi nadjan beubeunanganana ti kébon sakitoe tjoekoelna oge, malah bisa roegi-roegi keneh bae, atawa teu aja pisan oentoengna. Anoe teu kahartieun koe toean de Jager teh djeung koe opsendér-opsendér, nja eta koe di bagian Wirio tara pisan kahoeroean. Ngan priboemi bangsa kolot-kolot noe njaraho sababna teh, nja eta doemeh Wirio boga kéris poesaka mangkilang teu atjan narendjo kana eta kéris. Atoeh Wirio beuki diaradjenan bae koe oerang dinja.

Kaemper-emper ka toean kawasa, jen Wirio boga kéris poesaka aheng katjida. Aja noe ngoendjoekkeun, hidji aki-aki, waktoe aja deui goedang noe kahoeroean.

Ari toean de Jager mah goemoedjéng bae ngadangoe tjarita kitoe teh, da pangna goedang-goedang mandor sedjen séring kakahoeroean teh, koe andjeunna oge geus kamanah, eta tangtoe aja noe djail bae. Tapi ari akalna soepaja djéléma-djéléma oelah ngadoeroek goedang, oelah djarail kitoe mah, wéleh bae tatjan manggih. Geus dikieu-kieu teh, gagal bae.

Pihatoer opsendér noe pangkolotna: Manawi oerang tjobi dialihkeun bae, eta poen Wirio ka apdeling sanes."

Koe toean de Jager dimanah. Nja, Wirio teh dipindahkeun ka témpat noe panglobana kahoeroean.

Katjida anehna teh, barang sok Wirio dipindahkeun ka dinja, pagawean djadi beres, djeung djémpe teu aja goedang kahoeroean. Oerang kampoeng mah geus neken bae, jen eta teh pérwatek kéris poesaka tea, tapi toean kawasa teu ngandéleun bae. Ari manahna, ngan koe kapintéran loeloes-moeloesna Wirio bae, mana-mana noe dimandoran koe manehna, pagaweanana djadi, ari oerang kampoeng mah noedingna koe pérbawa kéris, madjah teh.

Geus kitoe toean kawasa panasaran, tina hojongeun ngadjaga tanahna toeloej Wirio disaoer, pék dipariksa: „Enja Wirio, maneh boga kéris aloes?"

Pioendjoekna: „Soemoehoen, oepami panasaran hojong tingali, mangga, koe abdi bade dibantoen. Tara dipake ngarah ginding, margi teu sae."

„Hajang oge ngilikan, tapi éngke deui bae. Ajeuna mah rek nanjakeun eta bae, doemeh tjeuk oerang kampoeng, eta kéris teh matak oentoeng djeung matak salamét bae ka maneh. Énja eta teh? Maneh pribadi pértjaja ka dinja?".

„Abdi mah noe parantos boekti bae, eta kéris poesaka mawa bagdja ka abdi. Sapértos abdi pindah ka dieu, koe hikmatna eta kéris."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Kitoe? Ari rasa kami mah, maneh ka dieu teh koe toean Maarten; ari kĕris mah ngan doemadak bae, katoeding koe karikari. Tjoba Wirio tjaritakeun noe satĕmĕn-tĕmĕnna, naha ĕnja eta kĕris nangtajoengan, kana kahoeroean tjĕkĕlan maneh?".

„Doeka ari kana kahoeroean onaman mah, ngan abdi wantoen bae njĕbat, jen eta kĕris matak rahajoe kana ieu kontrakan."

„Koe naon atoeh eta kahoeroean noe loba teh? Tara dipikir eta koe maneh?".

„Kantĕnan sok dipikir mah, malah tĕrang oge margina sahidjihidjieun, moeng abdi teu kadoega oendjoekan bae ka gamparan, inggis bilih bĕndoe. Ajeuna rehna dipariksa, koe abdi rek dioendjoekkeun bae. Jaktosna mandor-mandor noe lĕpat."

„Boeroek mandor? Na koemaha noe matak aja tarĕka kitoe?".

„Soemoehoen timbalan, kantĕnan gamparan mah teu oeninga. Eta mandor-mandor njeuseup gĕtih koeli-koeli; noe karoeli teh digĕntjet, dipĕrĕs doeitna."

„Pirakoe barodo-barodo teuing noe koeli teh, make marere doeit ka mandor."

„Sanes kitoe, si koeli teh digawe saroehoed, sapĕrtos ngababad atanapi ngored. Ari parantos, padamĕlanana teh disĕboet goreng, atoeh bingoengeun djĕlĕma teh, ingĕtanana tangtoe moal kenging boeroehan. Ti dinja teu aja deui djalanna, kadjabi doeit boeroehanana tea dihatoerkeun sawareh ka mandor, kakara dibajar. Namoeng dina hatena teu ngeunaheun, nja saakal-akal, goedang bakona disoendoet, soepaja si mandor tea, diseuseul koe gamparan.

„Seueur deui kaboektian, jen noe karoeli teu dibajar samistina. Koe pĕrkawis kitoe, teu wĕleh-wĕleh ngarah ka mandor."

Saoer toean kawasa: „Wirio, maneh wani ngagorengkeun batoer mandor, kade geura, maneh pribadi noe mangke meunang hoekoeman."

„Tah geuning. Abdi geus njangka, jen gamparan baris ngalahir kitoe, noe mawi tadina abdi teu wantoen ngoendjoekkeun. Doepi ajeuna abdi dipariksa, nja dioendjoekkeun sapaměndak abdi, margi katimbang baris dipariksa pandjang. Kantĕnan ĕngke, kaboektian sapioendjoek abdi."

„Keun bae. Wirio, koe aing rek dipariksa ĕnja. Ajeuna mah geura indit bae ka ditoe, kade maneh mah djĕmpe bae, oelah tjatjarita ka batoer"

„Oendjoek soemangga."

Barang Wirio geus indit kana pagaweanana, djoeragan kawasa ngahoelĕng bae deukeut medja toelisna, sasaoeran njalira: „Edas eta mah, naha teu katangen ti tadina. Djeung deui eta opsendĕr-opsendĕr, naha euweuh pisan noe aja sangka, jen mandor-mandor ngadjĕpit ka noe karoeli? Teu kaharti ĕnja eta mah! Tapi aing pĕrtjaja ka Wirio, omongna tangtoe bĕnĕr. Ngan koemaha mariksana, soepaja beunang laoekna, herang tjaina"

Geus kitoe hoelĕng deui djoeragan kawasa teh ngamanahan eta.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Ti dinja tanghi, ladjĕng sasaoeran: „Ah! mending dipariksa bloekblak bae deuh.

Ĕngke oge bangsatna tangtoe beunang. Moen tetela saomong Wirio bĕnĕr, teu beunang hénteu tangtoe kaboeka ieu rasiah.

Bari sasaoeran kitoe, koredjat ngadĕg, toeloej miwarang masang kareta.

Gantjangna kareta dipasang, ladjĕng angkat ka kĕbon, mariksa kĕbon bako noe loba koelina keur digarawe, pek njaoer noe karolot doea tiloe, dipariksa bisi aja kapanasaran ka noe djadi mandor. Kabeh pioendjoekna: „Soemoehoen timbalan, ari didamĕl abot, doepi mandor sok mentaan doeit ka noe koeli. Oepami teu dihatoeranan, sok toeloej bae padamĕlan diawon-awon. Da noe panoedjoe mah, eta Wirio. Eta mah adil."

Nĕpi ka beurang pisan toean de Jager mariksana, kakara eureun. Kasaksi ĕnja, jen Wirio saomong-omongna bĕnĕr djeung kaoeninga anoe djarahat teh. Harita keneh kabeh mandor-mandor katoet Wirio, deui disalaoer. Barang geus daratang, ngalingkoeng tjaringogo, toean de Jager sasaoerang bĕdas:

„Aing ajeuna meunang katĕrangan ĕnja, di maraneh aja noe ahli tipoe, ngadjĕpit noe koeli, datang ka djĕlĕma-djĕlĕma teh gareuleuheun sarta ngarah, marĕtakeun roepa-roepa kadjahatan. Kastro, Kartoedjono djeung Soekirman ajeuna dilĕpas.

„Hajoh arindit ka ditoeh, oelah nintjak-nintjak deui kontrak ieu."

Tina hojong poeas ngoesirna, djeung ngadĕg noemdjoek kana panto bari noendoeng eta tiloe mandor.

Mani pias tiloeanana arindit, lalaoenan djeung ngarasa handjakal katjida. Mandor-mandor noe sedjen taroengkoel, euweuh noe kadoega tjĕngkat-tjĕngkat atjan, soemawonna nendjo mah ka djoeragan kawasa. Ngan Wirio noe wani nendjo teh, isarat nembongkeun, jen bĕnĕr omong manehna tadi teh, isoek-isoek.

Sanggeus mandor noe tiloe arindit, djoeragan kawasa sasaoeran ka mandor-mandor noe lian, saoerna: „Maraneh teu dilĕpas teh saheulaan, lain koe sabab balageur, ngan rek ditjoba bae. Ingĕt, samangsa aja deui kahoeroean, mandorna noe boga tjangkingan tea, dilĕpas. Djig kabeh geura baralik, lampah goreng leungitkeun! Djĕlĕma anoe bĕnĕr mah teu kakoeroeng koe ieu parentahan, aing njaho di dieu mandor-mandor noe bĕrĕsih atina."

Barina ngagengsor mandor-mandor teh baridjil ti kantor djoeragan kawasa, kabeh sarieuneun. Ti harita langka pisan kahoeroean, sarta djĕlĕma-djĕlĕma sarĕnangan pikirna.

Koe Wirio diboekana noe djarahat ngahoeroean goedang-goedang bako teh, nja toean kawasa bisa mĕtakeun ichtiar koe kakĕrasan. Teu kira-kira bae tarimaeunana ka Wirio, ngan teu pok bae. Ajeuna pĕrtjajaeun leuwih ti bareto. Gadjihna oedjoeg-oedjoeg dioendakkeun tina *f* 40.- kana *f* 60.-, atoeh Wirio bisa oge neundeun saboelan-saboelanna teh. Dina oesoem moepoel tina

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

gĕde beubeunanganana meunang pĕrĕsen *f* 300.— dibrokeun sama sakali. Mandor-mandor noe sedjen oge pada dipĕrĕsenan, tapi teu loba tjara Wirio, tjangkingan Wirio mah panglobana kaoentoenganana djeung goedang-goedang bakona pangsalamĕtna, euweuh noe kahoeroean..

Tina roepa-roepa pĕrkara tembong asihna eta toean kawasa ka Wirio, sarta Wirio beuki sarĕgĕp bae digawena.

Dina oesoem mĕtik deui geus poegoeh di bagian Wirio, di bagian mandor-mandor sedjen beubeunanganana tjoekoep pisan, datang ka tjeuk noe geus hareubeul mah digarawena di dinja, kakara bae pĕlak bako sakitoe aloesna.

Ongkoh di kontrak Rawa-Tamtoe teh kakara digarap koe djĕlĕma sakitoe saroehoedna, garĕtolna, lantaran katarik koe kadaek Wirio; noe loba noeroetan, tina pada harĕp kapake tjara Wirio. Kontrak-kontrak, noe deukeut, kaelehkeun kabeh, nadjan tahoen hade oge, da noe digarawena teu aja noe narik tjara di Rawa-Tamtoe, beubeunanganana teu bisa ngalawan ka kontrakan toean de Jager. Koe toean de Jager kagalih, Wirio noe djadi lantaran sakitoe madjoena teh.

Pĕrkara kahoeroean, geus teu kadenge-denge deui. Mandor-mandorna pada ĕnja-ĕnjaan ngadjagana, katambah noe koelina euweuh noe teu ngeunah, da bajaranana euweuh noe koerang. Wirio oge boengaheun pisan, doemeh sanggeus manehna djadi mandor di dinja, Rawa-Tamtoe sakitoe madjoena. Beuki pageuh bae kana kĕrisna, ingĕt bae ka wasiat bapana basa rek maot: „Ieu kĕris poesaka pĕrbawana matak bagdja ka maneh."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

XI.

TILOE BANGSAT.

Di Rawa-Tamtoe geus bakoe, dina rek mimiti mětik teh sok pesta, ari geus salse ngokolakeunana pamoepoe, sok siděkah gěde. Ana děk teh digawe, djělěma-djělěma teh beuki sarěgěp bae, nendjo taneuh sakitoe ridoehna, tangtoe pialoesaeun deui bae bakona. Wirio geus doea tahoen digawena di dinja, ajeuna naek djadi mandor běsar. Pagaweanana anoe bangga geus kaliwat djadi ajeuna rada sěnang meureunan. Bisa ninggalkeun sakeudeung-keudeungeun. Manehna pěrmisi ka toean de Jager saboelan, hajang ngalongok baraja-barajana di Wangkal.

Manehanana djeung pamadjikanana tara poho-poho ka lěmboerna djeung ka baraja-barajana, sobat-sobatna noe sakitoe daralitna. Ari tjaang boelan, manehanana minděng dioek hareupeun imahna, bari njaritakeun Wangkal.

Dina hidji sora badami rek njaba ka lěmboerna, noe rek didjieun pangbalikan.

Wirio ajeuna mah teu kasoesahan koe doeit. Sakitoe tatjan lilana digawe di Rawa-Tamtoe, manehna geus bisa neundeun leuwihna f 1000.— djeung oenggal boelan ditambahan.

Poë piinditeun geus ditangtoekeun poekoel 9 isoek-isoek, saimah-imah rek indit dina tjikar sapi. Wirio ngadeuheus heula ka toean de Jager, rek amit djeung rek aja noe disoehoenkeun. Barang manehanana datang ka kantor toean kawasa, manehanana njokot kěris poesaka bari oendjoekan.

„Abdi bade njoehoenkeun sih pitandang gamparan, oepami gamparan kěrsa mah, bade ngawěratan ieu."

Toean de Jager kaget djeung ngawalon: „Heug bae Wirio. Tapi teu kaharti naha eta kěris poesaka noe sakitoe aloesna teu dibawa, ongkoh biasana oerang Djawa noe tjoekoep mah, ana njaba sok njoren kěris."

„Kąngdjěng", pioendjoek Wirio, „abdi parantos ngalakonan dawoeh gamparan, njoren kěris waktos ka noe kawinan, handja-kalna doegi ka ajeuna, margi waktos ieu poesaka ka loear ti rorompok, kahoeroean di kampoeng sapoeloeh rorompok seep pisan

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

katoet noe abdi kadoeroek, abdi seep lĕdis kagadoehan sarĕng artos noe sobat-sobat abdi seep, abdi teh djadi malarat. Dongkap ka pikeun tĕda abdi saanak bodjo, kapaksa kĕdah koeli-koeli. Oepama teu dibantoen mah poesaka teh, moal agĕng teuing tjilakana, malah kawas moal aja katjilakaan kitoe; eta margina ajeuna moal dibantoen. Abdi ngaraos aja alamat, oepami ieu kĕris ajeuna dibantoen, di dieu baris aja tjilaka. Sangĕt pisan panoehoen abdi njoehoenkeun soepados ieu kĕris, disimpĕn koe gamparan."

Toean de Jager goemoedjĕng, sakitoe pĕrtjajana si Wirio, kakasih andjeunna, bari njaoer: „Heug koe kami eta kĕris diampihan, rek diteundeun di kantor. Wirio sing salamĕt di djalan. Maneh digawe di dieu doea tahoen, ajeuna pek maneh njieun kapĕlĕsiran."

Wirio nganoehoenkeun ka toean de Jager, toeloej indit ti kantor, bral djeung anak pamadjikanana ka Wangkal.

Katjaritakeun dina hidji waktoe, pasosore, kira-kira poekoel 7, saditinggal koe Wirio, di pajoeneun boemi toean kawasa, loba koeli karoempoel ngadaragoan bajaran. Toean kawasana djeung opsendĕrna keur riboet katjida, tapi ngan oekoer sadjam, beres. Leuwih paro geus narampa boeroehan maroelang, saroeka ati; sawareh aja noe toeloej ngaropi di waroeng, sawareh geus karĕsĕleun, teu geura kasĕboet ngaranna.

Keur riboet majaran kitoe, aja 3 euwah-euwah asoep ti toekang. Harita teh geus poĕk katjida, datang ka teu katarendjoĕun koe koeli-koeli noe keur ngadaragoan bajaran boeroehanana. Datangna mapaj pagĕr sisi pakoewon Kira-kira 20 M. deui kana tĕmpat majar noe koeli tea, noe panghareupna ngarandĕg. Batoerna noe doea oge miloe ngarandĕg deui. Koe noe ti heula diisarahan, toeloej naragog, kahalangan koe tangkal kai gĕde. Aja sapoeloeh minoet taksiran darioekna di dinja teh. Euweuh hidji djĕlĕma noe nganjahoankeun. Toean kawasa djeung opsendĕr euweuh sangka, baris aja pibahlaeun.

Bangsat noe kahidji teh gantjang tjĕngkat toempa-tĕmpo tapi taja noe nganjahoankeun, toeloej njoeloesoep kana panto toekang, bloes ka gĕdong. Batoerna noe doeaan kĕlĕmĕt deui lalaoenan kana deukeut panto oeroet batoerna asoep tea. Njalinkĕr kana goemploekan pĕpĕlakan poering noe ngaronjok.

Sanggeus salse majaran, toean kawasa toeloej dahar djeung toean Opsender. Teu lila daharna ĕnggeus. Toean kawasa ngadaměl soerat iangkeuneun isoekan djeung toean Opsendĕr noelis-noeliskeun oeroet bieu majaran. Poekoel 9 toean Opsendĕr amit, toeloej moelih toempak bendina.

Toean de Jager toeloej ka kantorna deui, noelis nĕpi ka poekoel 11, kakara anggeus. Geus kitoe djoeng ngadĕg rek ka pangkeng pasareanana. Doemadak ngareret kana kĕris pihape Wirio tea ngagantoeng loehoereun randjang.

Ras eling ka Wirio, lahirna dina manahna: „Aja-aja bae djĕlĕma, na, pĕrtjaja-pĕrtjaja teuing ka noe kitoe. Pikeun djĕlĕma bodo

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

onaman teu naon-naon, ari Wirio mah djělěma geus meunang pangadjaran djeung mindĕng tjampoer djeung Walanda. Tapi bět pĕrtjaja kana pĕrkara kitoe. Aneh. Nja, kadjeun koemaha bae oge, Wirio teh poegoeh djělěma sĕtia djeung bĕnĕr. Keun bae kitoe mah. Da matak moeloes djeung madjoe ka kontrakan, hajang naon deui."

Bari sasaoeran dina manahna kitoe teh, angkatna beuki deukeut kana randjang tea; malah kĕris teh aja manah rek ditjandak hojong ningalian ĕnja-ĕnja. Barang rek top pisan njandak kĕris, dikolong randjang aja noe oesik, kawas rada katadjong koe sapatoena. Toean de Jager tjitjing sakeudeung, tapi ras eling geuwat njandak kĕris tea, bari dipĕsat. Dina manahna: „Tah, aing teu sieun ajeuna mah. Ieu di kolong randjang aja djělěma njoempoet, tangtoe noe rek maling. Keun bae, tara bogaeun pestol ieuh, da oerang kampoeng, di bogana oge kĕris. Djadi saroea, pada njĕkĕl kĕris, bedana aing mah koe tiloean teu sieun. Tapi aing koedoe ati-ati. Lamoen si bangsat ngarasa kĕpĕlĕngkok sok tetekadan, leuwih hade bidjil njaloekan boedjang."

Geus ngamanah kitoe, toeloej loengsoer; ti boeroean ngagĕro, saoerna: „Sidin! Amat geuwat ka darieu, aja bangsat!".

Sakoemaha sangka toean de Jager teh ĕnja. Tarodjol aja djělěma bidjil tina kolong randjang, awakna boeligir, teu dibadjoe. Tapi kakara arek nangtoeng geus kĕrĕwĕk koe toean de Jager hoeloena, bari digeubig-geubigkeun!".

Bangsat teh goegoerindjalan, hajang lepot; tapi pageuh. Serepet matĕk kĕris, sarta rek di tĕwĕkkeun ka toean de Jager. Tapi katjingtjĕtkeun bari saoerna: „Pek! pek! geura tĕwĕk ari wani! Tapi ati-ati deuleu ieu, kĕris poesaka Wirio noe matih tea, katodel saeutik oge sia modar!"

Bangsat teh roempoejoek bae, euweuh tangan pangawasa, ongkoh pageuh deui, boeoekna ditjĕkĕl koe toean kawasa tarik nakĕr.

Sihoreng eta teh oeroet mandor, noe dilĕpas tea, ngaranna Pa Sĕtro. Toean kawasa oeningaeun pisan. Manehna ampoen-ampoenan bari ngalesotkeun kĕrisna.

Saoer toean de Jager: „Heug koe aing dibere ampoen, tapi ke sakeudeung, ari baroedak geus daratang."

Sidin, djongos djeung Amat, koesir, tingtorodjol maroro. Toeloej bangsat teh dibarogod koe doeaan, datang ka teu bisa walakaja. Geus kitoe dĕrĕkdĕk doeanana oendjoekan ka djoeraganana, jen barang ngadenge djoeraganana toeloeng-toeloengan, aja bangsat, aja bangsat, ngagareuwat norodjol ka locar. Barang bidjil, nendjo 2 djělěma laloempat, toeloej diaroedag, tapi lapoer teu kasoesoel. Sanggeus teu bareunang, toeloej njalampeurkeun toean kawasa, sihoreng keur njĕrĕk djělěma.

Toean de Jager mariksa ka Pa Sĕtro noe keur ampoen-ampoenan: „Saha eta noe doeaan teh?"

Walonna: „Doeka!"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Sia teu njaho? ati-ati, sia! Tendjo ieu kĕris Wirio, sakĕtjos oge sia modar. Bedjakeun aing hajang njaho."

„Ampoen, toean! Mangga koe abdi bade dioendjoekkeun.

„Poen Kartoedjono sarĕng Soekiman. Eta teh batoer abdi, njaroempoet di loear. Namoeng ajeuna tarega ka abdi"

„Si bangsat, sia. Pedah tarega ka maneh, kakara dibedjakeun, nja? Make rek ngabaradog doeit aing djeung wani rek nĕwĕk ka aing! Amat pasang kareta! Aing rek koe maneh ka dajeuh, njerenkeun ieu ka poelisi sarta sina neangan noe doea deui."

Teu lila toean de Jager geus gĕrĕdĕg angkat ka dajeuh, lapor ka poelisi. Sadjadjalan dina kareta sarta poĕk deui, eling bae ka omongan Wirio waktoe mihape kĕris ka andjeuna, pokna: „Abdi ngaraos aja alamat, oepami kĕris poesaka dibantoen, kantĕnan di Rawa-Tamtoe aja katjilakaan."

Naha ĕnja eta kĕris teh aja hikmatna kana ngadjaga baja? Na ĕnja kitoe, matak oentoeng djeung matak bagdja ka Wirio?.

Tapi ari toean de Jager mah, ĕmboengeun pĕrtjaja bae manahna: „Ah eta mah ngan kabĕnĕran bae". Tapi ari Wirio mah, eta pang teu djadi kapalingan, tanda hikmatna kĕris bae.

Sakitoe deui toean de Jager manahna narimakeun pisan ka Wirio. Sabab pangna Wirio mihapekeun kĕrisna ka andjeunna, tina manehna sieun aja katjilakaan di kontrak.

Geus peuting pisan toean kawasa soempingna ka boemi toean Assistent-Resident Djĕmbĕr, toeloej ngĕtrokan panto Toean Assistent-Resident teh kakara reup pisan koelĕm tapi goegah. Sanggeus sasaoeran toeloej angkat djeung toean kawasa, ditoetoerkenn koe poelisi doea taroempak koeda.

Di djalan toean de Jager laloeasa pisan, njarios ka toean Assistent-Resident, pĕrkara diasoepan bangsat teh, ti awal nĕpi ka ahir; ka kĕris-kĕris Wirio ditjarioskeun.

Saoer toean Assistent-Resident: Enja mindĕng nakĕr bangsa poesaka-poesaka teh sok aja anehna, meusmeus beh siga aja toeloengna, padahal estoe kabĕnĕran bae. Sakapeung mah aja matak seurina, wĕt saoetak-saeutik teh padjar watĕk poesaka. Tapi ari tarima ka mandor Wirio mah rĕmpoeg. Waktoe manehna nitipkeun eta kĕris, tembong nakĕr wiatna rek ngadjaring kasalmĕtan andjeun. Katoeroeg-toeroeg ka hareup, eta poesaka goena pisan."

„Goena koemaha?".

„Tangtoe moal aja deui bangsat anoe wani asoep ti peuting ka boemi andjeun. Oerang kampoeng, geura ĕngke koe andjeun kaoeninga, tangtoe sarieuneun koe eta kĕris, tina sakitoe anehna, bisa noeloengan pitjilakaeun gĕde. Tangtoe sarieuneunnana koe andjeun leuwih ti katoekang; bangsat-bangsat moal aja noe wanieun deukeut, sabab bangsat-bangsat teh, kalolobaanana ahli bid'ah bae."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Saoer toean de Jager: „Pĕrtjantĕn pisan, moal lĕpat kitoe. Djadi koering koedoe narimakeun ĕnja-ĕnja ka poen Wirio teh."

Katjaritakeun eta toean-toean saroemping ka boemi toean kawasa, sarta teu lila oepas noe doea tea daratang, deui. Gantjang Pa Sĕtro dipariksa koe toean Assistent-Resident, ngambat ka batoerna noe doeaan tea. Geus kitoe diserenkeun ka oepas. Pek diborogod dibawa ka dajeuh, diasoepkeun ka boei

Toean de Jager tina liwat waktoe, geus teu hajangeun deui sare, toeloej ngadjadjapkeun toean Assistent-Resident ka dajeuh soempingna deui ka kontrak, poekoel lima isoek-isoek, keur nongtrongan kohkol, ngahiakeun koeli-koeli kana digawe.

Isoek-isoek harita geus narĕkab bedja ka kontrak sedjen djeung ka dajeuh, jen boemi toean kawasa diaboesan bangsat, tapi bangsatna beunang Biasa bedja sok diĕnolan tea, komo kĕris poesaka Wirio mah, lain dikieuna katjaritakeunana. Koeli-koeli di Rawa-Tamtoe komo njaritakeun kĕris poesaka gĕde pisan dangiangna, matak ngoentoengkeun kana kontrak, malah toean kawasa teh koedoe gĕde tarimana ka Wirio. Ti barang Wirio datang ka kontrak Rawa-Tamtoe. salamĕt sarta gĕde kaoentoe nganana djeung kahoeroean goedang djĕmpe, teu aja deui kadjadian.

Heuleut doea poë si Kartoedjono djeung si Soekirman katangkĕp. Barang peuting eta ngadenge riboet-riboet bioer bae kaboer ka djalan ka Basoeki. Tapi tina seukeutna poelisi, doeanana katjĕrĕk.

Sanggeus saboelan diboeina dilandraad. Mimitina mah moengkir, tapi kapeupeuh koe Pa Sĕtro, toengtoengna ngakoe.

Pa Sĕtro dihoekoem 5 tahoen, noe doeaan deui tiloe tahoen sewang kĕrdja paksa didjĕro rante. Tiloeanana diboeang ka Atjeh.

Sanggeus eta tiloe djĕlĕma dihoekoem, kontrak Rawa-Tamtoe djeung sakoeliah Djĕmbĕr salamĕt sarta karĕta, sabab eta bangsat tiloe teh katjida dipikasieunna.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

XII.

PANOETOEP.

Wirio saanak bodjona, pĕrmisina saboelan teh kapake kabeh. Diakoe didama-dama pisan koe kabeh sobat-sobatna di Wangkal, geus kitoe koe baraja-barajana di Galagah. Katjida diparisonona. Wirio soeka ati pisan nendjo oerang Wangkal haroerip deui. Meunang doea oesoem teh diboeatna aroentoeng bae; kasoesah-kasoesah katoekang teh, lĕs bae poho, kalindih koe kasĕnangan. Ngan aja keneh kakoeranganana, nja eta Wirio hajang balik deui ka Wangkal, sabab mindĕng pisan aja karĕrĕpĕt, di Wangkal euweh pisan noe ŧeunang dikoemahaan.

Sarerea pada maroentangan, soepaja Wirio gantjang-gantjang balik. Sawahna ajeuna mah geus lĕpas ti toean pabrikna, sarta Wiriona dina doea tahoen teh, geus loba tjengtjelenganana, tangtoe bisa hiroep noe pantĕs.

Tapi Wirio mah teu sanggoep kitoe-kieu, sabab pikirna hajang oendjoekan ka toean de Jager, moal hade djoldjol lĕp bae, koeja balik ka leuwi. Tapi sobat-sobatna teh hajang ĕntong lila-lila, di mana geus diboeat noe kasanghareupan ieu bae, Wirio teh koedoe balikna Djĕlĕma-djĕlĕma oerang Wangkal kabeh saranggoep mangnjawahkeun, soepaja di mana Wirio balik, boga piběkĕleun.

Sanggeus beak pĕrmisina, Wirio balik, datangna ka Rawa-Tamtoe boerit. Di djalan meunang tjarita, jen toean kawasa kaasoepan bangsat, tapi koerang tetela pisan, koe sabab eta tjape-tjape oge, sore eta keneh tĕroes bae ngadeuheus ka doenoenganana, karana tangtoe ti dinja mah tĕrang pisan.

Toean de Jager katjida soeka atina, dideuheusan koe Wirio teh, lahirna: „Wirio meureun geus meunang bedja, jen aja bangsat asoep ka imah, meh bae kami dipaehan. Moen heug euweuh kĕris maneh, koemaha mah! Kaeusian tĕroes rasa maneh teh. Katjida kami tarimana koe maksoed maneh. Koe naon aing nja moelang tarima, maneh sakitoe hadena gawe ka kontrak."

„Sajaktosna abdi noe kĕdah moelang tarima ka Gamparan," pioendjoek Wirio. „Gamparan njandak abdi waktos abdi keur teu gadoeh kabina-bina kĕdah koeli ti endjing doegi ka sontĕn, keur dina pot-potan pisan."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Tapi eta koeli anoe malarat pisan teh geuning djadi mandor hade, njontoan kahadean ka noe sedjen. Noe karagoengan, komo toean kawasana, tarima pisan. Isoek pageto oge, tangtoe maroelang tarima ka maneh."

Pioendjoek Wirio: „Sanes kitoe gamparan, abdi mah moeng digawe sakamistian abdi bae. Ajeuna kontrak madjéng, lantaran eta bae, kĕris poesaka. Nja kitoe deui bangsat doemadakan kaoeninga sarĕng gamparan wiloedjĕng, teu tiwas, eta lantaran kĕris keneh bae."

Toean de Jager mesém, keukeuh teu ngandél kana hikmatna poesaka mah, lahirna: „Koemaha bae eta mah. Anoe poegoeh mah maneh Wirio, anoe matak rahajoe ka ieu kontrak teh, koe sabab eta kami moal poho-poho, tarima ka maneh. Ajeuna mah ieu kĕris maneh, moelangkeun. Teu sjak deui, ieu kĕris ngoentoengkeun ka maneh. Da leungeun pa Sĕtro teh mani leuleus bae, barang ieu kĕris dioengkoelkeun teh. Aja oendjoekan naon deui, Wirio?"

„Soemoehoen timbalan, aja pisan pioendjoekeun teh, moeng meh-meh teu wantoen pok."

„Pok bae! Ĕntong asa-asa, soegan bae kami bisa noeloeng."

„Sobat-sobat abdi di Wangkal, mani maroentangan ka abdi, harojongeun abdi wangsoel ka Wangkal ajeuna, saparantos diboeat."

„Rek pĕrmisi deui sanggeus lima boelan? Moen pĕrloe pisan mah teu naon-naon. Diidinan koe kami."

Sanes kitoe. Doeloer-doeloer abdi di Wangkal, panĕdana abdi wangsoel tĕras ka Wangkal. Sarĕng saestoena abdi oge hajang wangsoel ka bali geusan ngadjadi Moegi-moegi gamparan hĕnteu bĕndoe, oepami abdi ĕngke saparantos diboeat, njoehoenkeun ka loear ti gamparan!"

„Aeh-aeh, Wirio, matak kaget ĕnja, djang. Na koenaon maneh teh? Naha teu bĕtah deui di Rawa-Tamtoe? Naha, aja noe matak teu ngeunah ka maneh, di dieu? Atawa koerang gadjih, soegan? Pok bae omongkeun; koe kami ĕngke ditoeloeng. Tapi ari ka locar ti kontrak mah, katjida teuing."

„Bo, noehoen pisan kana pangasih gamparan. Abdi teh barangdaměl di dieu, rĕsĕp sarĕng langkoeng-langkoeng abdi nja noehoen, keur sakitoe waloeratna ladjĕng dipasihan padamĕlan koe gamparan. Namoeng ajeuna, sawah abdi parantos lĕpas, artos sakintĕnkintĕnna, aja koernia gamparan, abdi teh gadoeh. Doepi kahajang abdi pang-pangna, hajang wangsoel ka lĕmboer bade njĕnangkeun awak, sarĕng doeloer-doeloer abdi sadaja di Wangkal ngantosngantos abdi bae. Malah pikeun kahiroepan abdi ka pajoen parantos disajagikeun koe abdi-abdi oerang Wangkal teh. Sawah pisan, gadoeh abdi, parantos dipanjamboetkeun. Koe margi eta, sadaja-daja abdi teh, moegi diwidian bae wangsoel, hawatos koe noe ngarantos. Moeng aja sapĕrkgwis bae, anoe abdi kapaksa kĕdah lami teh di dieu!".

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Naon, Wirio?".

„Sieun digalih koe gamparan, abdi koerang tarima, oepami nilar kontrak teh".

„Wah, moal! sagala noe geus kadjadian, salawasna kami moal poho, jen kasalamĕtan djeung kamadjoean ieu kontrak, eta lantaran maneh. Oepama rek ngarah soepaja maneh tĕtĕp tea di dieu, poegoeh ngan baris kaoentoengan kontrak bae. Kadoeana, sabab kami njaho, sadjaba ti pagawean maneh hade teh, djeung sagala pĕrkara satĕmĕn-tĕmĕnna. Maneh geus jakin, jen kĕris poesaka noe ngoentoengkeun ka maneh, tapi kami mah nĕtĕpkeun poegoeh lantaran kasatiaan djeung kabageuran maneh bae. Ajeuna kami teu rek ngahalang-halang ka maneh, sanadjan kami beak handjakal, tapi kapaksa koedoe ngidinan maneh balik ka lĕmboer sorangan, sabada biboeat Tapi maneh koedoe njombo ka kami, eta bae anak maneh noe panggĕdena sina tjitjing di dieu. Koe kami rek disakolakeun naon-naon, ĕngkena rek didjieun mandor, meureun tjara maneh bae, daek digawe beunang dipĕrtjajana djeung toehoena.

„Oedjoek soemangga pisan", pioendjoek Wirio. „Eta mah estoe bagdja agĕng, poen anak ditjandak koe gamparan. Ari kitoe mah abdi teh moal soemĕlang teuing, nilar kontrak teh, rehna djoeragan kawasa nganggĕp abdi nirtja ti dieu teh, sanes djĕlĕma kirang panarima".

Dalapan boelan ti harita, di Wangkal aja raramean gĕde pisan, kakara bae aja raramean sakitoe gĕdena, sihoreng mestakeun Wirio datang deui, balik ka bali geusan ngadjadi. Oerang Wangkal teh boga rasa asa boga deui bapa, saloeoehaneun sagala pangaboetoeh.

Hareupeun imahna, aja balandongan dipoetjoek, pinoeh koe ban dera laleutik djeung roepa-roepa kĕrĕtas papaes. Dina loehoereun pangdioekan Wirio djeung pamadjikanana aja kĕris, nja eta si poesaka tea, pinoeh koe kĕkĕmbangan sareungit.

Euweuh saoerang, noe ingĕt kana balai noe geus kasorang teh.

Kabeh pada pĕrtjaja. jen baris ngahareupan bagdja, sabab kĕris poesaka ajeuna datang deui, noe baris nangtajoengan njinglar saroepaning katjilakaan sarta matak bagdja ka Wirio saanak pamadjikanana. Eta djĕlĕma-djĕlĕma kabeh pada saroeka ati.

Eta kapĕrtjajaan oerang lĕmboer, koe oerang oelah ditjatjampah nadjan oerang ĕnja tjotjog kana manahna toean de Jager, geuning lahirna: „Wirio pangbagdjana teh tina daekna digawe, toehoe djeung saestoena. Koe lantaran njontoan hade djeung toetoeloengna, djadi ngabogaan hikmat bisa matak bagdja ka noe sedjen."

Moegi-moegi bae eta djĕlĕma pandjang oemoerna, bisa lila ngadjaring lĕmboer Wangkal.

TAMAT.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google


Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020676502
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY